



Manyèl Fanmi ak Elèv

Klas Jadendanfan-7

Brooke Charter School Roslindale

190 Cummins Highway
Boston, MA 02131
Telefòn: 617-325-7977
Faks: 617-325-2260

<http://www.ebrooke.org/replicating-the-model/brooke-roslindale/>

Brooke Charter School Mattapan

150 American Legion Highway
Boston, MA 02124
Telefòn: 617-268-1006
Faks: 617-474-4612

<http://www.ebrooke.org/replicating-the-model/brooke-mattapan/>

Brooke Charter School East Boston

94 Horace Street
Boston, MA 02128
Telefòn: 617-409-5150
Faks: 617-567-5295

<http://www.ebrooke.org/replicating-the-model/brooke-east-boston/>

VI:

Akòz nati inik nan ane lekòl aktyèl la, fanmi yo ak elèv yo ta dwe konnen ke kèk enfòmasyon nan manyèl elèv ak fanmi ki anba a ka kòrèk. Nou te eseye konpile yon addendum nan chanjman politik akòz COVID-19 nan addendum final la nan dokiman sa a; sepandan, dokiman sa a pa kouvri tout chanjman pwogramatik ak politik ki nesèsè pou adrese kijan nou dwe chanje lekòl pandan pandemi aktyèl la. Chanjman adisyonèl ka vini tou pandan ane lekòl la ap pwogrese pandan nap aprann epi adapte nou ak sikonstans nou ye kounye a. Nou mande fanmi yo konpreyansyon ak pasyans pandan nou tout ap travay nan sa ansanm. Si nenpòt ki lè yon fanmi gen yon kesyon sou yon politik Brooke, yo ta dwe kontakte lekòl pitit yo dirèkteman pou chèche klè.



Ko-Direktè,
Brooke Charter School
Jon Clark
Kimberly Steadman

Direktè,
Brooke Roslindale
Meghan Parquette

Direktè,
Brooke Mattapan
Abigail Waldman

Direktè,
Brooke East Boston
Elza Mathieu

Direktè,
Brooke Eighth Grade Academy
Danielle Blair

Direktè,
Brooke High School
Kimberly Steadman

Chè Fanmi Brooke yo:

Se yon onè pou nou akeyi w nan Brooke Charter School. Pou nouvo paran nou yo, byenveni nan kominote lekòl nou an, e pou paran ka p retounen yo, byenveni ankò nan yon nouvo ane lekòl! Nou konnen ke siksè nou kòm yon lekòl depann de sipò paran nou yo, e nou paka tann pou nou fòme oswa kontinye yon patenarya pozitif avèk nou chak. Nou atann anpil nan men manm kominote Brooke yo, e an retou nou mèt espere anpil nan men nou.

Paj ki annapre yo pra l ede w familiarize avèk pwosedi lekòl la, règleman, ak pratik yo e yo dwe sèvi kòm yon resous pou elèv ak paran yo depi premye jou a jiska dènye a. Pandan ke nou paka di ke manyèl sa a pra l reponn tout kesyon w yo, nou konnen ke gen anpil bon enfòmasyon ladann, kidonk tanpri pran tan pou w li l byen. An reyalyte, li l de fwa oswa menm twa fwa, epi silvoulè mete li yon kote ki an sekirite pou w kapab fè referans avèk li pandan ane lekòl la. Nan manyèl sa a wa p aprann yon pakèt bagay diferan konsènan Brooke Charter School. Ou pra l aprann de estrikti lekòl la, règleman nou genyen sou plas, ak sa nou atann de manm nan kominote lekòl nou an.

Si ou ta gen nenpòt kesyon, tanpri santi w alèz pou w mande nenpòt pwofesè oswa manm pèsònèl la.

Sensèman,

Pèsònèl ak Anplwaye
Brooke Charter School

LEKÒL LA.....	6
Yon apÈsi.....	6
MISYON NOU.....	6
FILOZOFI NOU: LIDÈCHIP AK ResponsABLITE	6
GouvÈnans.....	6
KÒD KONDWIT	8
Anviwonman ki Gen Lòd e ki pa Danjere	8
Ofans DisiplinÈ ki gen rapÒ avèk lekÒl.....	8
Règleman Sispansyon.....	8
Definisyon	9
<i>Ekspilsyon.....</i>	9
<i>Sispansyon Nan-Lekòl (ISS).....</i>	9
Sispansyon nan- lekòl	9
Sispansyon Alontèm (LTS).....	9
<i>Sispansyon tèm Kout (STS).....</i>	9
<i>Ofans Legal yo</i>	10
<i>Ofans ki pa Legal yo.....</i>	10
Sispansyon: Règleman Jeneral ak Pwosedi	10
Pwosedi Regilye pou Sispansyon	10
Disiplin Elèv ak Pwosesis Regilye pou Ofans Legal yo	11
<i>Sispansyon: Move kondwit ki enplike Zam, Dwòg, Vyolans.....</i>	11
<i>Sispansyon: Move kondwit ki enplike Krim oswa Krim Delenkans</i>	12
<i>Ekspilsyon: Move kondwit dapre MGL c. 71 §37H oswa MGL c. 71 § 37H ½.....</i>	12
<i>Kontinyasyon Sèvis Edikasyon.....</i>	13
Disiplin Elèv ak Pwosesis Regilye pou Ofans ki pa Legal	13
<i>Klas Jadendanfan-2</i>	13
<i>Klas 3-5.....</i>	13
<i>Klas 6-8.....</i>	14
<i>Pwomnad</i>	15
<i>Falsifikasyon</i>	15
<i>Avi sou Sispansyon ak Odyans Anba MGL c. 71 §37H¾</i>	16
<i>Dwa sou Odyans Anba MGL c. 71 § 37H¾.....</i>	17
<i>Sèvis Pandan Peryòd Ranvwa ak Plan Sèvis Edikasyon Lekòl la.....</i>	20
RÈGLEMEN SOU EKSPILSYON.....	21
Entwodiksyon	21
Ekspilsyon – Definisyon.....	21
Ranvwa nan Klas oswa Lekòl.....	21
Pwosesis Regilye pou Ekspilsyon ak Sèvis pandan Ekspilsyon.....	22
<i>Entwodiksyon.....</i>	22
<i>Avi pou Elèv ak Dwa Paran Anba MGL c. 71 §37H ak c. 71 §37H½.....</i>	22
<i>Pouvwa Ko-Direktè pou Anile Ekspilsyon.....</i>	23
<i>Sèvis Edikasyon Pandan Peryòd Ekspilsyon</i>	23
<i>Plan sèvis Edikasyon Lekòl la.....</i>	24
MEZI DISIPLINÈ POU ELÈV KI GEN BEZWEN ESPESYAL.....	24

Chanjman Plasman	24
Dwa pou Apèl	25
Mezi Disiplinè pou Timoun ki ka Andikape men ki pa gen IEP	25
Elèv ki Andikape anba Seksyon 504.....	26
KOLEKSYON DONE SOU EKSPILSYON AK SISPANSYON ELÈV AK RAPÒ	26
ITILIZASYON KONTRENT FIZIK.....	27
PWOSESIS POU KONPLENT.....	28
LAVI ELÈV CHAK JOU: NAN KLAS LA	29
règleman pou prezans.....	29
Life Work (devwa).....	30
jwÈt.....	30
rÈgleman pou abiman	30
orÈ elÈv yo.....	31
Lè Jounen Lekòl la	31
konpòtman nan koulwa.....	32
konpòtman nan twalèt	32
evalyasyon.....	33
Rapò Pwogrè, Kat Rapò, ak reyinyon paran-lekòl.....	33
rÈgleman pwomosyon	33
DEVLOPE SEKIRITE AK SANTIMAN SEKIRITE	35
kanpous fÈmen	35
rÈgleman pou vizitÈ	35
rechÈch elÈv	35
pwosedi sekirite kont dife	35
ENFÒMASYON JENERAL LEKÒL LA.....	36
enfòmasyon kontak Brooke Charter School.....	36
Brooke High School & 8 th Grade Academy.....	36
jou lekòl.....	36
itilizasyon telefòn pa elÈv yo	36
kominikasyon fanmi.....	37
entegrasyon paran.....	37
pwopriyete ki pÈdi oswa yo vÒÈ.....	38
Transpòtasyon	38
dejene ak manje midi nan lekòl la.....	41
dosye medikal ak sÈvis sante	42
Blesi nan Tèt ak Règleman pou Chòk.....	44

dosye eIÈv	44
Non-diskriminasyon	45
eIÈv ki gen bezwen espesyal	45
ASÈLMAN	46
Brimad	49
INFÒMASYON TEKNOLOJI (it): rÈgleman itilizasyon	51
Itilizasyon ki apwopriye: Deklarasyon Règleman	51
Entènèt la	51
Gid pou Itilizasyon ki Apwopriye	51
Otorizasyon Itilizasyon pou Paran/Gadyen	54
ANÈKS	55
ANÈKS A: RÈGLEMEN ENTEGRASYON PARAN BROOKE CHARTER SCHOOL	56
ANÈKS B: BROOKE CHARTER SCHOOL TIT I PLAN TOUT LEKÒL LA	58
ANÈKS C: TIT I RÈGLEMEN SIPLEMAN MEN PA RANPLASMAN	63
ANÈKS D: DWA PARAN ANBA LWA EDIKASYON ESPESYAL YO	64
ANÈKS E: RÈGLEMEN BYENNÈT BROOKE CHARTER SCHOOL	65
ANÈKS F: PWOGRAM NITRISYON ESKOLÈ A NAN BROOKE CHARTER SCHOOLS	68
ANÈKS G: PWOGRAM NITRISYON ESKOLÈ A NAN BROOKE CHARTER SCHOOLS ...	72
ANÈKS H: ENTIMIDASYON AK RÈGLEMEN PREVANSYON	73
ANÈKS I: KONTRA RESPONSABLITE MITYÈL	80
ANÈKS J: POLITIK POU PREVANSYON KONSOMASYON DWÒG AK ALKÒL	81
ANÈKS K: RÈGLEMEN KONTRENT FIZIK	84
ANÈKS L: CHÒK NAN TÈT AK PREVANSYON CHÒK AK JESYON PWOTOKÒL	91
ANÈKS M: LWA SOU VI PRIVE AK DWA EDIKASYON FANMI (FERPA)	96
ANÈKS N: REKONESANS POU AKSÈ NAN MANYÈL LA	98
ANÈKS O: RÈGLEMEN BROOKE CHARTER SCHOOL EAST BOSTON	99
ENDIS COVID 2020-2021	102

LEKÒL LA

YON APÈSI

Fonde nan ane 2002, Brooke Charter School se yon rezo ki gen twa lekòl piblik chatè soti nan Jadendanfan - 8yèm ane ki gen bonjan pèfòmans nan katye Roslindale yo nan Boston, Mattapan ak East Boston, ak yon lekòl segondè. Misyon Brooke se pou l bay elèv nan vil Boston ak Chelsea yo yon edikasyon akademik ki solid ki pral pèmèt yo prepare pou yo ale ak reyisi nan kolèj. Li pote non Senatè Edward W. Brooke III, premye Ameriken Afriken ki te eli pa vwa popilè nan Sena Etazini, estrateji Lekòl la se pou konsantre sou devlope ansèyman ekselan nan yon seri estanda aprantisaj ki solid ak detaye pou Jadendanfan - 8.

An Fevriye 2016, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts te apwouve konsolidasyon chatè yo nan Brooke Charter School Roslindale, Brooke Charter School Mattapan and Brooke Charter School East Boston nan yon sèl franchiz e yo te otorize ekspansyon nan nivo klas yo pou yo enkli yon lekòl segondè ki gen klas 9-12. Li pral gen yon maksimòm enskripsyon 2,221 k ap kòmanse apati 1jyè , 2016.

MISYON NOU

Misyon Brooke Charter School yo se pou bay elèv nan vil Boston ak Chelsea yo yon edikasyon akademik ki solid ki pral asire ke yo prepare pou ale ak reyisi nan kolèj.

FILOZOFI NOU: LIDÈCHIP AK RESPONSABLITE

Brooke Charter School yo baze sou lidèchip ak responsablite, e nou kwè ke poto mitan siksè a se patenarya ant lekòl ak fanmi. Nou konnen ke enpak pozitif nou genyen nan lavi etidyan nou yo posib sèlman lè lekòl ak kominote lakay la ap travay ansanm pou reflekte menm valè yo. Nou kwè nan atant ki wo, nan toude akademik ak konpòtman elèv nou yo, e nou pral travay pi di pou nou asire ke elèv nou yo satisfè nòm sa yo. Nou konnen ke ou te chwazi Brooke paske ou gen menm gwo estanda sa yo pou pitit ou epi ou vle travay avèk nou pou w elaji siksè lekòl pitit ou.

Kontra Responsablite Mityèl yo ([gade Anèks G 1](#)) eksplike responsablite lekòl la, fanmi an, ak elèv la nan ane ka p vini an. Kontra a egziste pou l kapab asire ke nou tout te diskite responsablite nou an detay, konprann egzijans yo antrene, ak prepare pou aksepte responsablite sa yo epi responsab pou egzekite yo. Kontra a se pa yon lis konplè sa ki dwe fèt, men li reprezante eleman esansyèl yon pwogram akademik ki reyisi. Li pa sèvi sèlman kòm yon temwayaj angajman nou tout dwe pran an, men kòm yon akseptasyon angajman sa a tou. Nou mande pou paran/gadyen, elèv yo, ak yon reprezantan Brooke Charter School pou siyen kontra a lè yo enskri nan lekòl la. Kontra a dwe rete an aplikasyon pou dire enskripsyon elèv la nan Brooke Charter School.

GOUVÈNANS

Lekòl yo reji pa yon Komisyon Konsèy ki pote pèspektiv paran, kominote, edikasyon ak pwofesyonèl ki pou kenbe yon lekòl dirab ak pwospere. Manm Komisyon Konsèy la gen ladann:

Mesye LaRoy Brantley, Trezorye	Direktè Jesyon, Cambridge Associates
Mesye Alex Finkelstein	Asosye Komandite, Spark Capital
Madan Joanna Jacobson	Patnè Jesyon, Strategic Grant Partners
Madan. Lauren Kushman	Direktè, New School Venture Fund
Mesye Charles H. Ledley	Analist, Highfields Capital Management
Mesye Scott Oran, Prezidan Konsèy	Fondatè ak Direktè Jesyon, Dinosaur Capital Partners
Jon Clark, manm	Ko-Direktè, Brooke Charter School
Kimberly Steadman, manm	Ko-Direktè, Brooke Charter School

KÒD KONDWIT

ANVIWONMAN KI GEN LÒD E KI PA DANJERE

Brooke Charter School angaje absoliman pou l bay yon anviwonman ki gen lòd e ki pa danjere kote elèv yo kapab devlope siksè akademik yo. Elèv ki gen konpòtman ki pa satisfè kominote lekòl la nan estanda ki defini klèman konpòtman akseptab ak rezonab yo pa p kapab kontrarye edikasyon lòt yo.

San yon disiplin fèm ak konsistan, okenn nan sa nou anvizaje pou lekòl la pa p kapab rive. Elèv ak fanmi yo gen yon dwa pou yo patisipe nan yon lekòl ki gen lòd ak sekirite. Kidonk, nou paka fini mete anfas sou enpòtans pou nou bay règleman disiplin ki fèm ak konsistan.

Seksyon ki annapre yo ki genyen kòd Kondwit Brooke Charter School la pra l dekri konpòtman elèv yo ke lekòl la konsidere ki pa apwopriye oswa ki pa akseptab. Dispozisyon ki annapre yo tou pral detaye pwosedi ki pou detèmine konsekans elèv yo ka rankontre pou vyolasyon Kòd Kondwit la.

OFANS DISIPLINÈ KI GEN RAPÒ AVÈK LEKÒL

Seksyon ki annapre yo dekri ofans disiplinè ki gen rapò ak lekòl la pou ki yon elèv kapab sijè a konsekans ki gen ladann, men pa limite sèlman nan, pèdi privilèj, detansyon, sispansyon oswa ekspilsyon. Ofans ki idanfye nan seksyon anba yo pa konplè, epi Brooke Charter School gen dwa pou l detèmine konsekans pou chak vyolasyon Kòd Kondwit la.

Yon ofans disiplinè ki gen rapò ak lekòl la refere a vyolasyon kòd sa a ki rive:

- Pandan elèv la nan lekòl la;
- Pandan elèv la pa nan lekòl la, men rezilta pètibasyon an deranje anviwonman aprantisaj la oswa Kominote Brooke;
- Pandan yon aktivite lekòl la patwone, evènman, oswa vwayaj;
- Nan otobis lekòl la ak nan ale vini nan lekòl la;
- Pandan evènman ki konekte ase avèk lekòl la; oswa
- pandan kominikasyon mesaj asèlman nan telefòn selilè oswa tout fòm medya sosyal.

RÈGLEMAN SISPANSYON

Brooke Charter School konfòme avèk règleman ak pwosedi ki etabli nan MGL c. 71 § 37H, 37H ½, ak 37H ¾, MGL c. 76 § 21, ak 603 CMR 53.00 konsènan disiplin elèv. Daprè atik 603 CMR 53.02, Komisyon Konsèy la afime ke Dwayen Elèv yo ka sèvi kòm reprezantan pou Direktè a nan bi pou yo aplike dispozisyon ki gen rapò avèk 603 CMR 53.00. Apresa, yo dwe konsidere tèm "Direktè" kòm ranplasan tèm "Dwayen Elèv yo" lè ya p diskite règleman ak pwosedi ki gen rapò avèk disiplin elèv anba 603 CMR 53.00.

Nan tout ka move kondwit kote yo ka bay sispansyon, yon direktè pral itilize pwòp jijman li pou l deside konsekans pou ofans la; nan konsidere fason pou l re-angaje elèv la nan aprantisaj; ak evite itilize sispansyon alontèm nan lekòl la kòm yon konsekans jiskaske li eseye lòt altènativ yo.

Altènativ yo ka enkli itilizasyon estrateji ki baze sou prèv ak pwogram tankou meditasyon, rezolisyon konfli, jistis restorative, ak entèvansyon pozitif ak sopò.

Nan tout ka move kondwit elèv kote yo ka enpoze sispansyon oswa ekspilsyon, yon direktè gen dwa egzèsè diskresyon nan deside konsekans ofans la; konsidere fason pou re-angaje elèv la nan aprantisaj; ak evite itilize sispansyon alontèm lekòl la kòm yon konsekans jiskaske yo eseye yon altènativ. Altènativ yo ka enkli itilizasyon estrateji ki baze sou prèv ak pwogram tankou medyasyon, rezolisyon konfli, restorasyon jistis, ak entèvansyon pozitif ak sipò.

Pa gen anyen nan atik 603 CMR 53.00 oswa règleman anba yo ki ka anpeche yon administratè mennen yon ankèt, enkli entèvyou elèv, nan yon ensidan disiplinè ki gen rapò ak lekòl la.

Definisyon

Ekspilsyon

Ekspilsyon vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la, aktivite regilye nan klas yo, ak aktivite nan lekòl la pou plis pase 90 jou lekòl, endefiniman, oswa pou toutan, jan yo pèmit li anba MGL c. 71, § 37H or 37H½.

Sispansyon Nan-Lekòl (ISS)

Direktè a ka itilize sispansyon nan lekòl kòm yon altènativ pou sispansyon tèm kout pou ofans disiplinè yo.

Sispansyon nan-lekòl

Sispansyon nan-lekòl vle di retire yon elèv nan aktivite regilye klas li, men pa nan lokal lekòl la, pou pa plis ke dis jou youn apre lòt, pou plizyè ofans pandan ane lekòl la. Sèlman retire elèv la nan patisipasyon nan aktivite an deyò pwogram regilye yo oswa evenman lekòl la patwone, oswa toude, pa dwe konte kòm ranvwa nan kalkil jou lekòl yo. Sispansyon nan-lekòl pou dis jou oswa mwens, youn apre lòt oswa yon fason akimile pandan yon ane lekòl, pa dwe konsidere kòm yon sispansyon kout-tèm. Si yo mete yon elèv nan sispansyon nan-lekòl pou plis pase dis jou, youn apre lòt oswa akimile pandan yon ane lekòl, yo dwe konsidere sispansyon sa a kòm alontèm pou pwosesis regilye, apèl, ak objektif bay rapò.

Sispansyon Alontèm (LTS)

Sispansyon alontèm vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak aktivite regilye klas li pou plis pase dis jou youn apre lòt, oswa pou plis pase dis jou akimile nan lekòl la pou plizyè ofans disiplinè nan nenpòt ane lekòl. Yon direktè kapab nan desizyon li kite yon elèv sèvi yon sispansyon alontèm nan lekòl la. Retire li sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò lekòl yo oswa evenman lekòl la patwone, oswa toude, pa dwe konte kòm ranvwa lè ya p kalkile jou lekòl yo. Eksepte pou elèv yo akize avèk vyolasyon disiplinè ki etabli nan atik MGL c. 71, § 37H (a) oswa (b), or MGL c. 71, § 37H ½ yo pa dwe mete okenn elèv nan sispansyon alontèm pou youn oswa plis ofans disiplinè pou plis pase 90 jou lekòl nan yon ane kòmmanse nan premye jou yo te retire elèv la nan lekòl la. Okenn sispansyon pa dwe depase fen ane lekòl kote yo te bay sispansyon an.

Sispansyon tèm Kout (STS)

Sispansyon tèm kout vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak aktivite regilye nan klas li pou 10 jou konsekitif oswa mwens. Yon direktè gen dwa dapre jijman li, pèmèt elèv la sèvi yon sispansyon tèm kout nan lekòl la. Retire l sèlman nan patisipasyon aktivite andeyò lekòl yo oswa nan aktivite lekòl la patwone, oswa toude, pa dwe konsidere kòm ranvwa nan kalkile jou lekòl yo.

Ofans Legal yo

Daprè MGLc.71, § 37H oswa 37H½, yon elèv ka resevwa sispansyon oswa ekspilsyon pou ofans legal ki annapre yo.

- a) posesyon yon zam ki danjere;
- b) posesyon yon sibstans kontwole;
- c) agresyon sou yon manm pèsònèl edikatif la; oswa
- d) yon akizasyon krim oswa plent kriminèl oswa kondanasyon, oswa desizyon oswa admisyon nan kilpabilite ki gen rapò ak krim sa a, si yon direktè detèmine ke prezans kontinyèl yon elèv kontinye gen yon move efè sou byennèt jeneral lekòl la, jan li mansyone nan MGL c. 71, § 37H oswa 37H½.

Yon elèv ka resevwa yon sispansyon oswa ekspilsyon pou youn nan ofans legal ki sou lis anwo a pou yon peryòd ki depase katrevendis (90) jou.

Ofans ki pa Legal yo

Daprè MGL c. 71, § 37H¾, yon elèv ka sijè a sispansyon pa Direktè a pou nenpòt lòt ofans ki pa kouvri anba MGL c. 71, § 37H oswa 37H½. Lwa eta entèdi lekòl yo pou yo sispann yon elèv pou plis pase 90 jou lekòl (total) nan yon ane lekòl pou ofans ki anba MGL c. 71, § 37H¾.

Sispansyon: Règleman Jeneral ak Pwosedè

Nan ka sispansyon, y ap retire elèv la nan klas oswa nan lekòl la e y ap voye l nan Biwo Prensipal la oswa yon lòt kote yo deziyen nan lekòl la, apres, lekòl la ap enfòmè paran oswa gadyen elèv la sou ensidan an.

Tout desizyon Direktè a pran konsènan sispansyon yon elèv pou nenpòt ofans legal anba MGL c.71, §37H ak MGL c.71, §37H½, sijè a revizyon pa Ko-Direktè (yo). Konfòmman a MGL c.71 § 37H ¾, pou nenpòt ofans ki pa kouvri anba MGL c.71, §37H ak MGL c.71, §37H½, yon elèv ka sijè a sispansyon. Sepandan, MGL c.71 § 37H ¾ entèdi lekòl yo pou sispann yon elèv pou plis pase 90 jou (total) nan yon ane lekòl pou ofans ki pa legal yo. Sispansyon yon elèv pou nenpòt ofans anba dispozisyon MGL c.71 § 37H ¾ dwe enplike toude Direktè ak Ko-Direktè (yo).

Efektif 1 Jiyè 2014, nenpòt distri lekòl ki sispann yon elèv dapre MGL c. 71 § 37H, 37H ½, oswa 37H ¾ pral kontinye bay elèv la sèvis edikasyon pandan peryòd sispansyon an, anba seksyon MGL c. 76 § 21. Si elèv la ale nan yon lòt distri nan peryòd sispansyon oswa ekspilsyon an, nouvo distri kote elèv la al rete a pral swa admèt elèv la nan lekòl li oswa bay elèv la sèvis edikasyon nan yon plan sèvis edikasyon.

Pwosedè Regilye pou Sispansyon

Brooke Charter School swiv lwa ak règleman yo konsènan pwosesis regilye pou ranvwa disiplinè ak sèvis pandan peryòd ranvwa yo (Chapit 222 nan Lwa 2012 ak 603 CMR 53.00) Ofans Disiplinè

Elèv ki mennen sispansyon yo sijè a pwosedi pwosesis regilye, ki ka gen ladann avi, odyans, apèl, ak sèvis edikasyon pandan ranvwa. Seksyon ki annapre a bay enfòmasyon sou dwa sa yo.

Tanpri sonje elèv yo gen dwa pou yo reprezante pa yon akoka oswa yon moun elèv la chwazi, sou frè paran/elèv la, nan tout odyans ki gen rapò a disiplin elèv la. Si w ta renmen vini avèk yon avoka nan nenpòt odyans oswa reyinyon nan lekòl la, tanpri enfòmè Brooke Charter School touswit. Si ou pa enfòmè lekòl la avan ou mennen yon avoka nan odyans la, epi avoka Lekòl la pa prezan, konsa Brooke Charter School pral egzèse dwa l pou l anile ak repwogramme reyinyon an pou l asire ke avoka l ka patisipe. Repwogramasyon sa a ka retade odyans oswa reyinyon an, e si se konsa yo pral pwolonje ranvwa disiplinè elèv la jiskaske yo pran yon desizyon apre repwogramasyon odyans oswa reyinyon an. Brooke Charter School avèk prezant sa a enfòmè w ke avoka li ka patisipe nan nenpòt odyans ak reyinyon ki enplike aksyon disiplinè pou yon elèv.

Disiplin Elèv ak Pwosesis Regilye pou Ofans Legal yo

Avi paran/gadyen ak elèv sa a aplike pou move kondwit elèv ki enplike sa ki annapre yo:

1. Zam, dwòg, oswa vyolans sou anplwaye lekòl (MGL c. 71 § 37H).
 - a. Nenpòt elèv yo jwenn nan lokal lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, enkli jwèt espò, ki gen yon zam danjere, enkli men pa limite sèlman nan revolvè oswa yon kouto, ka sijè a ranvwa nan lekòl la pou yon peryòd tan ki ka menm mennen ekspilsyon pa Direktè a.
 - b. Nenpòt elèv yo jwenn nan lokal lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, enkli jwèt espò, ki gen yon sibstans kontwole, tankou, men pa limite sèlman nan marigwana, kokayin, ak ewoyin, ka sijè a ranvwa nan lekòl la pou yon peryòd tan ki ka menm mennen ekspilsyon pa Direktè a.
 - c. Nenpòt elèv ki fè vyolans sou yon direktè, asistan direktè, pwofesè, èd pwofesè oswa lòt anplwaye nan lokal lekòl la oswa nan aktivite lekòl la patwone oswa ki gen rapò avèk lekòl la, enkli jwèt espò, ka sijè a ranvwa nan lekòl la pou yon peryòd tan ki ka menm mennen ekspilsyon pa Direktè a.
2. Chaj kriminèl oswa krim delenkans, rezilta, oswa admisyon (MGL c. 71 § 37H ½).
 - a. Lè yo depoze yon plent kriminèl ki akize yon elèv avèk yon krim oswa lè yo depoze yon plent krim delenkans kont yon elèv, direktè a ka sispann elèv sa a pou yon peryòd tan direktè a jije ki apwopriye (enkli sispansyon endefini) si direktè a detèmine ke prezans elèv la ap gen yon efè endezirab sou byennèt jeneral lekòl la.
 - b. Lè yon elèv kondane pou yon krim oswa sou yon depozisyon oswa admisyon kilpabilite pou yon krim oswa krim delenkans nan tribinal, Direktè a ka ekspilse elèv sa a si Direktè a detèmine ke prezans elèv la ap gen yon efè endezirab sou byennèt jeneral lekòl la.

Sispansyon: Move kondwit ki enplike Zam, Dwòg, Vyolans

Nenpòt elèv yo akize ak nenpòt nan move kondwit konfòmeman a MGL c.71 § 37H gen yon opòtinite pou yon odyans avèk Direktè a. Yo dwe aplike estanda ak pwosedi ki annapre yo:

1. Direktè a oswa reprezantan li dwe bay elèv la ak paran/gadyen li yon avi alekri ki idantifye chaj yo, rezon ranvwa a, ak prèv pou ranvwa a avan pou yo retire elèv la.
2. Direktè a oswa reprezantan li dwe bay elèv la ak paran/gadyen li yon avi alekri ki idantifye dwa odyans elèv la avèk direktè a oswa reprezantan li avan pou yo retire elèv la, enkli dat, lè ak ki kote odyans la ap fèt.
3. Paran oswa gadyen elèv la pral prezan nan odyans la.
4. Nan odyans la, elèv yo ak paran/gadyen yo gen dwa pou yo: vini avèk avoka (sou frè elèv la) prezante prèv, temwen, ak temwayaj, ak kesyone temwen lekòl la prezante.
5. Apre odyans la, Direktè a gen dwa nan jijman li deside pou l sispann olye pou l ekspilse yon elèv li detèmine ki komèt move kondwit ki detaye anwo a.
6. Nan ka grav kote move kondwit elèv la enplike posesyon sibstans ilegal oswa zam, vyolans, kraze brize, oswa vyolasyon dwa sivil yon elèv, detèminasyon Direktè a pou l sispann oswa ekspilse elèv la pral depann de jijman li si l panse prezans elèv la nan lekòl la ap gen yon efè endezirab sou byennèt jeneral lekòl la.

Sispansyon: Move kondwit ki enplike Krim oswa Krim Delenkans

Daprè MGL c. 71 § 37H ½, nenpòt elèv Direktè a sispann apre yon plent kriminèl ki akize elèv la de yon krim oswa apre yon depozisyon plent krim delenkans kont elèv sa a, li gen dwa pou l fè yon apèl kont sispansyon an bò kote Ko-Direktè (yo) – apre “Ko-Direktè (yo).” Yo pral aplike estanda ak pwosesis sa yo:

1. Direktè a oswa reprezantan li pral bay elèv la ak paran/gadyen an yon avi alekri pou idantifye chaj yo ak rezon sispansyon an avan pou sispansyon an antre an vigè.
2. Direktè a oswa reprezantan li pral bay elèv la ak paran/gadyen an yon avi alekri pou idantifye dwa apèl pou sispansyon an bò kote Ko-Direktè (yo), ak pwosesis pou yo fè apèl kont sispansyon an; a kondisyon, sepandan ke sispansyon an rete an vigè avan yo fè nenpòt apèl bò kote Ko-Direktè (yo).
3. Elèv la dwe notifye Ko-Direktè (yo) alekri si l bezwen yon apèl pa pita ke senk jou kalandriye apre dat efektif sispansyon an.
4. Ko-Direktè a dwe fè yon odyans avèk elèv la ak paran li nan espas twa jou kalandriye de lè elèv la fè demann pou apèl la.
5. Nan odyans la, elèv la ap gen dwa pou l prezante temwayaj oral oswa alekri lè l ap pale pou tèt li, e li gen dwa a yon avoka.
6. Ko-Direktè a ap gen otorite pou l ranvèse oswa chanje desizyon direktè a, enkli rekòmande yon pwogram edikasyon altènatif pou elèv la.
7. Ko-Direktè yo dwe pran yon desizyon nan apèl la nan espas senk jou kalandriye de lè odyans la.
8. Desizyon Ko-Direktè (yo) ap final nan Brooke Charter School konsènan sispansyon an.

Ekspilasyon: Move kondwit dapre MGL c. 71 §37H oswa MGL c. 71 § 37H ½

Daprè MGL c.71 § 37H, nenpòt elèv yo akize nan nenpòt move kondwit ki enplike zanm, dwòg, oswa vyolans sou anplwaye lekòl la elèv sa a pral sijè a ekspilasyon pa Direktè lekòl la. Anplis, konfòmeman a MGL c. 71 § 37H ½, apre yo fin kondane yon elèv pou yon krim oswa apre yon rezolisyon oswa yon admisyon kilpabilite nan tribunal konsènan krim delenkans la, Direktè a ka

ekspilse elèv la si l detèmine ke prezans elèv la ap gen yon efè endezirab sou byennèt jeneral Lekòl la.

Tanpri gade nan seksyon ki gen tit **Règleman pou Ekspilyon** nan manyèl sa a, pou w jwenn detay sou pwosedi ak pwosesis regilye pou ekspilyon ak sèvis pandan peryòd ekspilyon.

Kontinyasyon Sèvis Edikasyon

Elèv yo sispann oswa ekspilse anba MGL c. 71 §37H oswa MGL c. 71 § 37H ½ gen dwa pou yo resevwa sèvis edikasyon pandan peryòd sispannyon oswa ekspilyon an anba Plan Sèvis Edikasyon Brooke Charter School, ki dekri anba a. Si elèv la soti nan lekòl chatè a ak/oswa ale nan yon lòt distri pandan peryòd sispannyon oswa ekspilyon an, nouvo distri/lekòl/distri kote li rete a pral swa admèt elèv la nan lekòl li oswa bay sèvis edikasyon anba nouvo lekòl la oswa plan sèvis edikasyon distri a.

Disiplin Elèv ak Pwosesis Regilye pou Ofans ki pa Legal

Seksyon ki annapre yo adrese vyolasyon Kòd Kondwit Elèv ki ka garanti sispannyon konfòmman avèk MGL c. 71, § 37H¾.

Klas Jadendanfan-2

Elèv ki nan klas Jadendanfan-2 kapab resevwa yon sispannyon pou zak flagran derespektan oswa mepriz, oswa si yo resevwa twa vyolasyon kominotè nan yon jou oswa kat vyolasyon kominotè nan yon semèn. Si yon elèv komèt youn nan vyolasyon ki sou lis anba a, elèv la ka resevwa yon sispannyon anplis de resevwa yon Vyolasyon Kominotè. Avan elèv la retounen nan klas, elèv la, paran owa gadyen li, ak Dwayen Elèv yo kapab rankontre pou yo adrese konpòtman elèv la ak plan amelyorasyon. Vyolasyon ki merite sispannyon gen ladann, men pa limite sèlman nan bagay sa yo:

- Mank respè pou yon lòt elèv, manm pèsònèl la, oswa pwopriyete lekòl la;
- Kriz kòlè;
- Itilizasyon oswa posesyon medikaman san preskripsyon ki pa apwopriye;
- Itilize oswa posesyon pwodwi tabak, alkòl oswa lòt sibstans kontwole;
- Domaje, kraze, oswa vòlè zafè pèsònèl oswa pwopriyete lekòl la oswa eseye fè sa;
- Komèt asèlman seksyèl, rasyal, oswa nenpòt fòm arasman oswa entimidasyon;
- Rate lekòl oswa klas;
- Itilize langaj abizif, vilgè, oswa pwofan oswa tretman
- Fè menas vèbal oswa fizik, vid oswa otremàn;
- Goumen, pouse, bouskile, oswa kontak fizik ki pa dezirab;
- Bay fo alam oswarele pou menas ki pa gen fon;
- Jwèt Aza;
- Deplase, san pèmisyon, soti nan klas, atè, bilding, oswa aktivite lekòl la patwone;
- Itilizasyon asansè yon bilding ki pa otorize oswa aparèy pou gen aksè;
- Fo dokiman nenpòt fason, enkli siyati paran; oswa
- Repetisyon ak mank respè pou règleman ak pwosedi lekòl.

Klas 3-5

Elèv ki nan klas 3-5 ane ka resevwa yon sispansyon pou zak flagran mank respè oswa defi, oswa si yo resevwa twa vyolasyon kominotè nan yon jounen oswa kat vyolasyon kominotè nan yon semèn. Si yon elèv komèt youn nan vyolasyon ki sou lis anba a, elèv la ka resevwa yon sispansyon anplis de yon Vyolasyon Kominotè. Avvan elèv la retounen nan klas, elèv la, paran oswa gadyen li ak Dwayen Elèv yo ka rankontre pou yo adrese konpòtman elèv la ak plan amelyorasyon. Vyolasyon gen ladann men pa limite sèlman nan bagay sa yo:

- Mank respè pou yon lòt elèv, manm pèsònèl la oswa pwopriyete lekòl la;
- Goumen, pouse, bouskile, oswa kontak fizik ki pa dezirab;
- Fè menas vèbal oswa fizik, vid oswa otreman;
- Domaje, kraze, oswa vòlè zafè pèsònèl oswa pwopriyete lekòl la oswa eseye fè sa;
- Itilize langaj abizif, vilgè, oswa pwofan oswa tretman;
- Fo dokiman nenpòt fason, enkli siyati paran;
- Pran poul oswa kopye sou devwa lòt moun;
- Komèt asèlman seksyèl, rasyal, oswa nenpòt fòm arasman oswa entimidasyon;
- Rate lekòl oswa klas;
- Kite lekòl la avèk fèm entansyon (oswa nenpòt kote elèv la dwe ye) san pèmision;
- Itilizasyon oswa posesyon medikaman san preskripsyon ki pa apwopriye;
- Itilize oswa posesyon pwodwi tabak, alkòl oswa lòt sibstans kontwòlè;
- Bay fo alam oswa rele pou menas ki pa gen fon;
- Jwèt Aza;
- Deplase, san pèmision, soti nan klas, atè, bilding, oswa aktivite lekòl la patwone;
- Repetisyon ak mank respè pou règleman ak pwosedi lekòl;
- Twòp detansyon (4 oswa plis nan yon semèn); oswa
- Itilizasyon asansèlman yon bilding ki pa otorize oswa aparèy pou gen aksè;

Klas 6-8

Elèv ki nan klas 6-8 ka resevwa yon sispansyon si yo genyen sis demerit nan yon jou, kat detansyon nan yon semèn, oswa twa detansyon otomatik nan yon jou. Si yon elèv komèt youn nan vyolasyon ki sou lis anba a, elèv la kapab resevwa yon sispansyon. Avvan elèv la retounen nan klas, elèv la, paran oswa gadyen li ak pwofesè, Dwayen Elèv yo, oswa Direktè ka rankontre pou yo adrese konpòtman elèv la ak plan amelyorasyon. Yo ka egzije yon obsèvasyon 60 a 90 minit nan sal klas etidan an. Ofans yo gen ladann men pa limite sèlman nan bagay sa yo:

- Mank respè pou yon lòt elèv, manm pèsònèl la oswa pwopriyete lekòl la;
- Goumen, pouse, bouskile, oswa kontak fizik ki pa dezirab;
- Fè menas vèbal oswa fizik, vid oswa otreman;
- Domaje, kraze, oswa vòlè zafè pèsònèl oswa pwopriyete lekòl la oswa eseye fè sa;
- Itilize langaj abizif, vilgè, oswa pwofan oswa tretman;
- Fo dokiman nenpòt fason, enkli siyati paran;
- Pran poul oswa kopye sou devwa lòt moun;
- Komèt asèlman seksyèl, rasyal, oswa nenpòt fòm arasman oswa entimidasyon;
- Rate lekòl oswa klas;
- Kite lekòl la avèk fèm entansyon (oswa nenpòt kote elèv la dwe ye) san pèmision;
- Itilizasyon oswa posesyon medikaman san preskripsyon ki pa apwopriye;
- Itilize oswa posesyon pwodwi tabak, alkòl oswa lòt sibstans kontwòlè;
- Bay fo alam oswa rele pou menas ki pa gen fon;

- Jwèt Aza;
- Deplase, san pèmisyon, soti nan klas, atè, bilding, oswa aktivite lekòl la patwone;
- Repetisyon ak mank respè pou règleman ak pwosedi lekòl;
- Twòp detansyon (4 oswa plis nan yon semèn); oswa
- Itilizasyon asansè yon bilding ki pa otorize oswa aparèy pou gen aksè;

Anplis de nenpòt nan ofans ki avan yo, nenpòt ki vyolasyon lwa Federal Eta Massachusetts, oswa Odonans Vil Boston, kapab regle nan tèt ansanm avèk Depatman Lapolis e ka antrene sispansyon.

Pwomnad

Lekòl la pafwa angaje nan aktivite aprantisaj deyò. Pandan aktivite sa yo, li enpòtan pou tout elèv yo responsab pou konpòtman yo paske plas kote y ap fè aktivite yo se yon ekstansyon tanporè lekòl la. Yo pral voye yon fòm pèmisyon lakay la pou paran oswa gadyen elèv la siyen chak fwa yo gen pwomnad pou pèmèt elèv la patisipe. Elèv ki pa retounen fòm siyen sa a – oswa ki pa ka patisipe nan pwomnad la akòz li pèdi privilèj li – p ap kalifye pou l patisipe e l ap oblije rete swa nan yon lòt klas oswa nan biwo a pandan pwomnad la. Si gen lòt paran oswa volontè k ap patisipe nan pwomnad yo, elèv yo dwe ba yo menm respè yo t ap bay pwofesè yo. Yo dwe gen bon konpòtman lè y ap patisipe nan aktivite lekòl la patwone, ak lè yo monte otobis lekòl la. Move konpòtman ka Mennen vyolasyon kominotè, sispansyon, oswa pèt privilèj. Si yon elèv resevwa wit oswa plis vyolasyon kominotè nan yon trimès, li p ap ka patisipe nan pwomnad jiskaske trimès la fini e vyolasyon yo reyajiste. Si pèsònèl lekòl la gen enkyetid sou elèv la, y ap mande yon paran pou l ale nan pwomnad la pou yo ka pèmèt elèv la patisipe nan pwomnad la.

Falsifikasyon

Pataje enfòmasyon ak kominikasyon ant pwofesè, elèv, ak paran yo enpòtan anpil pou siksè lekòl la. Yo pral kontwole pwogrè akademik ak pèfòmans konpòtman nan plizyè fason, enkli rapò pwogrè, at kat rapò y ap voye lakay pa elèv la; pou paran an siyen epi ba elèv la retounen nan pwochen jou lekòl la. Elèv ki falsifye siyati paran oswa siyati gadyen, oswa fòje apwobasyon paran oswa gadyen yo sou nenpòt kominikasyon ofisyèl oswa ki pa ofisyèl, tankou vyolasyon kominotè, ka fè fas a sispansyon andeyò lekòl.

Avi sou Dwa Paran ak Elèv Anba MGL c. 71 §37H^{3/4}

Seksyon sa a gouvènè tout ofans elèv ki ka sijè a sispansyon alontèm, tèm-kout oswa sispansyon nan lekòl ki pa enplike zam danjere, sibstans kontwole, agresyon sou anplwaye, krim oswa akizasyon krim delenkans, ak/oswa konklizyon krim delenkans oswa admisyon, tout sa yo ki gouvènè pa MGL C.71 §37H ak§37H^{1/2}, jan li detaye anwo a.

Nan chak ka move kondwit elèv kote yo ka enpoze yon sispansyon, direktè a oblije egzèsè diskresyon nan deside konsekans pou ofans la; konsidere fason pou l re-angaje elèv la nan aprantisaj; ak evite itilize sispansyon alontèm nan lekòl la kòm konsekans jiskaske yo eseye lòt altènatif. Sa ki annapre yo souliye dwa paran ak elèv lè direktè a ap konsidere ak/oswa deside pou aplike yon sispansyon kòm konsekans move kondwit elèv la.

Elèv ki te sispann oswa ekspilse anba §37H^{3/4} gen dwa pou yo resevwa sèvis edikasyonèl pandan peryod sispansyon an anba Plan Sèvis Edikasyon Brooke Charter School, ki dekri anba a. Si elèv

la soti nan charter school ak/oswa deplase ale nan yon lòt distri lekòl pandan peryòd sispansyon oswa ekspilsyon an, nouvo distri/lekòl/distri rezidans la pra l swa admèt elèv la nan lekòl li a oswa founi elèv la sèvis edikasyonèl anba nouvo lekòl la oswa plan sèvis edikasyon distri a.

Avi sou Sispansyon ak Odyans Anba MGL c. 71 §37H¾

Sof si direktè a detèmine ke yon ranvwa ijans nesèsè, (gade seksyon Ranvwa Ijans anba a) oswa deside pou l aplike yon sispansyon 10 jou youn apre lòt oswa mwens nan lekòl la (ak pa plis ke 10 jou akimile pa ane lekòl) (gade nan seksyon Sispansyon Nan Lekòl anba a), direktè a gen dwa pa enpoze yon sispansyon kòm yon konsekans pou yon ofans disiplinè san li pa bay elèv la ak paran li yon avi vèbal ak ekri, ak bay elèv la opòtinite pou yon odyans nan akizasyon an ak paran an yon opòtinite pou l patisipe nan yon odyans konsa.

Direktè a oblije bay elèv la ak paran li avi vèbal ak ekri sa a an Anglè ak nan lang natif natal kay la si li pa Anglè. oswa lòt mwayen kominikasyon kote li apwopriye. Avi a dwe gen enfòmasyon sa yo:

- 1) ofans disiplinè a;
- 2) fondman akizasyon an;
- 3) konsekans potansyèl, ki gen ladann longè potansyèl sispansyon an;
- 4) opòtinite pou elèv la gen yon odyans avèk direktè a konsènan sispansyon ki pwopoze a, enkli opòtinite pou diskite akizasyon yo ak prezante eksplikasyon elèv la nan swadizan ensidan an, ak pou paran an patisipe nan odyans la;
- 5) dat, lè, ak lokasyon odyans la;
- 6) dwa elèv la ak paran elèv la pou l jwenn sèvis entèprèt nan odyans la si li bezwen patisipe;
- 7) Si yo kapab mete elèv la nan sispansyon alontèm apre odyans avèk direktè a, dwa odyans sispansyon kout-tèm ak alontèm elèv la ak dwa pou l fè apèl kont desizyon direktè a bay Ko-Direktè(yo) (gade nan seksyon Dwa Odyans anba a).

Direktè a oblije fè ak dokimante efò rezonab pou notifiye paran an vèbalman de opòtinite pou l patisipe nan odyans la. Yo sipoze ke Direktè a fè efò rezonab, se poutèt sali ka fè yon odyans san paran an pa prezan, si direktè a te voye avi alekri (pa livrezon nan men, lapòs premye-klas, lapòs sètifye, imèl, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ki konvni pa direktè a ak paran an) e ki dokimante omwen nan de tantativ pou kontakte paran an nan fason paran mande pou yo notifiye li nan ka ijan.

Ranvwa an Ijans Anba MGL c. 71 § 37H¾

Yon direktè gen otorite pou l retire yon elèv nan lekòl la tanporèman lè yo akize yon elèv de yon ofans disiplinè epi direktè a detèmine ke prezans elèv la poze yon danje pou moun ak pwopriyete, oswa materyèlman ak lajman deranje lòd lekòl la, epi, nan jijman direktè a, pa gen lòt altènatif ki disponib pou amelyore danje oswa pètibasyon an. Direktè a oblije notifiye Ko-Direktè(yo) touswit alekri de ranvwa ijans la ak rezon ranvwa a, ak dekri danje elèv la prezante. Ranvwa tanporè a pa dwe depase de (2) jou lekòl apre jou ranvwa ijans la, kote direktè a oblije:

- 1) Fè efò rapid ak rezonab pou notifiye elèv la ak paran li oralman de ranvwa ijans la, rezon ki mande pou yo fè ranvwa ijans la, ak Dwa Odyans ki endike anba a;
- 2) Bay paran ak elèv la avi alekri; jan yo dekri nan seksyon anvan an
- 3) Bay elèv la yon opòtinite pou yon odyans avèk direktè ki konfòme avèk dwa ki endike anba a nan seksyon Dwa Odyans la jan li aplike, ak bay paran opòtinite pou patisipe nan

odyans la, avan de (2) jou lekòl yo ekspire, sof si direktè a, paran, ak elèv la dakò pou yon ekstansyon.

- 4) Pran yon desizyon oralman nan menm jou ak odyans la, e alekri pa pita ke jou lekòl apre a.

Direktè a gen dwa pa retire yon elèv nan lekòl la sou yon baz ijans pou yon ofans disiplinè jiskaske gen bonjan dispozisyon sekirite ak transpòtasyon ki pran pou elèv la.

Dwa sou Odyans Anba MGL c. 71 § 37H¾

Odyans Direktè a Anba MGL c. 71 Sispansyon Kout-tèm §37H¾:

Sispansyon kout-tèm vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak aktivite klas regilye li pou dis (10) jou lekòl oswa mwens.

Objektif odyans avèk direktè a se pou direktè a tande ak konsidere enfòmasyon konsènan swadizan ensidan an; bay elèv la yon opòtinite pou diskite akizasyon ak eksplike sikonstans swadizan ensidan an; ak detèmine si elèv la te komèt ofans disiplinè a, e si se sa, konsekans pou ofans la. Pou pi piti, direktè a oblije diskite ofans disiplinè a, fondman akizasyon an, ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan. Elèv la ak paran li toude pra l gen yon opòtinite pou prezante ak bay enfòmasyon, enkli redwi reyalite, ke direktè a dwe konsidere nan detèmine si wi oswa non lòt remèd oswa konsekans ka petèt apwopriye. Baze sou enfòmasyon disponib, ki gen ladann, revandikasyon, direktè a pra l detèmine si wi oswa non elèv la te komèt ofans disiplinè a, e si se konsa, ki remèd oswa konsekans yo pral enpoze.

Direktè a oblije bay elèv la ak paran li notifikasyon alekrisou detèminasyon ak rezon pou sa, e, si elèv la sispansyon, kalire ak dire sispansyon an ak opòtinite pou fè devwa ak lòt travay lekòl jan sa nesèsè pou pwogrè akademik pandan peryòd ranvwa a. Notifikasyon alekri sa a ka sou fòm yon mizajou nan avi original la.

Tanpri remake ke si elèv la nan klas pre-Jadendanfan jiska klas 3yèm ane, direktè a oblije voye yon kopi detèminasyon ekri a bay Ko-Direktè(yo) ak eksplike rezon sispansyon deyò lekòl la, avan sispansyon kout-tèm nan pran efè.

Odyans Direktè a Anba MGL c. 71 Sispansyon Alontèm §37H¾:

Sispansyon Alontèm vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la ak nan aktivite regilye nan klas li pou plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa pou plis pase dis (10) jou lekòl akimile pou plizyè ofans disiplinè nan nenpòt ane lekòl.

Objektif odyans sispansyon alontèm nan se menm avèk objektif odyans sispansyon kout-tèm nan. Pou pi piti, anplis de dwa yo bay yon elèv nan yon odyans sispansyon tèm-kout, elèv la pral gen dwa sa yo pandan yon odyans sispansyon alontèm la:

- 1) avan odyans la, opòtinite pou revize dosye elèv la ak dokiman direktè a ka itilize pou l pran yon detèminasyon pou sispansyon elèv la oswa non;
- 2) dwa pou l ka reprezante pa yon avoka oswa yon moun elèv la chwazi, sou frè paran/elèv la;
- 3) dwa pou l bay temwen nan non li ak pou prezante eksplikasyon elèv la nan swadizan ensidan an, men yo pa gen dwa fòse elèv la fè sa;
- 4) dwa pou entewoje temwen distri lekòl la prezante; ak

- 5) dwa pou mande direktè a pou l anrejistre odyans la, ak pou w jwenn yon kopi anrejistremant odyo a sou demann. Si elèv la oswa paran li mande yon odyo, direktè a dwe enfòmè tout patisipan yo avan odyans la ke yo pra l anrejistre yon odyo e ya p bay elèv la ak paran li yon kopi sou demann.

Direktè a ap bay paran an, si li prezan, yon opòtinite pou l diskite kondwit elèv la ak ofri enfòmasyon, enkli revandikasyon, ke direktè a dwe konsidere nan detèmine konsekans pou elèv la.

Baze sou prèv, direktè a pra l detèmine si wi oswa non elèv la te komèt ofans disiplinè a, e, si se vre, apre konsiderasyon revandikasyon ak altènativ pou sispansyon yo, ki remèd oswa konsekans ki pral enpoze, nan plas oswa anplis sispansyon alontèm nan. Direktè a ap voye detèminasyon ekri a bay elèv la ak paran li pa livrezon nan men, lapòs sètifye, lapòs premye-klas, imèl, nan yon adrès paran an bay pou kominikasyon lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ki konvni pa direktè a ak paran an si direktè a deside pou l sispann elèv la, detèminasyon ekri a dwe:

- 1) Idantifye ofans disiplinè a, dat odyans la te fèt la, ak moun ki te patisipe nan odyans la;
- 2) Defini reyaltè enpòtan ak konklizyon Direktè a te rive jwenn;
- 3) Idantifye dire ak dat efektif sispansyon an, ansanm avèk dat pou retounen lekòl la;
- 4) Enkli avi opòtinite elèv la pou l resevwa sèvis edikasyon pou l fè pwogrè akademik pandan peryòd ranvwa nan lekòl la;
- 5) Enfòmè elèv la de dwa pou l fè apèl kont desizyon Direktè a bay Ko-Direktè(yo) oswa reprezantan (sèlman si direktè a bay yon sispansyon alontèm). Avi sou dwa apèl la dwe an Anglè ak nan lang natif natal kay la si li pa Anglè, oswalòt fason kominikasyon kote li apwopriye, e li dwe enkli enfòmasyon sa yo byen klè:
 - a. pwosesis pou fè apèl kont desizyon an, enkli ke elèv la oswa paran li dwe ranpli yon avi apèl alekri avèk Ko-Direktè(yo) nan espas senk (5) jou kalandriye de dat efektif sispansyon alontèm nan; a kondisyon ke nan espas senk (5) jou kalandriye, elèv la oswa paran kapab mande ak resevwa yon ekstansyon nan men Ko-Direktè(yo) pou ranpli avi alekri a pou jiska sèt (7) jou kalandriye; e ke
 - b. sispansyon alontèm nan pral rete efektif sof ak jiskaske Ko-Direktè(yo) deside pou ranvèsè detèminasyon direktè a nan apèl.

Si elèv la nan klas Jadendanfan jiska 3yèm ane, direktè a ap voye yon kopi detèminasyon ekri a bay Ko-Direktè(yo) ak eksplike rezon ki lakòz yo enpoze yon sispansyon andeyò lekòl. swa tèm-kout oswa alontèm, avan sispansyon an kòmanse.

Si Principal la ou byin Parent wè ke nou bezwen plus reunions pou nou palé de premié renkont nou té fè-a, lékol la ap voyé plus infomasyon a lékri bay fanmi yo pou chak lòt reunion yo. Rézon lèt sa sé pou nou suiv mim kondisyon ke nou té pran nan premié réunion nou té fè avan an.

Odyans Ko-Direktè(yo) Anba MGL c. 71 §37H¾

Yon elèv ki nan sispansyon alontèm apre yon odyans avèk direktè a gen dwa ale nan apèl kont desizyon direktè a avèk Ko-Direktè(yo).

Pou yo kapab fè apèl kont desizyon direktè a pou l enpoze yon sispansyon alontèm, elèv la oswa paran li dwe ranpli yon avi apèl avèk Ko-Direktè(yo) nan espas senk (5) jou kalandriye de dat

efektif sispansyon alontèm nan (nan altènatif, nan espas senk jou de dat efektif sispansyon alontèm nan paran kapab mande ak jwenn yon ekstansyon nan men Ko-Direktè(yo) pou ranpli avi alekri a pou jiska sèt jou kalandriye). Si apèl la pa ranpli a tan, Ko-Direktè(yo) ka refize apèl la, oswa ka pèmèt apèl la nan desizyon li, pou yon bon koz.

Ko-Direktè(yo) ap fè odyans la nan espas twa jou lekòl de lè elèv la fè demann la, sof si elèv la oswa paran li mande yon ekstansyon sèt jou kalandriye, nanka sa a Ko-Direktè(yo) ap akòde ekstansyon an.

Ko-Direktè(yo) dwe fè anpil efò pou yo enkli paran an nan odyans la e yo sipose fè tout efò yo si li eseye jwenn yon jou ak lè pou odyans la ki ka pèmèt paran ak Ko-Direktè(yo) patisipe. Ko-Direktè(yo) ap voye yon avi alekri bay paran konsènan dat, lè, ak lokasyon odyans la.

Ko-Direktè(yo) ap fè odyans la pou detèmine si elèv la te komèt ofans disiplinè yo akize l la, e si vre, ki konsekans sa ap genyen. Ya p fè yon anrejistremant odyo pou odyans la, e ya p bay elèv la oswa paran an yon kopi sou demann. Ko-Direktè a pral enfòmè tout patisipan yo avan odyans la ke yo pral anrejistre yon odyo pou yo bay paran ak elèv la si yo bezwen.

Elèv la ak paran an pra l gen tout dwa yo ba yo nan odyans direktè a pou sispansyon alontèm nan, jan li detaye anwo nan seksyon ki rele **Odyans Direktè anba MGL c. 71 §37H¾: Sispansyon Tèm kout ak Odyans Direktè anba MGL c. 71 §37H¾: Sispansyon Alontèm.**

Ko-Direktè(yo) ap bay yon desizyon alekri nan espas senk jou kalandriye de lè odyans la, ki pral gen ladann menm eleman yo egzije nan detèminasyon alekri apre Odyans Direktè a pou Sispansyon alontèm nan (gade nan seksyon avan an). Si Ko-Direktè(yo) detèmine ke elèv la te komèt ofans disiplinè a, Ko-Direktè(yo) ka enpoze menm nan oswa yon konsekans ki pi piti pase pa direktè a, men li pa p bay yon pi gwo sispansyon pase sa desizyon direktè a te enpoze a. Desizyon Ko-Direktè(yo) pra l desizyon final lekòl la.

Sispansyon Nan-Lekòl Anba MGL c. 71 §37H¾

Direktè a ka itilize sispansyon nan lekòl kòm yon altènatif pou sispansyon tèm-kout pou ofans disiplinè yo.

Direktè a oblije enfòmè elèv la de ofans disiplinè yo akize l la ak fondman akizasyon an ak bay elèv la yon opòtinite pou diskite akizasyon yo ak eksplike sikonstans ki antoure zwadizan ensidan an. Si direktè a detèmine ke elèv la te komèt ofans disiplinè a, direktè a dwe enfòmè elèv la de dire sispansyon nan lekòl la, ki pa dwe depase 10 jou, akimile oswa youn apre lòt nan yon ane lekòl.

Nan menm jou direktè a decide pou l enpoze yon sispansyon nan lekòl, direktè a dwe fè efò rezonab pou l notifie paran an de ofans disiplinè a, rezon ki fè yo konkli ke elèv la te komèt ofans la, ak dire sispansyon nan lekòl la.

Direktè a dwe envite paran an tou nan yon reyinyon pou diskite pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou elèv la angaje, ak repons ki posib pou konpòtman an. Yo dwe repwograme reyinyon sa a nan jou sispansyon an si li posib, e si li pa posib, repwograme li pi vit ke posib apres. Si direktè a pa kapab jwenn paran an apre li eseye ak dokimante de tantativ,

tantativ sa yo dwe konstitiye kòm efò rezonab nan objektif pou enfòmè paran an vèbalman de sispansyon nan lekòl la.

Direktè a ap voye yon avi alekri bay elèv la ak paran li konsènan sispansyon nan lekòl la, enkli rezon ak dire sispansyon nan lekòl la (ak envite paran nan yon reyinyon avèk direktè, si reyinyon sa a poko fèt). Direktè a ap bay avi sa a nan jou sispansyon an pa livrezon nan men, lapòs sètifye, lapòs premye-klas, imèl, nan yon adrès paran an bay pou kominikasyon lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ki konvni pa direktè a ak paran an.

Retire nan Privilèj ak Aktivite Andeyò Lekòl yo

Direktè a ka retire privilèj yon elèv, tankou aktivite andeyò lekòl ak patisipasyon nan aktivite lekòl la patwone, baze sou move kondwit elèv la. Yon ranvwa nan privilèj ak/oswa aktivite andeyò lekòl yo pa sijè a pwosedi ki nan seksyon avan yo.

Sèvis Pandan Peryòd Ranvwa ak Plan Sèvis Edikasyon Lekòl la

Pou nou ka kontinye ankouraje pwogrè akademik pou elèv yo sispann nan klas oswa lekòl yo, swa dapre MGL §37H, §37H ½, oswa §37H ¾, lekòl la gen obligasyon pou l bay chak elèv ki sispann oswa ekspilse yon opòtinite pou yo fè pwogrè akademik pandan sispansyon oswa ekspilasyon an. Y ap notifiye elèv ak paran yo alekri de opòtinite sa a lè sispansyon oswa ekspilasyon an.

Konfòmeman a MGL c. 76 § 21, elèv ki sispann nan lekòl pou 10 jou oswa mwens, swa pou sispansyon nan lekòl oswa andeyò lekòl, pral gen opòtinite pandan peryòd sispansyon an pou yo resevwa kredi, fè pwogrè akademik, fè devwa, enkli, men pa limite sèlman nan devwa, ti tè, egzamen, ekri papyè ak pwojè ki te manke. Direktè a pral enfòmè elèv la ak paran an de opòtinite sa a alekri lè yo bay sispansyon an.

Epitou konfòmeman a MGL c. 76 § 21, yo dwe bay elèv ki ekspilse oswa sispann pou plis pase 10 jou konsekitif yo yon opòtinite ekitab pou yo resevwa sèvis edikasyon ki idantifye nan yon plan sevis edikasyon konplè.

Plan Sèvis Edikasyon Brooke Charter School la sijè a chanje, e li ka gen ladann, men li pa limite sèlman nan, lesou patikilye, plasman altènatif, lekòl Samdi, ak aprantisaj a distans oswa sou entènèt.

Nan devlope chanjman pou Plan Sèvis Edikasyon an, oswa chanjman nan yon plan Sèvis Edikasyon espesifik pou yon elèv ki sispann oswa ekspilse, Direktè yo gen dwa chache opinion enpòtan nan sèvis sante, lojman ak ajans ki pa pou pwofi, kalòratè edikasyon, ak lòt sèvis founisè.

Pou chak elèv ki sispann oswa ekspilse nan lekòl la pou plis pase 10 jou konsekitif, swa nan lekòl la oswa andeyò lekòl, Direktè a dwe notifiye paran an ak elèv la de opòtinite pou l resevwa sèvis edikasyon nan peryòd ekspilasyon an oswa nan sispansyon alontèm nan. Yo dwe bay avi sa a nan lang yo pale lakay elèv la si se pa Anglè; oswa nan nenpòt mwayen kominikasyon ki apwopriye. Avi a dwe gen ladann yon lis sèvis edikasyon espesifik ki disponib pou elèv la ak enfòmasyon kontak yon manm nan pèsonèl lekòl la. Apre elèv la ak paran/gadyen fin chwazi sèvis altènatif li bezwen an paran oswa gadyen elèv la, lekòl la dwe fasilite ak verifye ke elèv la enskri nan sèvis edikasyon an. Lekòl la dwe dokimante enskripsyon elèv la nan sèvis edikasyon an. Pou pwosesis Pou rapò done, lekòl la dwe kontwole ak bay rapò sou prezans, enskripsyon nan sèvis edikasyon.

Pou objektif bay rapò, Lekòl la dwe kontwole ak rapòte prezans, pwogrè akademik, ak lòt done jan Depatman an mande l.

Elèv ki egzante nan ale lekòl anba MGL c. 76 § 1 pa konsène nan seksyon sa a.

RÈGLEMAN SOU EKSPILSYON

Entwodiksyon

Brooke Charter School konfòme avèk règleman ak pwosedi ki etabli nan MGL c. 71 § 37H, 37H ½, ak 603 CMR 53.00 konsènan disiplin elèv yo. Konfòmeman a 603 CMR 53.02, komisyon Konsèy la afime ke Dwayen Elèv yo ka sèvi kòm reprezantan pou Direktè a pou enplemannte dispozisyon ki gen rapò ak 603 CMR 53.00. Apresa, tèm "Direktè a" pral vin menm bagay ak tèm "Dwayen elèv yo" nan diskisyon règleman ak pwosedi ki gen rapò ak disiplin elèv anba 603 CMR 53.00.

Nan chak ka kote yon move kondwit mennen ekspilsyon, yon direktè dwe egzèsè jijman nan deside konsekans pou ofans la; konsidere fason pou l re-angaje elèv la nan aprantisaj; ak evite sispansyon alontèm nan lekòl la kòm konsekans jiskaske yo eseye yon altènatif. Altènatif la ka enkli itilizasyon estrateji ki baze sou prèv ak pwogram tankou meditasyon, rezolisyon konfli, jistis retoratif, ak entèvansyon pozitif ak sipò.

Pa gen anyen nan 603 CMR 53.00 oswa règleman anba yo k ap anpeche administratè lekòl la Mennen yon ankèt, ki gen ladann entèvyou elèv, pou yon ensidan disiplinè ki gen rapò ak lekòl la.

Ekspilsyon – Definisyon

Ekspilsyon vle di retire yon elèv nan lokal lekòl la, aktivite regilye klas li, ak aktivite lekòl la pou plis pase 90 jou lekòl endefiniman, oswa pou toutan, jan yo pèmèt anba MGL. c. 71, § 37H oswa 37H½ pou:

- e) posesyon yon sibstans kontwole;
- f) agresyon sou yon manm nan pèsònèl lekòl la; oswa
- g) yon krim oswa yon plent pou krim delenkans oswa yon kondanasyon, oswa desizyon oswa admisyon kilpabilite ki gen rapò ak krim sa yo, si yon direktè detèmine ke presanz elèv la nan lekòl la ap gen yon efè endezirab pou byennèt jeneral lekòl la, jan yo dekrit nan MGL. c. 71, § 37H oswa 37H½.

Tout desizyon Direktè a konsènan ekspilsyon yon elèv pou nenpòt ofans anba MGL. c.71, §37H ak MGL. c.71, §37H ½, sijè a revizyon pa Ko-Direktè (yo).

Ranvwa nan Klas oswa Lekòl

Nan ka ekspilsyon, y ap retire elèv la nan klas oswa nan lekòl la e y ap voye l nan Biwo Prensipal la oswa yon lòt kote yo dezilyen, apre sa, y ap notifiye paran oswa gadyen elèv la sou ensidan ki pase nan lekòl la.

Tanpri gade seksyon ki annapre a ki rele “**Pwosesis Regilye pou Ekspilsyon ak Sèvis Pandan Ekspilsyon**” pou plis detay konsènan pwosesis ki gen rapò ak ekspilsyon.

Pwosesis Regilye pou Ekspilsyon ak Sèvis pandan Ekspilsyon

Entwodiksyon

Elèv ki gen ofans discipline ki Mennen ekspilsyon yo sijè a pwosedi pwosesis, ki enkli, odyans, apèl, ak sèvis edikasyon pandan retire yo. Seksyon ki annapre a pral ba w enfòmasyon sou dwa sa yo.

Tanpri sonje ke elèv yo gen dwa pou yon avoka oswa nenpòt moun yo chwazi pou reprezante yo, sou frè paran/elèv la, nan nenpòt ak tout odyans konsènan disiplin elèv la. Si w ta renmen mennen yon avoka nan nenpòt odyans oswa reyinyon nan lekòl la, tanpri enfòmè Brooke Charter School toutwit. Si ou pa enfòmè lekòl la avan w vini avèk avoka a nan yon odyans epi avoka Lekòl la prezan, kidonk Brooke Charter School pral egzèsè dwa li pou l anile ak repwograme reyinyon an pou l asire ke avoka li ka patisipe. Repwograme a ka retade odyans la oswa reyinyon an, e si se sa, ranvwa disiplinè pitit ou a pral pwolonje jiskaske yo pran yon desizyon apre yo fin repwograme odyans oswa reyinyon an. Avèk dokiman sa a Brooke Charter School enfòmè w ke avoka li ka prezan nan nenpòt odyans an reyinyon ki gen rapò ak disiplin elèv yo.

Avi pou Elèv ak Dwa Paran Anba MGL c. 71 §37H ak c. 71 §37H½

Dispozisyon ki annapre yo aplike pou move kondwit elèv ki enplike nan sa ki annapre yo:

1. Zam, dwòg, oswa agresyon sou anplwaye lekòl.
 - a. Nenpòt elèv yo jwenn nan lokal lekòl la oswa nan aktivite lekòl la patwone oswa aktivite ki gen rapò ak lekòl la, enkli jwèt espò, posesyon zam danjere, enkli, men pa limite nan yon revolvè oswa yon kouto, ka sijè a ekspilsyon nan lekòl la pa Direktè a.
 - b. Nenpòt elèv yo jwenn nan lokal lekòl la oswa nan aktivite lekòl la patwone oswa aktivite ki gen rapò ak lekòl la, enkli jwèt espò, posesyon yon sibstans kontwole, enkli men pa limite nan, marigwana, kokayin, ak ewoyin, ka sijè a ekspilsyon nan lekòl la pa Direktè a.
 - c. Nenpòt elèv ki fè vyolans sou yon direktè, pwofesè, asistan pwofesè oswa l òt manm nan pèsonèl edikasyon nan lokal lekòl la oswa nan aktivite lekòl la patwone oswa aktivite ki gen rapò a lekòl la, enkli jwèt sepò, ka sijè a ekspilsyon nan lekòl la oswa distri lekòl la pa Direktè a.
2. Chaj krim oswa chaj krim delenkans, rezilta oswa admisyon.
 - a. Lè yo kondane yon elèv pou yon krim oswa sou yon desizyon oswa admisyon kilpabilite nan tribunal ki gen rapò a yon krim oswa krim delenkans, direktè lekòl kote elèv la enskri a ka ekspilse elèv sa a si Direktè a detèmine ke prezans elè la ap gen yon efe endezirab sou byennèt jeneral lekòl la.

Nenpòt elèv yo akize ak nenpòt nan move kondwit ki detaye anwo a gen yon opòtinite pou yon odyans avèk Direktè a. Yo pral aplike estanda ak pwosedi ki annapre yo:

1. Direktè a oswa reprezantan li pral bay elèv la ak paran/gadyen elèv la yon avi alekri ki idantifye akizasyon yo, rezon ekspilsyon an, ak prèv pou ekspilsyon an avan ekspilsyon an antre an vigè.

2. Direktè a oswa reprezantan li pral bay elèv la ak paran/gadyen elèv la yon avi alekri ki idantifye dwa elèv la pou l fè yon apèl avèk direktè a oswa reprezantan li avan ekspilasyon an antre a vigè, enkli dat, lè ak plas kote odyans la ap fèt.
3. Paran oswa gadyen elèv la ap prezan nan odyans la.
4. Nan odyans la, elèv ak paran/gadyen yo gen dwa pou: Mennen avoka (sou frè elèv la), prezante prèv (atravè temwayaj elèv la oswa temwen ak prèv temwen) ak kesyone temwen lekòl la.
5. Apre odyans la, Direktè a, nan jijman li ap deside si pou l sispann olye pou l ekspilse yon elèv li detèmine te komèt move kondwit ki detaye anwo a.
6. Nan ka move kondwit grav ki enplike posesyon oswa itilizasyon sibstans ilegal oswa zam, agresyon, kraze brize, oswa vyolasyon dwa sivil yon elèv, Detèminasyon Direktè a pou l ekspilse oswa sispann yon elèv pral depann de jijman Direktè a si l detèmine ke prezans elèv la ap gen yon efè endezirab sou byennèt jeneral lekòl la.

Nenpòt elèv yo sispann nan yon distri lekòl konfòmman ak MGL c. 71 §37H oswa c. 71 §37H½ dwe gen dwa pou fè apèl bò kote Ko-Direktè Brooke Charter School yo apre, "Ko-Direktè yo." Yo dwe aplike estanda ak pwosedi ki annapre yo:

1. Si Direktè a deside pou l ekspilse elèv la apre odyans la, Direktè a dwe bay paran/gadyen elèv la yon avi alekri sou dwa pou l fè apèl kont desizyon an, pwosesis apèl la, ak opòtinite pou l resevwa sèvis edikasyon.
2. Ekspilasyon an rete an aplikasyon avan Ko-Direktè yo fè nenpòt apèl pou odyans.
3. Elèv yo ekspilse a dwe gen dis jou kalandriye (si yo ekspilse l daprè c. 71 §37H) oswa senk jou kalandriye (si yo ekspilse l daprè c. 71 §37H½) de dat ekspilasyon an kote yo notifiye Ko-Direktè yo alekri, sou demann pou apèl la.
4. Yon fwa yo mande yon apèl, Ko Direktè yo dwe fè yon odyans avèk elèv la ak paran/gadyen elèv la. Pou ekspilasyon ki fèt daprè c. 71 §37H½, Ko-Direktè yo dwe fè yon odyans nan twa (3) jou apre yon resevwa demann pou apèl la.
5. Nan odyans avèk Ko-Direktè yo, elèv la gen dwa pou l vini avèk yon avoka (sou frè elèv la), li gen dwa bay temwayaj oral oswa alekri, e li gen dwa pou l konfwonte ak kesyone temwen lekòl la prezante.
6. Pou ekspilasyon ki fèt daprè c. 71 §37H, sijè apèl la pa dwe limite sèlman nan detèminasyon reyalyite pou yo konnen si elèv la te vyole okenn dispozisyon nan seksyon 37H.

Pouvwa Ko-Direktè pou Anile Ekspilasyon

Ko-Direktè yo pral gen otorite pou yo ranvèse oswa chanje desizyon Direktè a, enkli rekòmande yon pwogram edikasyon altènatif pou elèv la. Ko-Direktè yo dwe pran yon desizyon sou apèl la nan espas senk jou kalandriye de lè odyans la. Desizyon Ko-Direktè yo dwe desizyon final Brooke Charter School konsènan ekspilasyon an.

Sèvis Edikasyon Pandan Peryòd Ekspilasyon

Elèv ki ekspilse anba c. 71 §37H and §37H½ gen dwa pou yo resevwa sèvis edikasyon pandan peryòd ekspilasyon an anba Plan Sèvis Edikasyon Brooke Charter School, ki dekri anba a. Si elèv la soti nan lekòl chatè epi/oswa ale rete nan yon lòt distri lekòl pandan ekspilasyon an, nouvo distri/lekòl/distri kote l rete a dwe swa admèt elèv la nan lekòl li yo oswa bay elèv la sèvis edikasyon anba nouvo plan sèvis edikasyon distri a.

Avan ekspilasyon an, Direktè a dwe enfòmè paran/gadyen elèv la alekri sou opòtinite pou sèvis edikasyon ki pral disponib pou elèv la fè pwogrè akademik pandan peryòd ekspilasyon an yon fwa li an vigè. Yo dwe bay avi an Anglè ak nan lang yo pale lakay elèv la si se pa Anglè, oswa lòt mwayen komunikasyon ki apwopriye. Avi a dwe gen ladann yon lis espesifik sèvis edikasyon ki disponib pou elèv la ak enfòmasyon kontak yon manm pèsonèl lekòl la ki pou fè aranjman pou sèvis yo.

Plan sèvis Edikasyon Lekòl la

Brooke Charter School devlope yon Plan Sèvis Edikasyon pou tout elèv ki ekspilse nan lekòl la. Direktè yo dwe asire ke elèv sa yo gen yon opòtinite pou yo fè pwogrè akademik pandan peryòd ekspilasyon an, pou yo ratrape devwa ak gen kredi yo te manke, enkli man pa limite nan devwa lakay, ti tès, egzamen, papyè ak pwojè yo te manke.

Plan Sèvis Edikasyon Brooke Charter School la sijè a chanje, e li ka enkli, men pa limite nan leson patikilye, plasman altènatif, lekòl Samdi, ak aprantisaj sou entènèt oswa a distans.

Si Brooke Charter School ekspilse yon elèv, Brooke Charter School dwe bay elèv la ak paran oswa gadyen elèv la yon lis sèvis edikasyon altènatif. Lè elèv la ak paran oswa gadyen li chwazi sèvis edikasyon altènatif la, lekòl la oswa distri lekòl la dwe fasilite ak verifye enskripsyon nan sèvis la.

MEZI DISIPLINÈ POU ELÈV KI GEN BEZWEN ESPESYAL

Lwa pou Edikasyon Elèv ki andikape yo {Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)}, nan Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon an ak règleman ki gen rapò yo bay elèv ki kalifye yo sèten dwa ak pwoteksyon nan kontèks disiplin pou elèv. W ap jwenn yon ti apèsi dwa sa yo anba a. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Cristie McGrath, Direktè Sipò Elèv nan 617-429-5786.

Sispansyon Tèm-Kout: Manm pèsonèl ka refere a yon elèv nan yon plasman altènatif oswa sispansyon pou jiska 10 jou lekòl san sèvis. Konsènan elèv ki gen IEP, pou ranvwa ki vin apre yo pandan ane lekòl la ki konstitiye yon chanjman nan plasman:

- 1) Lekòl la bay sèvis nan limit ki nesèsè pou pwogrè fèt nan pwogram etid jeneral la ak objektif IEP a jan pèsonèl lekòl la detèmine nan konsiltasyon avèk omwen yon pwofesè.
- 2) Si li apwopriye, lekòl la dwe fè yon bon evalyasyon konksyonman konpòtman ak devlope yon plan konpòtman.

Chanjman Plasman

Yon chanjman plasman se yon ranvwa pou plis pase dis jou konsekitif nan lekòl la oswa pou yon seri ti ranvwa ki konstitiye Yon "modèl" kondwit pral pran an konsiderasyon longè ak valè tan ranvwa a, ansanm avèk pwoksimitè ak resanblans konpòtman an. Nan dat y ap pran yon desizyon pou fè yon ranvwa ki konstitiye yon chanjman plasman yo dwe notifiye paran/gadyen yo de desizyon ak pwosedi sovgad yo.

Nan espas dis jou de desizyon chanjman plasman an, ekip la dwe fè yon detèminasyon manifestasyon. Reyinyon an dwe gen ladann reprezantan distri a, paran/gadyen yo ak nenpòt lòt manm enpòtan. Ekip la dwe konsidere tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye elèv la,

obsèvasyon pwofesè, ak enfòmasyon enpòtan nan men paran/gadyen yo. Ekip la dwe detèmine si kondwit la te: (1) koze pa yon andikap; oswa (2) te gen yon relasyon dirèk ak andikap la; oswa (3) te yon rezilta dirèk neglijans distri a nan aplike IEP a (oswa Plan 504 la). Si nenpòt nan kritè sa yo satisfè, kidonk kondwit la se yon manifestasyon andikap elèv la.

Si ekip la detèmine ke kondwit la te yon manifestasyon andikap la, elèv la dwe retounen nan plasman li. Pati yo, sepandan, ka chanje IEP a ak plasman an atravè pwosesis ekip la. Epi tou, ekip la dwe fè yon evalyasyon fonksyonman konpòtman ak enpleman yon plan entèvansyon konpòtman oswa, si gentan gen yon plan konpòtman, revize plan an ak fè chanjman ki nesèsè yo.

Yon Plan 504 ka chanje tou pou adrese konpòtman yo.

Si ekip la detèmine ke kondwit la p at yon manifestasyon andikap la, yo ka aplike disiplin lekòl la. Elèv ki gen yon IEP gen dwa, sepandan, pou l resevwa sèvis edikasyon pou pèmèt li pwogrese nan pwogram etid jeneral la ak objektif IEP li yo. Ekip la dwe detèmine ki sèvis ki nesèsè ak nan ki anviwonman yo pral bay yo. Yon elèv ki gen yon Plan 504, sepandan, gen dwa a sèvis edikasyon sèlman nan limit kote kamarad li yo pral gen menm opòtinite edikasyon an.

Dwa pou Apèl

Lè yon paran/gadyen pa dakò avèk desizyon ekip la sou “detèminasyon manifestasyon,” oswa yon plasman altènatif, paran/gadyen an gen dwa pou mande yon odyans rapid nan Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la. Plasman k ap tann apèl la se anviwonman altènatif jan ekip la detèmine pou dire disiplin nan oswa achèvmant apèl la.

Gen eksepsyon pou Kondwit Espesifik: Anba sètem sikonstans espesyal jan li define nan lwa federal, pèsonèl lekòl la ka mete elèv la nan yon anviwonman pwovizwa pou 45 jou lekòl, san yo pa konsidere detèminasyon manifestasyon an. Sikonstans espesyal sa yo enkli ensidan kote elèv la posede, itilize, vann oswa mande dwòg illegal, pote oswa posede yon zanm, oswa enpoze blès ki kòporèl pandan li nan lokal lekòl la oswa nan yon fonksyon lekòl la.

Sinon, si elèv la kontinyasyon elèv la nan plasman an gen chans pou l koze aksidan pou li menm oswa lòt moun distri a ka mande yon odyans rapid pou l ka mete elèv la nan yon anviwonman altènatif pou yon peryòd ki pa depase 45 jou lekòl. Distri a gen dwa tou pou l chache yon enjonksyon nan tribinal.

Mezi Disiplinè pou Timoun ki ka Andikape men ki pa gen IEP

Pwoteksyon IDEA yo ki rezime anwo a aplike tou pou elèv kii poko kalifye pou IEP si distri a “gen konesans” ke timoun nan gen yon andikap ki nan kategori IDEA a avan evenman presipite a. IDEA konsidere ke distri a “jije li gen konesans” si: (1) paran/gadyen an ekprime enkyetid li alekri bay administratè a aswa pwofesè elèv la ke elèv la bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avèk li; (2) paran/gadyen an mande yon evalyasyon; oswa (3) pwofesè timoun an oswa lòt pèsonèl ekprime enkyetid espesifik konsènan modèl konpòtman bay Direktè Edikasyon Espesyal la oswa lòt pèsonèl sipèvizè nan distri a. Sepandan yon distri lekòl pa “jije li gen konesans” si distri a te evalye elèv la e detèmine ke timoun nan pa kalifye pou bezwen sèvis edikasyon espesyal oswa paran/gadyen an te refize yon evalyasyon oswa sèvis.

Si lekòl la pa “jije pou l gen konesans” konsènan egzistans yon andikap anvan evenman precipitatè a, elèv la ka discipline konfòmeman avèk règleman distri a. si sepandan, yon fè yon demann pou evalyasyon pou detèmine kalifikasyon pandan elèv la sijè a mezi disiplinè, evalyasyon an dwe fèt byen rapid. Pandan l ap tann rezilta evalyasyon an, elèv la dwe rete nan plasman pèsonèl lekòl la detèmine ki ka enkli sispansyon oswa ekspilasyon san sèvis. Si yo detèmine ke elèv la kalifye pou yon an IEP kòm rezilta evalyasyon an, distri a dwe bay elèv la edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo konfòmeman avèk IDEA.

Elèv ki Andikape anba Seksyon 504

Elèv ki pa kalifye pou sèvis anbe IDEA a, men ki andikape nan kategori Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon an gen dwa a sèten pwosedi pwoteksyon ki asosye avèk Seksyon 504. Anplis, ou ka jwenn enfòmasyon konsènan Pwosedi pwoteksyon pou elèv ki andikape anba Seksyon 504 la lè w kontakte Cristie McGrath, Direktè Sipò Elèv nan 617-429-5786.

KOLEKSYON DONE SOU EKSPILASYON AK SISPANSYON ELÈV AK RAPÒ

Brooke Charter School pral kolekte epi bay rapò done chak ane nan Depatman Edikasyon konsènan sispansyon nan lekòl, sispansyon tèm kout ak alontèm, ekspilasyon, ranvwa ijans anba 603 CMR 53.07, aksè nan sèvis edikasyon anba 603 CMR 53.13, ak kèk lòt enfòmasyon Depatman an ka egzije.

Direktè chak lekòl pral revize done disiplin chak peryòd nan chwazi popilasyon elèv yo, enkli men pa limite nan ras ak gwoup etnik, sèks, kondisyon ekonomik sosyal, kondisyon aprantisaj langaj Anglè, ak kondisyon elèv ki gen yon andikap. Nan revize done yo, direktè a pral evalye gravite sispansyon nan lekòl, sispansyon tèm kout ak alontèm, ekspilasyon ak ranvwa ijans yo anba 603 CMR 53.07, ak enpak aksyon discipline a nan popilasyon elèv yo chwazi a. Direktè a pral nan pita detèmine si li nesèsè oswa apwopriye pou chanje pratik disiplin yo akòz anpil rekou nan ekspilasyon, oswa sispansyon nan lekòl oswa andeyò lekòl oswa ranvwa ijans, oswa enpak sispansyon, ranvwa ak ekspilasyon sa yo sou popilasyon elèv yo chwazi a konpare ak lòt elèv yo.

ITILIZASYON KONTRENT FIZIK

Daprè lwa eta a, Brooke Charter School detèmine ke ya p mete kontrent fizik sou yon elèv sèlman lè li nesèsè pou pwoteje yon elèv ak/oswa yon manm nan kominote lekòl la kont agresyon oswa domaj fizik, serye ak iminan; ak si entèvansyon ki pa fizik yo pa ta efikas. Yo pa dwe itilize kontrent fizik kòm pinisyon, oswa kòm yon repons pou destriksyon pwopriyete, deranjman lòd lekòl, yon elèv ki refize konfòme avèk yon règleman lekòl oswa direktiv anplwaye, oswa menas vèbal ki pa konstitiye kòm yon menas danje fizik, serye, iminan. Lè kontrent fizik nesèsè, se objektif pèsònèl lekòl la pou l anpeche oswa minimize nenpòt danje pou elèv la kòm rezilta itilizasyon kontrent fizik la.

Sèlman manm pèsònèl ki te resevwa fòmasyon an pwofondè jan li dekri nan Règleman Kontrent Fizik lekòl la pra l bay restriksyon fizik. Brooke Charter School swiv règleman ak rapòte epi dokimante egzijans 603 CMR 46.00, ki disponib antyèman, ansanm avèk Règleman Kontrent Fizik konplè a, nan [Anèks "H" nan Paj 72](#).

Nan konfòmite avèk Règleman Commonwealth Massachusetts (603 CMR 46.00), Brooke Charter School asire ke chak elèv ki nan lekòl nou an pa gen okenn fòm kontrent fizik ki konsistan avèk 603 CMR 46.00. Yo dwe itilize kontrent fizik sèlman nan dènye rekou ka ijans apre lòt altènatif legal ki mwens entwizif yo echwe oswa jije pa apwopriye, e avèk bonjan prekosyon.

PWOSSESIS POU KONPLENT

Toude lekòl la ak Komisyon Konsèy la travay nan konjonksyon youn avèk lòt pou tande ak rezoud nenpòt plent. Si yon pwoblèm rive, toude lekòl la ak komisyon an ankouraje ple pou l adrese pwoblèm nan dirèkteman avèk manm pèsònèl (yo). Si pleyan an pa satisfè avèk rezolisyon ki pwopoze pa pwofesè apwopriye a oswa manm pèsònèl la, yo dwe delivre plent la alekri bay direktè a. Direktè a pra l resevwa yon rapò alekri nan men pwofesè apwopriye a oswa manm pèsònèl la. Apre li fin revize deklarasyon ekri manm pèsònèl la ak pleyan an epi antreprann nenpòt ankèt ki jije nesèsè pou sitiyasyon an, direktè a pra l prezante yon desizyon apèl bay pleyan an. Ko-Direktè yo pa p tande plent ki pa swiv pwosedi sa a.

Si sitiyasyon an toujou pa rezoud, pleyan an ka fè apèl kont desizyon an bay Ko-Direktè Akademik yo oswa Ko-Direktè Operasyon yo. Yo ka kontakte Ko-Direktè yo nan Brooke Charter School Roslindale, 190 Cummins Highway, Boston, MA 02131, oswa nan 617-325-7977.

Si sitiyasyon an toujou poko rezoud, Komisyon Konsèy la ankouraje moun pou vini nan pwochen reyinyon regilye konsèy la ki pwograme a. Dat reyinyon Komisyon Konsèy la afiche nan sit wèb Brooke Charter School website nan <http://www.ebrooke.org/about-us/> oswa nan kontakte lekòl la nan 617-325-7977. Komisyon an pa p tande plent ki pa premyèman swiv pwosedi sa yo. Si reyinyon an pa rezoud pwoblèm enpòtan an, pleyan dwe swiv règleman ki etabli pa MGL c. 71, § 89(jj) ak 603 CMR 1.10.

Si yon moun kwè ke lekòl la te vyole nenpòt pwovizyon nan lwa ak règleman eta oswa federal yo, li kapab pote yon plent fòmèl nan Komisyon Konsèy la. Apre yo fin revize plent la, komisyon an dwe voye yon repons alekri bay moun nan nan espas 30 jou. Si Komisyon an pa adrese plent la jan moun nan ta renmen an, moun nan kapab soumèt plent la bay Komisyonè Edikasyon an. Yon paran/gadyen ka pote yon plent nan DESE nenpòt lè si li kwè ke lekòl la te vyole nenpòt nan lwa eta oswa federal oswa règleman.

LAVI ELÈV CHAK JOU: NAN KLAS LA

RÈGLEMAN POU PREZANS

Pou pwogram akademik nou an kapab reyisi, li obsoliman esansyèl pou elèv yo vini lekòl a lè chak jou. Règleman prezans nan Brooke Charter School fòme pou l asire ke sa fèt. Se poutèt sa, nenpòt elèv ki manke plis pase 15 jou nan ane lekòl la ap sijè a double klas kote li ye a. Lekòl la gen dwa pou l fè eksepsyon nan règleman sa a nan ka yon absans pwolonje akòz rezon medikal. Anplis, si yon elèv akimile yon pakèt absans, Direktè Operasyon an pra l kontakte yon Ofisye absans ki pou ede l rezoud sitiyasyon an.

Paran ak gadyen yo dwe rele lekòl la pi bonè ke posib men pa pita pase 7:30 A.M. si pitit yo pa p kapab vini lekòl la pou nenpòt rezon. Pèmisyon absans ki vin pi bonè byenveni e nou apresye yo. Yo dwe fè apèl telefòn yo byen bonè tou e yo ka kite mesaj nan mesajri vokal prensipal la oswa nan mesajri vokal pwofesè a. Si yon elèv pa nan klas jeneral la epi yo pa notifiye lekòl la de absans li ya p rele paran oswa gadyen an lakay li oswa nan travay li. Nan telefòn, mesajri vokal, ak nòt, tanpri endike non pitit ou, relasyon ou genyen avèk timoun nan, ak rezon pou ak dat elèv la te absan an.

Elèv yo ap responsab pou travay ki manke akòz sispansyon, vakans, oswa absans. Devwa gen dwa pa toujou disponib avan absans yo.

Daprè M.G.L c. 76 ak c. 72, § 8, tout elèv ki anba 16 ane sipoze nan lekòl. Brooke Charter School opere an akò avèk Depatman Demann ak Asistans Tranzisyonèl. Depann de rapidite reta ak/oswa absans yo, gen dwa gen konsekans ki gen ladann, men pa limite sèlman nan pèdi privilèj, detansyon, double klas, ak rekòmandasyon nan yon Ofisye Absans nan Vil Boston. Elèv ki absan nan lekòl pa kapab asiste oswa patisipe nan okenn lòt aktivite lekòl la patwone ka p fèt nan jou li absan an, sof si lekòl la te bay pèmisyon alavans.

Tout kesyon konsènan prezans elèv ak dosye prezans dwe ale jwenn Direktè Operasyon lekòl la.

Reta

Paran yo dwe eskòte elèv ki an reta yo nan Biwo Prensipal la pou yo siyen avan yo rantre nan klas yo. Elèv ki rive an reta apre 7:45am kontrarye tout klas la e se poutèt sa nou dwe fè tout efò pou nou evite sa. Twa reta pra l konte kòm yon absans pou objektif règleman prezans la.

Depann de rapidite reta elèv la. gen dwa gen konsekans ki gen ladann men pa limite sèlman nan, resevwa yon vyolasyon reta ke paran an dwe siyen, pèdi privilèj, resevwa yon demerit, ak detansyon.

Anplis, si elèv yo gen anpil absans ki pa jistifye, yo pra l mande fanmi yo pou rankontre avèk pwofesè yo, Dwayen Elèv yo, ak/oswa Direktè Operasyon an pou adrese pwoblèm nan.

Règleman pou Lage Bonè

Nan lòd pou minimize kontraryete nan klas, nou mande ke notifikasyon pou lage bonè yo fèt byen lontan davans si posib, men pa pita ke 7:45 A.M. nan jou ya p lage bonè a. Nou mande tou pou nou pran randevou doktè ak dantis nan lè apre lekòl yo pou anpeche yo pèdi lè nan klas. Paran yo dwe enfòmè pwofesè yo alekri lè elèv la ap kite bonè nan mete yon nòt nan katab Life Work timoun nan.

Lekòl la pra l anrejistre lage avan 12:00 PM nan yon jounen konplè kòm absans. Lekòl la pra l anrejistre lage apre 12:00 PM men avan 3:55 PM kòm prezan men lage bonè. Anjeneral, elèv yo dwe prezan pou omwen mwatye nan tan enstriksyon an nan yon jou pou yo konsidere kòm prezan.

Fèmti pou nèj

Nan ka kote gen move tan tankou gwo nèj, tanpri tande televizyon lokal ou oswa radyo pou enfòmasyon enpòtan konsènan anilasyon lekòl. Brooke Charter School swiv menm règleman anilasyon avèk Boston Public School, konsa, si Boston Public School fèmen, Brooke Charter School ap fèmen tou.

LIFE WORK (DEVWA)

Depann de nan ki Brooke Charter School pitit ou ye, gen dwa gen varyasyon konsènan atant Life Work yo ansanm avèk konsekans si gen neglijan pou konplete devwa ki asiyen yo. Administrasyon lekòl la ak/oswa pwofesè klas elèv la ap ba w règleman ki konsène lekòl kote li ye a.

JWÈT

Elèv yo pa p gen opòtinite pou yo jwe avèk jwèt pandan jounen an konsa jwèt yo dwe rete lakay. Ya p konfiske tout jwèt ki pa apwopriye yon elèv ta pote nan lekòl la. Yo pa p remèt elèv yo atik ki konfiske yo; yon paran oswa gadyen pra l oblije vini nan lekòl la pou rekipere yo. Elèv yo pa dwe pote jwèt ale nan rekreyasyon.

RÈGLEMAN POU ABIMAN

Nou respekte aparans ak solidarite nou kòm, yon kominote atravè inifòm nou. Nou atann pou elèv ki nan kominote nou an swiv règleman abiman an pou yo ka aksepte li nan klas. Brooke ranfòse règleman abiman an pou l montre respè pou aparans nou, pou l montre solidarite kòm yon kominote ak ankouraje yon sans egalite ak yon konsantrasyon akademik ekselan, ak pou l prepare elèv yo pou yo abiye kòm sadwa pou lòt sikonstans nan lavni tankou lekòl segondè, kolèj ak entèvyou travay ak eksperyans.

Nou trè rijid sou règleman inifòm nou an. Depann de nan ki lekòl Brooke Charter pitit ou ye, gen dwa gen varyasyon konsènan detay Règleman Abiman an ak konsekans si yo pa konfòm ak règleman abiman an. Administrasyon lekòl kote pitit ou ale a pra l pataje règleman ki gen rapò

ak abiman an oswa w ap jwenn ni nan Anèks nan Manyèl sa a. Anplis, lekòl la ap mete enfòmasyon pou achte inifòm yo disponib pandan nouvo oryantasyon paran/elèv ak avan ane a kòmanse. Si ou pa resevwa enfòmasyon sou kijan pou w achte inifòm pou pitit ou, tanpri kontakte administrasyon an touswit. Yon fwa ou resevwa enfòmasyon sou kijan pou w achte inifòm pitit ou, tanpri fè kòmand ou bonè paske yo souvan konn fin vann nan semèn avan lekòl la ouvè.

Aksidan twalèt

Paran elèv ki nan jadendanfan yo ak lòt elèv ki pi gran yo ki gen yon dosye aksidan nan twalèt oblije voye yon lòt pè pantalon, souvètman sipleman, ak chosèt sipleman nan lekòl la, e ya p mete rad sipleman yo nan kasye elèv la nan lekòl la. Aksidan yo pafwa rive pandan gwo jounen long nou yo, menm pou elèv ki pa abitye fè aksidan yo, e pitit ou kapab chanje rad byen rapid ak fasil si sèlman paran yo pote rad de rechanj nan valiz yo. Si yon timoun fè yon aksidan e li pa gen rad de rechanj, ya p mande timoun sa a pou l chita oswa kanpe nan biwo a jiskaske yon moun pote yon rad pou li.

Anplis, tanpri konsidere fè kado ansyen inifòm pitit ou yo lè yo twò piti pou li; konsa na p gen ase inifòm nan lekòl la e na p ka vann lòt fanmi inifòm sa yo a pi ba pri.

ORÈ ELÈV YO

Orè Elèv yo

Si nou vle elèv yo aprann plis, nou bezwen pase plis tan nan aprantisaj. Jounen lekòl ki pi long ak ane lekòl ki pi long nou yo ba yo opòtinite sa a. Pwofesè yo bay pwòp orè yo nan klas yo e konsa orè yo pra l chanje de klas an klas de jou an jou. Pwofesè klas yo ka ba ou pi plis enfòmasyon sou orè chak jou yo pandan Inogirasyon an.

Lè Jounen Lekòl la

Klas Jadendanfan-7 (Lendi, Madi, Jedi, Vandredi)

Roslindale: 7:45am – 4:00am

Mattapan: 7:45am – 4:00pm

East Boston: 7:45am – 4:00pm

Klas Jadendanfan-7 (Mèkredi)

Roslindale: 7:45am – 12:30pm

Mattapan: 7:45am – 12:30pm

East Boston: 7:45 a.m. – 12:30pm

Klas 8-12 (Madi, Mèkredi, Jedi, Vandredi)

8th Grade Academy: 7:45am – 4:00pm

Brooke High: 8:00am – 3:45pm

Klas 8-12 (Lendi)

8th Grade Academy: 9:45am – 4:00pm

Brooke High: 9:45am – 3:45pm

Lage Bonè

Elèv Brooke ki nan klas Jadandanfan-7 yo lage a 12:30 p.m. chak Mèkredi pou yo ka bay pwofesè yo ase tan pou yo ka devlope bonjan aktivite pwofesyonèl. Tanpri sonje ke **yo pa** sèvi manje midi pou klas Jadandanfan-7 nan jou yo lage bonè yo.

Netwayaj Lekòl la

Avèk anfas lekòl la mete sou responsablite, chak elèv ki nan klas jeneral la pra l responsab pou netwaye klas yo nan fen jounen an. Pandan ke lekòl la anplwaye yon moun pou fè netwayaj, li enpòtan ke chak moun nan lekòl la – elèv ansanm ak anplwaye – patisipe nan aktivite netwayaj, espesyalman nan asire ke espas komen yo byen ranje ak pwòp.

Preparasyon Akademik Sipleman tè

Elèv ki bezwen èd sipleman tè oswa leson patikilye, espesyalman sa yo ki nouvo nan lekòl la, ka oblije kòmanse jounen lekòl yo pi bonè ak/oswa rete nan aprè midi pou enstriksyon sipleman tè. Kidonk, tanpri sonje ke pèfòmans akademik elèv yo ka detèmine longè jounen lekòl yo. Bagay ki pi enpòtan pou lekòl la sè ke elèv yo prepare pou reyisi nan klas yo.

Anplis, elèv yo ka oblije patisipe nan sesyon ete an Jiyè pou yo ka resevwa enstriksyon akademik pwolonje. Jou sesyon ete sa yo pa fakiltatif e yo konsidere kòm pati de ane lekòl regilye a pou moun sa yo ki gen obligasyon pou yo vini an.

Espò

Elèv ki gen laj ki kalifye ka sèlman patisipe nan ekip espò lekòl la patwone si yo 1) pase tout klas yo; 2) resevwa pèmasyon nan men paran oswa gadyen yo; e 3) yo genyen nan dosye verifikasyon Enfimyè Lekòl la ke yo te pase konsiltasyon fizik anyèl la nan ane ki sot pase a. Fanmi yo dwe mete nan tèt yo ke elèv ki pa bay prèv egzamen fizik nan espas dènye ane kalandriye a pa p kalifye pou yo patisipe nan espò andeyò lekòl la.

KONPÒTMAN NAN KOULWA

Koulwa yo se espas plizyè moun itilize e ki gen bri. Nou mande pou tout elèv ak adilt ka p itilize koulwa a pandan jounen lekòl la sonje ke bri nan koulwa a kontrarye klas ka p travay. Elèv yo sipoze deplase soti nan yon klas ale nan yon lòt an silans nan yon sèl liy, akmen yo sou kote yo, pa manyen miray la, ak bò dwat mi an. Elèv ki nan koulwa a san pèmasyon ak elèv kap pale nan koulwa a ap resevwa Vyolasyon Kominotè oswa Detansyon.

KONPÒTMAN NAN TVALÈT

Nan lòd pou yo asire ke yo prezan nan klas pou plis tan ke posib, elèv dwe fè tout efò pou yo itilize tvalèt avan lekòl la kòmanse, pandan pòz pou tvalèt, ak apre lekòl. Lè li nesèsè pou elèv yo itilize tvalèt pandan tan klas, elèv yo dwe swiv pwotokòl klas yo pou yo jwenn pèmasyon pou tvalèt.

Twalèt yo se espas plizyè moun itilize, e elèv yo dwe trete espas twalèt yo avèk fyète. Elèv yo dwe netwaye lè yo fin itilize li, baskile twalèt yo, epi asire ke pa gen pwodwi papye atè a. Elèv yo pa dwe pote anyen nan twalèt la, enkli enstriman pou ekri.

EVALYASYON

Anplis de mezi evalyasyon tradisyonèl nan klas, nou itilize yon sistèm evalyasyon inifòm pou detèmine nivo lekti elèv yo. Nan jadendanfan-twazyèm ane, nou itilize evalyasyon STEP la. Evalyasyon youn ak youn sa a bay pwofesè ak paran yo enfòmasyon enpòtan konsènan lekti kouran, devlopman son, ak konpreyansyon. Yo pral bay nouvo elèv yo tès la byen bonè nan ane a epi tout lòt elèv yo nan fen chak trimès. Rezilta sa yo pral detèmine nivo lekti yo pral remake sou kat rapò a. Pou asire ke kalite enstriksyon ak dilijans li konsistan atravè kanpous nan Yo bay gwo evalyasyon yo apeprè senk fwa pa ane nan tout matyè yo. Direktè ak pwofesè yo itilize done yo pou yo ede elèv yo ak amelyore kourikoulòm nan.

RAPÒ PWOGRÈ, KAT RAPÒ, AK REYINYON PARAN-LEKOL

Pwofesè ak anplwaye yo pral itilize rapò pwogrè ak kat rapò pou yo kominike pèfòmans akademik ak konpòtman elèv yo. Ya p voye rapò pwogrè ak kat rapò yo lakay ansanm avèk elèv yo. Nan kèk sikonstans yo gen dwa pa distribiye kat rapò oswa rapò pwogrè yon elèv nan klas la e paran oswa gadyen an ka oblije vin pran li nan lekòl la. Paran yo dwe atann yo tou ke ya p genyen rankont avèk pwofesè pitit yo nan de Konferans Fanmi-Pwofesè ki fèt chak ane nan mwa Novanm ak Mas. Nouvo fanmi yo dwe patisipe nan yon konferans tou avan ane lekòl la kòmanse.

RÈGLEMAN PWOMOSYON

Klas Jadendanfan-5

Yo konsidere faktè sa yo nan desizyon pwomosyon: prezans, nivo lekti jeneral, ak estanda metriz ki nan nivo klas, jan li parèt nan kat rapò a.

Elèv ki akimile plis pase 15 absans pandan ane lekòl la pral konsidere pou double klas yo ye a. Tanpri refere nan seksyon règleman prezans nan manyèl sa a pou plis detay sou règleman sa a. Tapri sonje ke absans ki se rezilta sispansyon andeyò lekòl pa eskize.

Elèv ki pa li nan nivo klas yo nan fen ane akademik la ap elijib pou double nan lekòl elemantè a, e elèv ka p li plis pase mwatye ane anba nivo klas yo dapre rezilta dènye tès STEP la ap double klas yo ye a otomatikman. Paren elèv ki an danje pou double yo pral resevwa avi posiblite sa a alekri nan fen dezyèm trimès la.

Elèv Elemantè yo pral resevwa kad rapò ki baze sou estanda ki reflekte pwogrè elèv la nan direksyon metrize pouvwa estanda pou chak nivo klas yo. Yo atann pou elèv yo metrize tout estanda yo nan fen chak nivo klas. Yo bay Elèv Elemantè yo grad nan yon echèl ki soti nan 0 pou rive nan 4.

- 0 – Elèv la pa gen okenn metriz pou estanda a.
- 1 – Elèv la gen yon ti metriz pou estanda yo e li bezwen jwenn sipò kontinye.
- 2 – Elèv la gen yon mòso metriz nan estanda yo e li bezwen mwens sipò.
- 3 – Elèv la gen metriz nan nivo klas li e li kapab travay poukont li.
- 4 – Elèv la gen metriz ki pi wo pase nivo klas li e li kapab aplike estanda sa yo nan nouvo sitiyasyon.

Elèv ki gen yon mwayèn ki pi ba pase yon 2.8 nan lang oswa domèn kat rapò matematik nan fen ane a elijib pou double, e elèv ki gen mwayèn anba 2.4 pra l double otomatikman. Paran elèv ki an danje pou double yo pra l resevwa avi pou posiblite sa a alekri nan fen dezyèm trimès la. Pwofesè klas yo fè rekòmandasyon pwomosyon yo, e direktè a pran desizyon final la.

Lekòl la gen dwa pou l fè eksepsyon nan règleman sa a lè gen sikonstans espesyal.

Tout elèv ka p li anba nivo klas yo nan fen ane akademik la oblije patisipe nan sesyon ete. Sesyon ete se yon pwogram entansif, ki vize enstriksyon ki gen objektif pou devlope lekti, ekri ak konpetans matematik nan yon ti sal klas. Elèv yo dwe mete inifòm pandan sesyon ete a. Sesyon ete fèt gratis, men paran yo sipoze bay transpòtasyon pou pitit yo. Prezans nan sesyon ete pa p afekte desizyon pwomosyon yo.

Klas 6-8

Elèv ki pa pase de oswa plis nan pi gwo klas yo (syans, matematik, syans sosyal, lekti, oswa ekri) pra l double klas yo ye a pou yon kesyon règleman. Elèv ki gen nòt devwa yo ki pi piti pase 70% pou de oswa plis nan gwo matyè yo pra l double klas yo ladann nan pou yon kesyon règleman.

Elèv ki pa pase youn nan gwo matyè yo pou ane a pra l double klas yo ye a, sof si lekòl la fè yon eksepsyon. Elèv yo ka double klas la tou si yo fini ane a avèk lekti ki anba nivo klas yo. Nan ka sa yo, kritè pou yo pran desizyon sa a se preparasyon elèv la pou l reyisi nan pwochen nivo klas la. Anplis pou double oswa pwomote, lekòl la ka pwomote yon elèv tou a kondisyon ke yo konplete yon pwogram ete lekòl la apwouve avèk siksè, ke fanmi yo peye.

DEVLOPE SEKIRITE AK SANTIMAN SEKIRITE

Lekòl la gen yon pakèt pwosedi debaz pou l asire sekirite elèv ak anplwaye li yo. Kooperasyon tout moun prale byen lwen nan garanti ke biznis lekòl la – ansèyman ak aprantisaj – kapab fèt.

KANPOUS FÈMEN

Nan okenn sikonstans elèv yo pa dwe kite bilding lekòl la san pèmisyon. Yon elèv ki gen pèmisyon kapab kite sèlman avèk apwobasyon, e, nan pifò ka yo, avèk eskòt ak sipèvizyon yon adilt ki otorize.

RÈGLEMAN POU VIZITÈ

Tout vizitè dwe rapòte nan Biwo prensipal la lè yo rantre nan bilding nan. Nenpòt vizitè, enkli paran, ki pa rapòte nan biwo a oswa yo jwenn nan bilding nan san otorizasyon ap oblije sòti touswit. Yo ankouraje paran yo pou yo vizite lekòl la; yo diskite entegrasyon paran nan plis detay pi devan nan manyèl sa a.

RECHÈCH ELÈV

Pou l ka kenbe sekirite tout elèv li yo, Brooke Charter School gen dwa pou l fouye elèv yo ak pwopriyete yo. Si fouy la ap fèt, lekòl la ap asire ke yo respekte vi prive elèv yo nan limit ki posib, e ke elèv yo ak fanmi yo enfòme de sikonstans ak rezilta fouy la.

Kazyè lekòl ak biwo ki asiyen pou elèv yo itilize, toujou rete kòm pwopriyete lekòl la e elèv yo pa dwe gen okenn atant vi prive nan zòn sa yo. Zòn sa yo sijè a fouy o aza pa ofisyèl lekòl la nenpòt lè.

PWOSEDI SEKIRITE KONT DIFE

Nan ka kote gen yon ijans – si yon elèv oswa yon manm pèsònèl la wè yon dife oswa santi lafimen—li dwe fèmen pòt la ak rale alam dife a ki lokalize nan youn nan fen koridò a. Lè yo tandè alam nan, anplwaye yo pra l rasanble elèv yo nan chanm yo epi kòmanse soti nan bilding nan daprè plan evakyasyon ki afiche nan chak chanm. Elèv yo dwe swiv enstriksyon anplwaye yo, ki pra l verifye sekirite eskalye yo pou mennen elèv yo deyò bilding nan nan lokalite ki deziyen an, kote pèsònèl lekòl la pra l ranje elèv yo pa klas ak anrejistre prezans.

Pandan premye mwa ane lekòl la, elèv yo ak anplwaye yo pra l patisipe nan egzèsis dife pou asire ke tout kominote lekòl la familiarize avèk repons ki apwopriye nan ka kote gen yon ijans.

ENFÒMASYON JENERAL LEKÒL LA

ENFÒMASYON KONTAK BROOKE CHARTER SCHOOL

Brooke Charter School - Roslindale

190 Cummins Highway
Roslindale, MA 02131
Telefòn: 617-325-7977
Faks: 617-325-2260
www.ebrooke.org

Brooke Charter School - Mattapan

150 American Legion Highway
Mattapan, MA 02124
Telefòn: 617-268-1006
Faks: 617-474-4612
www.ebrooke.org

Brooke Charter School – East Boston

189 Paris Street
East Boston, MA 02128
Telefòn: 617-409-5150
Faks: 617-569-6417
www.ebrooke.org

Brooke High School & 8th Grade Academy

200 American Legion Highway
Mattapan, MA 02124
Telefòn: 617-874-5515
Faks: 857-401-3010
www.ebrooke.org

JOU LEKÒL

Bilding lekòl la fèmen a 6:00 p.m. Mesajri telefòn nan pra l sou otomatik avan 7:15 a.m. ak apre 6:00 p.m., byenke fanmi yo dwe santi yo alèz pou yo rele ekstansyon ki apwopriye a dirèkteman nenpòt lè.

ITILIZASYON TELEFÒN PA ELÈV YO

Telefòn biwo a se yon telefòn biznis e elèv yo dwe itilize li pou ijans sèlman. Elèv yo pa dwe itilize telefòn pou yo fè aranjman pou livrezon okenn atik, enkli rapò pwogrè siyen, kat rapò siyen, oswa devwa ki manke. Si paran yo bezwen kite yon mesaj pou pitit yo, yo dwe rele biwo a, men pa telefòn nan klas la, pou yo kite yon mesaj avan 2:30 p.m. Yo pa p rele yon elèv nan klas li pou l al pale avèk yon paran nan biwo a si se pa yon ka ijan.

Elèv yo pa dwe itilize telefòn nan klas yo oswa nan biwo a san pèmisyon yon pwofesè oswa yon manm pèsònèl la. Anjeneral, elèv pa p gen opòtinite pou yo rele lakay yo pandan jounen lekòl la. **Elèv yo pa dwe itilize telefòn selilè yo pandan jounen lekòl la.** Elèv Jadendanfan-8 pa ka itilize telefòn selilè yo oswa mete yo deyò lè yo nan lekòl la. Si yo fè sa y ap resevwa yon vyolasyon kominotè (K-5) oswa yon detansyon otomatik (6-8). Y ap kenbe telefòn nan lekòl la jiskaske yon paran ka vin chache li.

KOMINIKASYON FANMI

Li trè enpòtan pou lekòl la gen metòd pou l kontakte paran oswa lòt manm fanmi yo nenpòt lè. Sa enpòtan anpil nan ka ijans, maladi, oswa konpòtman ki bezwen kontak fanmi touswit. Yo avèti paran yo pou yo notifie biwo a si yo deplase, chanje kay oswa nimewo telefòn ijans, ak/oswa plas travay.

Nan ka ijan, paran oswa gadyen yo dwe kontakte Biwo Prensipal la pa telefòn oswa an pèsòn. Nan okenn sikonstans paran oswa gadyen yo pa dwe kontakte elèv yo nan klas yo oswa eseye fè yo sòti nan bilding nan san avèti ak resevwa pèmisyon nan men manm pèsònèl la nan Biwo Prensipal la.

ENTEGRASYON PARAN

Entegrasyon paran nan lavi edikasyonèl yon timoun enpòtan anpil pou siksè li. Nou ankouraje paran yo pou devlope patenarya pozitif ki sollid avèk lekòl la.

Vizit nan Klas yo

Lekòl nou an gen yon règleman pòt ouvè ki pèmèt paran yo vin chita nan klas yo nenpòt lè apre premye semèn lekòl yo. Nan kòmansman lekòl la, li enpòtan pou elèv yo fè tranzisyon an nan nouvo anviwonman yo, e prezans paran yo nan klas la kapab ralanti pwosesis la. Apre Inogirasyon an, nou ankouraje paran yo vini nan klas la pou yo wè pwofesè avèk elèv etonan nou yo ka p travay. Lè ya p obsève nan klas la, nou mande paran yo pou yo pa detounen edikasyon pitit yo oswa lòt elèv yo oswa pou eseye pran konvèsasyon endividyèl avèk pwofesè a pandan lè enstriksyon. Paran ka p detounen pwosesis edikasyon an ya p mande yo pou yo deplase. Paran yo dwe siyen nan biwo a avan yo vizite klas yo ak mete yon etikèt vizitè nan lekòl la.

Premye Reyinyon Pwofesè

Yo mande nouvo paran yo pou yo mennen pitit yo nan lekòl la avan lekòl la kòmanse pou yo rankontre avèk pwofesè klas jeneral yo a. Reyinyon sa yo ap dire apeprè demi èdtan e ya p pwograme dirèkteman pa pwofesè klas jeneral la. Reyinyon sa yo pra l bay elèv yo ak fanmi yo yon chans pou yo rankontre avèk pwofesè yo avan premye jou lekòl la e la p pèmèt pwofesè a aprann yon ti kras sou istwa edikasyonèl ak pèsonalite pitit ou. Li enpòtan ke tout paran ak pitit yo patisipe nan premye reyinyon pwofesè sa a.

Enfòmasyon Kominotè

Yo ka voye Enfòmasyon Kominotè lakay a peprè yon fwa pa mwa, Yo ka voye kominikasyon yo pa imèl, voye feyè lakay pa etèy yo, lapòs, oswa nenpòt lòt mwayen ki nesesè pou bay paran ak gadyen yo enfòmasyon enpòtan sou evènman ki gen pou fèt yo. Si ou ta renmen resevwa imèl sa yo chak semèn, tanpri asire ke lekòl la gen adrès imèl ou nan dosye.

Konferans Paran

Konferans Paran-Pwofesè se yon eleman enpòtan nan pwogram edikasyon nou an. Yo atann pou paran yo patisipe nan yon konferans pou 30 minit apre chak nan de premye kat rapò yo fin ale lakay jan pwofesè a oswa direktè a mande li.

Komite Entegrasyon Paran

Anplis de sipòte pitit yo nan aprantisaj ak aprann plis sou pwogram lekòl la, paran/gadyen yo gen opòtinite pou kontribiye nan lekòl la pa Komite Entegrasyon Paran an. Tanpri gade nan [Anèks A](#) pou plis enfòmasyon sou Règleman Entegrasyon Paran.

PWOPRIYETE KI PÈDI OSWA YO VÒLÈ

Nou enèjikman ankouraje fanmi yo pou yo asire ke timoun yo pa pote atik ki valab nan lekòl la. Nenpòt atik elèv yo mennen nan lekòl la ki ka lakòz distraksyon ap konfiske. Nou fè tout efò rezonab pou nou retounen tou pwopriyete pèsònèl bay paran ki apwopriye a; Sepandan, lekòl la pa responsab pou ranplase pwopriyete ki pèdi oswa yo vòlè oswa pou kompanse fanmi yo pou valè pwopriyete sa a.

TRANSPÒTASYON

Lekòl la itilize yon konbinezon metòd transpòtasyon pou l transpòte elèv yo nan vini ak soti lekòl.

Otobis Boston Public School

Lekòl la itilize otobis Boston Public School (BPS) pou elèv ki elijib yo. BPS detèmine elijibilite yo.

Depatman Transpòtasyon Boston Public School pra l voye yon avi ba ou sou lokasyon estasyon otobis ou a, lè la p ranmase ak depoze, ak nimewo otobis la.

Tanpri sonje ke dapre règleman BPS, chofè otobis yo ka depoze elèv nan estasyon yo menm si paran an pa la. Se poutèt sa, li trè trè enpòtan pou paran an rive alè nan estasyon otobis la pou pran timoun yo.

SA KA P PASE SI...

- **Ou deplase pandan ane lekòl la?** Tanpri kontakte biwo prensipal la epi mande pou l pale avèk Direktè Operasyon lekòl la. Na p voye nouvo adrès ou a bay depatman transpòtasyon BPS pou pitit ou kapab resevwa yon nouvo plasman transpòtasyon. Tanpri sonje ke pwosesis chanje yon estasyon otobis lè yon adrès chanje ka pran kèk semèn sou bò pa BPS.

- **Otobis la an reta?** Yo pa p make "reta" pou elèv la si otobis yo rive an reta lekòl la. Ou kapab kontakte Transpòtasyon BPS nan 617-635-9520 si ou gen nenpòt kesyon sou otobis pitit ou oswa si w vle kontwole lokasyon otobis la..

Transpòtasyon Altènatif

Paran yo ka fè demann yon estasyon otobis toupre pwogram apre lekòl pitit yo, avèk sèten restriksyon. Estasyon yo mande dwe youn nan wout regilye otobis yo, e dwe gen yon plas disponib nan otobis la. Paran yo dwe konsyan ke BPS gen dwa paka asiyen yon elèv yon estasyon altènatif, epi demann yo ka pran plizyè semèn. Ou gen dwa kontakte Direktè Operasyon yo pou detay ak yon aplikasyon.

Akomodasyon Transpòtasyon

Sèvis transpòtasyon pou elèv ki andikape yo mansyone nan (Plan Edikasyon Endividyèl) Individualized Education Plan (IEP) yo oswa Section Plan 504 yo. Kèk elèv resevwa sèvis otobis pòt an pòt. Lòt elèv ki andikape yo depoze ak pran yo nan yon kwen toupre lakay yo, resevwa yon pas MBTA, oswa mache ale lekòl la. Koòdonatè Sipò Elèv yo kapab ede koòdone sèvis sa yo avèk BPS. Kèk elèv ki gen kondisyon medikal oswa fizik ka resewa sèvis pòt an pòt nan soumèt yon lèt doktè bay direktè a. Enfimyè Lekòl la pra l kontakte doktè a pou diskite sèvis transpòtasyon ki apwopriye pou elèv sa yo ak lè limit sèvis sa yo.

Refize Transpòtasyon

Nou konsidere otobis lekòl la tankou yon pwolonjman klas la. Sa vle di ke nou genyen menm estanda konpòtman yo nan otobis la. Elèk ki vyole kòd disiplin nan pandan yo nan otobis la kapab resevwa disiplin e yo ka refize yo transpòtasyon, swa pou rès ane lekòl la oswa pou yon sispansyon tanporè. Elèv la sipoze vini lekòl nan jou yo pa admèt li nan otobis la, sof si elèv la nan sispansyon nan lekòl la tou.

Tanpri sonje ke paran yo pa gen dwa monte nan otobis oswa van lekòl la pou konfwonte chofè, kontwolè, oswa nenpòt elèv. Si paran yo gen yon pwoblèm avèk chofè otobis, la kontwolè, oswa yon elèv, yo dwe enfòme Dwayen Elèv yo de sitiyasyon an. Administrasyon lekòl la pra l alò mennen yon ankèt sou plent ou a.

Lokasyon Arive ak Depa Otobis

Brooke Roslindale

Otobis ak van lekòl yo pra l depoze elèv yo nan lekòl ant 7:15 a.m. ak 7:30 a.m., e ya p retounen elèv yo soti nan lekòl a 4:00 p.m. Otobis ak van yo pra l depoze ak pran elèv yo devan pòt antre lekòl la nan Cummins Highway. Cummins Highway ak Summer St. se kote ki okipe, ki gen anpil trafik. Elèv yo pa dwe janm travèse lari yo sof si yon adilt eskòte yo oswa yo resevwa yon siyal mache nan yon entèseksyon. Nou mande ke lè paran yo ap travèse lari sa yo avèk pitit yo, pou yo fè sa sèlman nan zòn travèse yo. Espesyalman lè lekòl lage travèse nan yon zòn ki pa otorize kreye yon pakèt tèt chaje ak sitiyasyon ki danjere epi bay elèv yo move egzanp.

Brooke Mattapan

Otobis ak van lekòl yo pra l depoze elèv yo nan lekòl ant 7:15 a.m. ak 7:30 a.m., e ya p retounen elèv yo soti nan lekòl a 4:30 p.m. Otobis ak van yo pra l depoze ak pran elèv yo sou kote Austin Street toupre bilding lekòl la nan mak liy otobis yo. American Legion Highway se yon kote ki okipe anpil, ki gen anpil trafik. Elèv yo pa dwe janm travèse lari yo sof si yon adilt eskòte yo oswa yo resevwa yon siyal mache nan yon entèseksyon. Nou mande ke lè paran yo ap travèse lari sa yo avèk pitit yo, pou yo fè sa sèlman nan zòn travèse yo. Espesyalman lè lekòl lage travèse nan yon zòn ki pa otorize kreye yon pakèt tèt chaje ak sityasyon ki danjere epi bay elèv yo move egzanp.

Brooke East Boston

Otobis ak van lekòl yo pra l depoze elèv yo nan lekòl ant 7:15 a.m. ak 7:30 a.m., e ya p retounen elèv yo soti nan lekòl a 4:30 p.m. Otobis ak van yo pra l depoze ak pran elèv yo devan pòt antre lekòl la nan Byron Street. Horace Street ak Byron Street se kote ki okipe anpil, ki gen anpil trafik. Elèv yo pa dwe janm travèse lari yo sof si yon adilt eskòte yo oswa yo resevwa yon siyal mache nan yon entèseksyon. Nou mande ke lè paran yo ap travèse lari sa yo avèk pitit yo, pou yo fè sa sèlman nan zòn travèse yo. Espesyalman lè lekòl lage travèse nan yon zòn ki pa otorize kreye yon pakèt tèt chaje ak sityasyon ki danjere epi bay elèv yo move egzanp.

Si ou gen nenpòt kesyon, kòmantè, oswa enkyetid, ou kapab rele depatman transpòtasyon nan 617-635-9520.

Kote pou w Vin Chache Elèv

Paran/Gadyen oswa reprezantan yo ka pran elèv yo dirèkteman nan lekòl la lè yo lage. Paran yo pa dwe ale nan klas pou pran elèv yo avan lè regilye lage a paske sa se bagay ki deranje klas anpil.

Kote pou w Depoze Elèv

Fanmi ki mennen elèv yo nan lekòl la nan maten dwe depoze yo nan antre prensipal la avan 7:45 a.m. Pòt lekòl la ouvè a 7:15 a.m. Ya p bay plis detay konsènan paran ka p depoze ak pran elèv yo avan ane lekòl la kòmanse. Pou nenpòt kesyon konsènan depoze ak pran elèv yo, tanpri kontakte biwo administrasyon nan lekòl pitit ou a.

Pyeton

Fanmi ki chwazi pou pitit yo mache ale ak retounen soti lekòl la dwe notifiye lekòl la pou yo detèmine disponiblite ak lokasyon gad ka p fè yo travèse yo.

Travèse Lari ki Danjere

Lekòl nou an lokalize nan yon kote ki okipe anpil avèk anpil trafik. Elèv yo pa dwe janm travèse lari yo sof si yon adilt eskòte yo oswa yo resevwa yon siyal mache nan yon entèseksyon. Elèv ki vyole règleman sa a pra l fè fas a gwo konsekans, ki ka rive menm nan sispansyon.

Nou mande ke lè paran yo ap travèse lari sa yo avèk pitit yo, yo dwe fè sa nan pozisyon travèse yo. Espesyalman nan lè lekòl lage yo, travèse nan yon zòn ki pa otorize kreye yon pakèt tèt chaje ak sityasyon ki danjere epi bay elèv yo move egzanp.

DEJENE AK MANJE MIDI NAN LEKÒL LA

Lekòl la patisipe nan Pwogram Dejene nan Lekòl la, Pwogram Nasyonal Alimantasyon Eskolè a, ak Pwogram Goute Apre Lekòl la. Yo sèvi tout elèv yo nan tout Brooke Schools yo dejene, manje midi, ak goute gratis. Nou sèvi dejene a apati 7:15 nan maten rive 7:45 nan maten. Elèv ki rive apre 7:45 nan maten gen dwa pa resevwa dejene. Nou sèvi elèv yo de goute pa jou. N ap voye meni yo pou dejene a ak manje midi an chak mwa.

Elèv yo te mèt pote manje midi sòti lakay yo. Yo p ap gen aksè a fou mikwovonn pou chofe manje midi yo. Kola ak sirèt pa janm otorize nan lekòl la, menm nan manje midi ki sòti lakay.

Politik sou Manje ki Bon pou Lasante

Poutèt nou vle garanti elèv nou yo an sante, nou gen yon politik myezèt nan rezo a. Pou dejene, elèv yo pa gen dwa pran ankenn manje fasfoud apa ti pen won, kwasan senp, ak ponmkèt san ti mòso chokola. Yo pa gen otorizasyon nonplis pou yo manje patisri sikre tankou paregzanp, donòt, dānwa, ak ponmkèt ki gen ti mòso chokola. Pou manje midi, elèv yo pa otorize manje fasfoud (eksepte salad, fwi, sandwich chakitri, oswa salad poulè griye), ni papita fri (nou otorize tout papita ble konplè ak legim ki kwit nan fou yo), ni goute fwi ki pa 100% fwi, ni sirèt. Menm règ sa yo aplike pou goute chak jou yo. Lekòl la ap toujou bay tout elèv yo yon goute ki bon pou lasante. Elèv yo pa otorize manje ankenn papita kèlkeswa kalite a pou goute. Kola, te (sa gen ladan te glase), kafe, ak bwason pou espòtif pa otorize. N ap mande elèv ki pote nenpòt nan manje sa yo nan lekòl la pou yo depoze aliman ki gen restriksyon sou li an epi n ap ranplase li avèk yon opsyon ki bon pou lasante lekòl la ofri. Elèv yo bezwen repa byen ekilibre chak jou. Si nou jwenn yon elèv ki gen manje midi ki fèt sèlman avèk "aliman goute," n ap kontakte yon paran epi sèvi elèv la yon manje midi lekòl la.

Alèji alimantè

Lekòl la ap fè tout efò ki rezonab pou fè aranjman pou elèv ki gen alèji alimantè yo. Paran yo gen obligasyon pou yo mete lekòl la okouran tout alèji alimantè yo ak gravte yo. Paran yon timoun ki gen alèji alimantè responsab bay goute pou manje nan klas ak manje midi pou pitit pa li a. Goute sa yo kapab rete nan klas la nan yon bifèt goute separe. Nou entèdi pataje oswa twoke manje kèlkeswa elèv la. Pou elèv ki gen dyagnostik alèji alimantè ki yon danje pou lavi, lè paran an fin mete enfimyè lekòl la okouran li dwe bay dolimantasyon medikal tou sou dyagnostik alèji alimantè ki yon danje pou lavi a. Lè li fin bay dokimantasyon an, fanmi an ak direksyon lekòl la (sa gen ladan pami lòt moun enfimyè lekòl la ak direktè nitrisyon eskolè a) pral rankontre pou elabore yon Plan Swen Sante Endividyèl (Individual Health Care Plan, IHCP) pou fè aranjman pou elèv la. Plan sa a dwe elabore anvan elèv la kòmanse lekòl oswa lepli vit posib lè lekòl la fin resevwa dokimantasyon sou alèji ki yon danje pou lavi a.

Selebrasyon anivèsè

Tanpri kontakte titilè klas la pou fè aranjman pou tout selebrasyon anivèsè. Nou pa kapab otorize selebrasyon anivèsè ki koupe jounen akademik la ni pèmèt selebrasyon anivèsè pandan repa midi an. N ap mete paran yo okouran si gen yon alèji alimantè nan klas la; si gen alèji konsa, nou mande paran yo pou yo pran sa an konsiderasyon epi pou yo evite pwodui alimantè sa a nan goute fèt anivèsè yo. Epitou yo dwe kapab konsome desè fèt anivèsè a fasilman anvan lekòl la

lage epi li dwe respekte politik sou manje ki bon pou lasante a (gade pi wo a). Elèv yo pa gen dwa distribye envitasyon pou fèt nan bilding lekòl la sòf si yo envite tout moun nan klas la. Lekòl la gen dwa egzije pou yo gwoupe selebrasyon anivèsè elèv yo pou redwi kantite selebrasyon anivèsè yo (ki abityèlman gen opsyon manje ki pa bon pou lasante) epi pou garanti lekòl la ap swiv Politik sou Myezèt rezo a.

Deklarasyon non-diskriminasyon

Konfòmeman a lwa federal sou dwa sivil la ak règleman ak politik Depatman Ameriken Agrikilti a (U.S. Department of Agriculture, USDA), USDA a, Òganis li yo, biwo li yo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe nan pwogram USDA yo oswa k ap administre pwogram sa yo gen entèdiksyon fè diskriminasyon baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans poutèt aktivite dwa sivil anvan sa nan kèlkeswa pwogram oswa aktivite USDA fè oswa finanse.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon sou pwogram nan (paregzanp Bray, gwo karaktè, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Òganis (sa eta a oswa sa ki lokal la) kote yo te fè demann avantaj sosyal yo. Moun ki soud, ki tande di oswa ki gen andikap pale gen dwa kontakte USDA pase pa Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram nan gen dwa disponib nan lang ki pa angle.

Pou pote yon plent diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòmilè Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a, (AD-3027) ki anliy nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt ki biwo USDA, oswa ekri yon lèt adrese a USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòmilè a. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Soumèt fòmilè ranpli w lan oswa lèt ou a bay USDA pa:

1. kourye: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
2. faks: (202) 690-7442; oswa
3. imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a bay tout moun menm opòtinite.

DOSYE MEDIKAL AK SÈVIS SANTE

Lwa eta Massachusetts egzije tout elèv ki enskri nan yon nouvo lekòl pou yo genyen yon egzamen fizik avan yo antre nan lekòl la. Avan pou yon elèv enskri nan yon lekòl, elòl la dwe gen fòm sa yo nan dosye:

- **Dosye Sante Lekòl Massachusetts.** Fòm sa a gen ladann dosye ki montre ke elèv la gen: 1) yon egzamen fizik nan espas ane pase a avan kòmansman ane lekòl la; 2) vaksinasyon ki ajou; ak 3) te gen tès depistaj vizyon, tande, ak scoliose;

- **Otorizasyon pou Bay Medikaman nan Fòm Lekòl la.** Si yon elèv dwe resevwa medikaman pandan jounen lekòl la, fòm sa a dwe gen enstriksyon ak siyati doktè ki bay lòd medikaman an e paran oswa gadyen an dwe siyen li;
- **Fòm Piblikasyon Enfòmasyon.** Paran oswa gadyen an dwe ranpli ak siyen fòm sa a, konsa lekòl la ka kontakte doktè elèv la nan ka kote gen yon ijans; ak

Fòm Istwa Sante. Fòm sa a bay enfòmasyon ki enpòtan sou kontak ijans elèv la, founisè swen sante, ak asirans. Pi enpòtan ankò, li bay lekòl la pèmisyon pou l inisye tretman medikal ijan nan ka kote yo paka kontakte yon paran oswa gadyen. Yo pa p pèmèt okenn elèv kòmanse lekòl si yo pa gen fòm sa a nan dosye.

Sèvis Sante

Enfimyè lekòl la ap la pou l bay elèv ki bezwen yo medikaman pandan jounen an, ak pou bay konsèy sou pwoblèm ki gen rapò avèk sante, premye swen a elèv ki blese, ak swen pou elèv ki malad. Anplis, lekòl la gen aksè ak yon doktè konsiltan ki sèvi kòm yon konseye pou lekòl la sou matyè medikal yo chwazi.

Si yon elèv bezwen medikaman pandan li nan lekòl la, lekòl la dwe gen nan dosye li yon Fòm Otorizasyon pou Bay Medikaman pandan li nan lekòl la, ke doktè a ranpli. Okenn elèv pa dwe vini avèk medikaman nan lekòl la san konesans enfimyè a. Elèv yo dwe bay lekòl la fòm otorizasyon medikaman nan premye jou a, oswa kontakte lekòl la pou fè aranjman.

Egzijans sa a aplike nan tout medikaman, enkli Tylenol, aspirin, ak inalè pou opresyon. Si yon elèv bezwen pran yon Tylenol oswa aspirin pandan lekòl la, elèv la dwe gen fòm otorizasyon ki siyen pa doktè ak paran oswa gadyen an, pou bay lekòl la pèmisyon pou l bay medikaman an pandan ane lekòl la. Anplis, chak jou ke elèv la bezwen medikaman an, li dwe pote li avèk yon nòt ki soti nan men paran oswa gadyen an: 1) pou bay Enfimyè lekòl la pèmisyon pou l bay Tylenol oswa aspirin; ak 2) enfòm Enfimyè a ki dènye lè timoun nan te pran Tylenol oswa aspirin nan. Si li pa gen otorizasyon sa a nan dosye, paran an oswa gadyen elèv la dwe vini nan lekòl la dirèkteman pou bay Tylenol oswa aspirin nan. Si yon elèv bezwen pote yon inalèt pou opresyon nan lekòl la, elèv la dwe bay Enfimyè Lekòl la lòd doktè a ki di ke elèv la dwe pote inalèt a. Paran oswa gadyen an dwe siyen lòd la tou, e elèv la dwe bay enfimyè a yon dezyèm inalèt ki pou rete nan biwo enfimyè a.

Pandan ke Enfimyè Lekòl la responsab pou siveye pwogram administrasyon medikaman preskripsyon, lekòl la anrejistre avèk Depatman Sante Piblik yon plan ki apwouve pa yon Konsèy ki pèmèt delegasyon administrasyon medikaman bay pèsònèl lekòl ki pa gen lisans anba yon sèten sikonstans.

Dispozisyon Premye Swen ak Ijans Medikal

Aksidan minè, grafouyen, ak blese ap trete jeneralman nan lekòl la pa Enfimyè lekòl la oswa pa pwofesè ak administratè yo chwazi a. Lekòl la pa ekipe pou jere sèvis medikal ki depase sèvis premye swen debaz. Nan ka kote yon elèv bezwen swen ijans, ya p kontakte yon paran oswa gadyen toutswit. Si yo paka jwenn yon paran oswa kontak ijans yo, lekòl la gen dwa inisye tretman medikal. Konsa li esansyèl ke nou genyen Fòm Istwa Sante elèv la, ki bay enfòmasyon kontak ki

ajou pou paran ak gadyen yo, e ki bay lekòl la pèmasyon pou inisyè tretman medikal si yo paka jwenn yon paran oswa gadyen.

Blesi nan Tèt ak Règleman pou Chòk

Pou yo ka kontwòle ak jere blesi nan tèt avèk efikasite, Brooke Charter Schools etabli pwotokòl pou anpeche, antrene, jere ak retounen kòm sadwa sou desizyon aktivite pou tout elèv ki enplikde nan aktivite atletik andeyò lekòl. Tanpri gade nan Anèks la pou w jwenn detay konplè sou Règleman Blesi nan tèt ak Règleman pou Chòk.

DOSYE ELÈV

Tès Ofisyèl

Jan eta a mande li, tout elèv ki nan klas twazyèm ane jis rive nan dis patisipe nan egzamen ofisyèl obligatwa ki fèt nan prentan chak ane.

De tan zan tan, elèv yo dwe pran lòt egzamen tou pou yo mezire pwogrès akademik yo e ka mande yo pou yo bay enfòmasyon woutin.

Dosye Elèv

Jeneral

Lwa Federal avèk eta bay paran yo ak elèv ki kalifye yo (sa yo ki gen laj 14 oswa pi gran) dwa konfidansyalite, aksè ak amannman ki gen rapò ak dosye elèv yo. Kopi Règleman Dosye Elèv Massachusetts Student Records Regulations ("Règleman"), ki detaye dwa sa yo, disponib nan Biwo Prensipal la. Bagay ki annapre yo se yon apèsi jeneral pwovizyon ki nan Règleman yo.

Aksè ak Amannman

Paran yon elèv ki kalifye gen dwa pou l gen aksè nan dosye elèv la ak pou l chache amannman si paran elèv ki kalifye a kwè ke yo pa egzat, twonpe, oswa otreman nan vyolasyon dwa vi prive elèv la. Pou yo kapab jwenn aksè oswa chache amannman nan dosye elèv la, tanpri kontakte direktè bilding nan.

Konfidansyalite

Piblikasyon dosye elèv jeneralman egzije konsantman paran oswa elèv ki kalifye a. Sepandan, Règleman yo bay sèten eksepsyon. Pa egzanp, pèsònèl anplwaye oswa moun ki gen kontra avèk lekòl la gen aksè nan dosye lè li nesèsè pou yo pèfòme travay yo. Brooke Charter School pibliye yon dosye elèv konplè pou otorize pèsònèl yon lekòl kote elèv la bezwen transfere oswa gen entansyon transfere san plis avètisman, oswa resepsyon fòm konsantman nan men paran elèv ki kalifye a.

Anyè Enfòmasyon Fanmi ak Elèv

Nan objektif pou yo jwenn bonjan kontak avèk fanmi yo ak pou fè piblisite pou siksè elèv yo ak lekòl la, Brooke Charter School gen yon pratik pou pibliye anyè enfòmasyon, ki gen ladann nenpòt nan bagay ki annapre yo: non elèv la, adrès, telefòn, dat ak kote li fèt, dat prezans, klas, patisipasyon nan aktivite ki rekoni ak espò, onè ak prim, ak plan apre gradyasyon. Nan ka kote yon paran oswa yon elèv ki kalifye sijè a piblikasyon nenpòt nan enfòmasyon ki anwo a,

paran/elèv ki kalifye a gen dwa fè yon objeksyon alekri bay direktè a. Si pa gen yon resi pou objeksyon an, anyè enfòmasyon an ap pibliye san plis avi konsantman,

Foto, Videyo, Odyo, Komantè Anrejistre

Pou objektif piblisite ak siksè lekòl la, ak/oswa dokimante ak etidye pratik pwofesè, Brooke Charter School gen pratik pou l anrejistre lavi elèv yo atravè foto, videyo, odyo, oswa lòt kòmantè ki anrejistre. Nan ka kote paran yon elèv ki kalifye sijè a piblikasyon nenpòt nan sa ki anwo yo, paran/elèv ki kalifye a kapab bay direktè a objeksyon li alekri. Si pa gen yon resi pou objeksyon an, anyè enfòmasyon an ap pibliye san plis avi konsantman.

Aksè pa paran ki pa gadyen

Lwa Jeneral Massachusetts c. 71, §37H ("Seksyon 37H") gouvène aksè nan dosye elèv pa yon paran ki pa gen gad fizik yon elèv. Jeneralman, Seksyon 37H mande yon paran ki pa gadyen ka p chache aksè nan dosye yon elèv pou l soumèt yon demann alekri ak lòt dokimantasyon bay direktè a chak ane. Paran ki gen kesyon oswa enkyetid konsènan aksè nan dosye pa paran ki pa gadyen dwe kontakte direktè lekòl pou plis detay konsènan pwosedi ke yo dwe swiv anba Seksyon 37H.

Paran yo ak elèv ki kalifye yo gen dwa pou ranpli yon plent konsènan swadizan neglijan yon distri lekòl pou l konfòme avèk egzijans lwa dosye elèv yo ak règleman Depatman Edikasyon Massachusetts, 350 Main Street, Malden, MA 02148. Plent ki gen rapò a lwa federal ak règleman ki gouvène dosye elèv kapab depoze Family Policy Compliance Office, U.S. Department of Education, 400 Maryland Avenue SW, Washington DC.

NON-DISKRIMINASYON

Brooke Charter School pa fè diskriminasyon nan admisyon, aksè, tretman, oswa travay nan sèvis li yo, pwogram ak aktivite, sou baz ras, koulè oswa orijin nasyonal, konfòmeman avèk Tit VI nan Lwa Dwa Sivil (Civil Rights Act of 1964 (Tit VI)); sou baz sèks, konfòmeman avèk Tit IX nan Amanman Edikasyon (Education Amendments of 1972 la; sou baz andikap, konfòmeman avèk Seksyon 504 nan Lwa reyabilitasyon (the Rehabilitation Act of 1973 (Seksyon 504) ak Title II nan Lwa Ameriken ki andikape (the Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)); oswa sou baz laj, konfòmeman ak Lwa sou diskriminasyon nan Travay (Age Discrimination in Employment Act of 1974 (ADEA)). Anplis, pèsòn pa dwe sibi diskriminasyon pou admisyon nan lekòl oswa pou jwenn avantaj, privilèj ak aksè nan pwogram etid ak aktivite andeyò lekòl la ofri sou baz sèks, koulè kwayans, relijyon, gwoup etnik, orijin nasyonal, zansèt oryantasyon seksyèl, idantifikasyon sèks oswa ekspresyon, andikap fizik oswa mantal, laj, zansèt, pèfòmans espò, kondisyon ekonomik-sosyal, kondisyon lojman oswa sanzabri, bezwen espesyal, konpetans nan langaj Anglè oswa nan yon lang etranje, oswa achèyman akademik avan yo, jan lwa federal ak eta egzije, enkli MGL c. 71, §89(l); 603 CMR 1.06(1); MGL c. 76, § 5 ak 603 CMR 26.00: Aksè nan Egal Opòtinite Edikasyon.

ELÈV KI GEN BEZWEN ESPESYAL

Brooke Charter School pra l asire ke tout elèv ki andikape yo resevwa yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis jan li defini nan Lwa Edikasyon Moun ki Andikape 2004 la ak No Child Left Behind Act 2001 an (Lwa Piblik 107-110). Paran/Gadyen gen dwa pou yo mande yon evalyasyon Edikasyon Espesyal si yo kwè ke pitit yo gen yon andikap e li bezwen sèvis edikasyon espesyal. Paran yo dwe kontakte Direktè Sipò Elèv yo si ya p fè demann yon evalyasyon e yo ta renmen

apran plis sou pwosesis la. Gade “Dwa Paran Anba Lwa Edikasyon Espesyal” nan [Anèks D nan Paj 61](#).

ASÈLMAN

Brooke Charter School angaje pou l kenbe yon anviwonman lekòl ki pa gen asèlman ki baze sou ras, sèks koulè, kwayans, relijyon, gwoup etnik, orijin nasyonal, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite sèks oswa ekspresyon, andikap fizik oswa mantal, laj, zansèt, pèfòmans espò, kondisyon ekonomik sosyal, kondisyon lojman oswa sanzabri, bezwen espesyal, aparans fizik, pèfòmans nan langaj Anglè oswa yon lang etranje, oswa achèvmman akademik.

Asèlman pa administratè, pèsònèl sipò ki sètifye, elèv, founisè ak lòt moun nan lekòl la oswa nan evenman lekòl la patwone pa legal e yo entèdi footman. Brooke Charter School egzije pou tout anplwaye ak elèv yo kondwi tèt yo nan yon fason ki apwopriye avèk respè pou anplwaye yo, elèv ak tout manm nan kominote lekòl la.

Definisyon Asèlman

Anjeneral

Asèlman gen ladann kominikasyon tankou blag, kòmantè, sijèsyon, nòt, afich foto oswa senbòl, jès, oswa lòt kondwit ki ofanse oswa derespekte lòt moun baze sou ras, sèks koulè, kwayans, relijyon, gwoup etnik, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite sèks oswa ekspresyon, andikap fizik oswa mantal, laj, zansèt, pèfòmans espò, kondisyon ekonomik sosyal, kondisyon lojman oswa sanzabri, bezwen espesyal, aparans fizik, pèfòmans nan langaj Anglè oswa yon lang etranje, oswa achèvmman akademik.

Daprè lalwa, sa ki konsidere kòm asèlman yo detèmine nan pèspektiv yon moun ki rezonab ki gen karakteristik ki baze sou asèlman an. Sa yon moun ka konsidere kòm yon konpòtman ki akseptab yon lòt moun kapab wè l tankou asèlman. Se poutèt sa, moun dwe konsidere kòm an lòt moun kapab wè pawòl ak aksyon yo. Li enpòtan tou pou moun fè lòt yo konnen lè yon sèten konpòtman oswa kominikasyon pa apwopriye, entimidan, ostil oswa ofansif.

Asèlman Seksyèl

Pandan ke tout kalite asèlman entèdi, asèlman seksyèl mande pou yo bali atansyon espesyal. Asèlman seksyèl gen ladann avans seksyèl, demann pou favè seksyèl, ak/oswa lòt kondwit vèbal oswa fizik ki gen nati seksyèl lè:

1. Akseptasyon oswa soumisyon kondwit sa a fèt swa fòmèlman oswa aklè yon tèm oswa kondisyon travay oswa edikasyon;
2. Repons moun nan a kondwit sa a sèvi kòm baz pou desizyon travay ki afekte yon anplwaye oswa kòm baz pou desizyon edikasyon, disiplin, oswa lòt desizyon ki afekte yon elèv;
3. Kondwit sa a entèfere avèk travay yon moun, edikasyon oswa patisipasyon nan aktivite andeyò lekòl yo; oswa
4. Kondwit la kreye yon anviwonman lekòl ki entimidan, ostil oswa ofansif.

Asèlman ak Vanjans Entèdi

Asèlman nan nenpòt fòm oswa pou nenpòt ki rezon absoliman entèdi. Sa gen ladann asèlman pa administratè, pèsònèl ki sètifye yo ak sipò, elèv, founisè ak lòt moun nan lekòl la oswa nan evenman ki gen rapò ak lekòl la. Anplis, vanjans kont nenpòt moun ki denonse asèlman oswa lòt

kondwit ki pa apropiye bay lekòl la oswa ki te koopere nan yon ankèt plent anba règleman sa a ilegal e Brooke Charter School pa p tolere sa.

Moun ki angaje nan asèlman oswa vanjans ka sijè a aksyon disiplinè, ki gen ladann men pa limite sèlman nan, reprimand, sispansyon, tèminalyon/ekspilasyon oswa lòt sanksyon jan administrasyon a/oswa Komite Konsèy lekòl la detèmine li, sijè a kondisyon pwosedi ki aplikab yo.

Pwosedi Plent

Ki kote pou yo Depoze yon Plent

Nenpòt elèv oswa anplwaye ki kwè ke lekòl la te fè diskriminasyon oswa asèlman kont li akòz ras, sèks, koulè, kwayans, relijyon, gwoup etnik, orijin nasyonal, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite sèks oswa ekspresyon, andikap mantal oswa fizik, laj, zansèt pèfòmans espò, kondisyon ekonomik sosyal, kondisyon lojman oswa sanzabri, bezwen espesyal, aparans fizik, pèfòmans nan langaj Anglè oswa yon lang etranje, oswa achèvmant akademik avan yo nan admisyon, nan aksè nan tretman oswa anplwa nan lekòl, sèvis yo, pwogram, aktivite, ak aktivite andeyò lekòl kapab depoze yon plent bò kote Ditektè Operasyon yo. Si Ditektè Operasyon yo se moun ki swadizan koze diskriminasyon oswa asèlman an, plent la kapab fèt bò kote Ditektè a. Moun sa yo sou lis anba a e yo refere nan dokiman sa a kòm "Administratè Plent."

Brooke Roslindale	Brooke Mattapan	Brooke East Boston	Brooke High School & 8 th Grade Academy
Ditektè Operasyon yo	Ditektè Operasyon yo	Ditektè Operasyon yo	Ditektè Operasyon yo
Ditektè	Ditektè	Ditektè	Ditektè
Brooke Roslindale 190 Cummins Highway Boston, MA 02131 617-325-7977	Brooke Mattapan 150 American Legion Hwy. Boston, MA 02124 617-268-1006	Brooke East Boston 94 Horace Street Boston, MA 02128 617-409-5150	Brooke High School & 8 th Grade Academy 200 American Legion Hwy. Boston, MA 02124 617-874-5515

Konplent asèlman pa kamarad klas yo

Nan ka kote plent la konsène yon akizasyon ke yon lòt elèv ap asele li baze sou klasifikasyon referans ki anwo a, elèv la kapab nan altènatif la, depoze yon plent bò kote manadjè a (ki refere nan dokiman sa a kòm "Manadjè Plent Bilding "), ki se Dwayen Elèv lekòl yo nan lekòl la.

Konplent diskriminasyon ki baze sou andikap

Yon moun yo akize de diskriminasyon sou baz andikap ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyonèl yon moun, ki akòz yon andikap oswa yo kwè ki bezwen enstriksyon espesyal oswa sèvis ki gen rapò ak sa, an akò avèk Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Chapit 766, ak/oswa moun ki gen Lwa sou Edikasyon Andikape yo, dwe itilize pwosedi ki endike nan *Bwochi Dwa Paran* nan Depatman Edikasyon Massachusetts olye de Pwosedi Plent sa a.

Wa p jwenn yon kopi bwochi sa a nan men moun ki annapre a:

Cristie McGrath
Ditektè Sipò Elèv
Brooke Charter School

Yon moun ki gen yon plent ki enplike diskriminasyon sou baz yon andikap ot ke jan li dekri anwo a kapab swa itilize Pwosedi Plent sa a oswa depoze yon plent nan Depatman Edikasyon Etazini nan adrès yo bay nan fen Pwosedi Plent sa a.

Kontni Konplent ak Delè pou Depoze yo

Konplent anba Pwosedi Plent sa a dwe depoze nan espas 30 jou lekòl de lè akizasyon diskriminasyon an. Konplent la dwe alekri. Administratè Plent la oswa nenpòt lòt moun pleyan an chwazi, pra l asiste pleyan an avèk depozisyon plent la. Plent alekri a dwe enkli enfòmasyon ki annapre yo:

1. Non ak lekòl (oswa adrès ak nimewo telefòn si se pa yon elèv oswa anplwaye) pleyan an.
2. Non (ak adrès ak nimewo telefòn si se pa yon elèv oswa anplwaye) reprezantan pleyan, si genyen.
3. Non moun(yo) yo akize ki lakòz diskriminasyon oswa asèlman an(reponn).
4. Yon deskripsyon, pi detaye ke posib, de swadizan diskriminasyon oswa asèlman an.
5. Dat (yo) swadizan diskriminasyon oswa asèlman an.
6. Non tout moun ki gen konesans de swadizan diskriminasyon oswa asèlman (temwen) an, ki ka detèmine rezonabman.
7. Yon deskripsyon detaye, sou kijan pleyan an vle konfli a rezoud.

Investigasyon ak Rezolisyon Konplent la

Ya p enfòmè konsène yo de akizasyon an imedyatman Administratè Plent la jije li apwopriye baze sou nati akizasyon an, ankèt ki nesèsè, ak aksyon ki anvizaje a.

Administratè Plent la pra l entewoje temwen li jije ki nesèsè ak apwopriye yo pou l detèmine reyalyte ki gen rapò ak plent la, e li pra l rasanble lòt enfòmasyon ki enpòtan yo. Entèwogasyon ak rasanbleman enfòmasyon pra l konplete nan espas kenz (15) jou lekòl de lè li resevwa plent la.

Nan espas ven (20) jou lekòl de lè li resevwa plent la, Administratè Plent la pra l rankontre avèk pleyan an ak/oswa reprezantan li pou l revize enfòmasyon li rasanble yo e, si li aplikab, pwopoze yon rezolisyon ki deziyen pou sispann diskriminasyon oswa asèlman an ak pou korije efè li. Nan espas senk (5) jou lekòl de lè reyinyon avèk pleyan an ak/oswa reprezantan an, Administratè Plent la pra l bay pleyan ak/oswa reprezantan li ansanm avèk konsène a dispozisyon alekri sou plent la.

Kèkeswa sa ki mansyone anwo a, nou konprann ke nan ka kote lekòl la te anvizaje yon rezolisyon ki enplike aksyon disiplinè kont yon anplwaye oswa yon elèv, yo pa p enfòmè pleyan an de aksyon disiplinè sa a, sof si li enplike pleyan an (sètadi, direktiv pou "rete lwen" pleyan an, ki ka rive kòm rezilta yon plent asèlman).

Nenpòt aksyon disiplinè ki enpoze sou yon anplwaye oswa yon elèv sijè a egzijans pwosedi ki aplikab yo.

Tout delè ki mansyone anwo a pra l aplike jan li mansyone a, sof si nati ankèt la oswa sikonstans obligatwa anpeche aplikasyon sa yo, nan ka sa a, pwoblèm nan ap solisyonè pi vit ke posib. Si delè ki mansyone anwo a pa respekte, yo dwe dokimante klèman rezon(yo) ki fè yo pa respekte yo. Anplis, yo dwe note ke nan ka ke konsène a sijè a yon akò negosyasyon kolektif ki etabli pou yon tan byen detèmine pou avi ak/oswa ankèt yon plent, yo pra l respekte delè sa yo.

Yo pra l konsève konfidansyalite pleyan/konsène ak temwen yo nan limit ki konsistan avèk obligasyon lekòl la an rapò avèk ankèt plent yo ansanm avèk pwosesis dwa moun ki afekte a.

Vanjans kont yon moun paske li te depoze yon plent anba Pwosesis Plent sa a enèjikman entèdi. Zak vanjans ka antrene aksyon disiplinè, jiska enkli sispansyon oswa ekspilasyon/ranvwa.

Apèl

Si pleyan an pa satisfè avèk yon dispozisyon Administratè Plent la pran, pleyan an kapab fè apèl kont dispozisyon sa a nan Komisyon Konsèy la, nan fason sa a:

Prezidan Komisyon Konsèy
Brooke Charter School
190 Cummins Highway
Roslindale, MA 02131
617-325-7977

Komisyon Konsèy la pra l bay pleyan an yon repons alekri nan apèl la nan espas dis(10) jou de lè yo resevwa apèl la.

Jeneralman, yon pleyan kapab depoze yon plent nan Depatman Edikasyon Etazini atravè enfòmasyon kontak ki annapre yo:

U.S. Department of Education
8th Floor
5 Post Office Square
Boston, MA 02109-3921
Telefòn: (617) 289-0111
Faks: (617) 289-0150
Imèl: OCR.Boston@ed.gov

1. Nan espas 180 jou kalandriye de akizasyon diskriminasyon oswa asèlman an, oswa
2. Nan espas 60 jou kalandriye de lè yo resevwa avi dispozisyon final lekòl la nan yon plent ki te fèt atravè lekòl la, oswa
3. Nan espas 60 jou kalandriye de lè yo resevwa yon desizyon final pa Depatman Edikasyon Massachusetts, Biwo Apèl Edikasyon Espesyal, oswa
4. Olye de depoze yon plent nan lekòl la.

Brimad

Lwa Kont-Brimad pou Eta Massachusetts

MGL c. 269, Seksyon 17. Brimad; òganize oswa patisipe; brimad defini.

Seksyon 17. Nenpòt moun ki se yon òganizatè prensipal oswa patisipan nan krim brimad, jan li defini nan dokiman sa a, pra l peye yon amann ki pa pi plis pase twa mil dola oswa pa prizon nan yon kay koreksyon pou pa plis ke yon ane, oswa toude amann ak prizon.

Tèm "brimad" la jan yo itilize l nan seksyon sa a ak nan seksyon dizwit ak disnèf vle di nenpòt kondwit oswa metòd inisyasyon nan nenpòt òganizasyon elèv, swa nan pwopriyete prive oswa piblik, ki volontèman oswa pa enpridans mete an danje sante mantal oswa fizik nenpòt elèv oswa nenpòt lòt moun. Kondwit sa a ap enkli fwete, bat, make, jimnastik fòse, ekspoze nan move tan, fòse konsomasyon nenpòt manje, likè, bwason, dwòg oswa lòt sibstans, oswa nenpòt lòt tretman

brital oswa fòse aktivite fizik ki gen chans pou afekte nan yon move fason sante fizik oswa sekirite nenpòt elèv konsa oswa lòt moun, oswa ki mete elèv sa a oswa lòt moun nan nan anpil enkyetid mantal, ki gen ladann privasyon somèy oswa repo pwolonje oswa izolasyon pwolonje.

Kèlkeswa nenpòt lòt dispozisyon ki nan seksyon sa a ki di lekotrè, konsantman pa dwe disponib kòm defans pou nenpòt pouwit jidisyè anba aksyon sa a. (*Amande pa 1987, 665.*)

MGL c. 269, Seksyon 18. Neglijans pou rapòte brimad.

Seksyon 18. Nenpòt moun ki nonnen ke yon lòt moun viktim de brimad jan li defini nan seksyon disèt e li te temwen krim sa a dwe, nan limit ke moun sa a kapab fè sa san li pa mete tèt li oswa lòt moun nan danje, rapòte krim sa a bay yon ofisyèl apwopriye ki fè respekte lalwa yo pi vit ke posib. Nenpòt moun ki neglijje rapòte krim sa a pra l gen yon amann ki pa plis pase mil dola. (*Amande pa 1987, 665.*)

MGL c. 269, Seksyon 19. Kopi seksyon. 17--19; delivre bay elèv ak gwoup elèv yo, ekip ak òganizasyon yo; rapò .

Seksyon 19. Chak enstitisyon edikasyon segondè ak chak enstitisyon edikasyon apre segondè piblik oswa prive dwe bay chak gwoup elèv, ekip elèv oswa òganizasyon elèv ki fè pati de enstitisyon sa a oswa rekoni pa enstitisyon an oswa enstitisyon an pèmèt itilize non li oswa etablisman l yo oswa enstitisyon an rekonèt ki egziste kòm yon gwoup elèv ki pa afilye, ekip elèv, oswa òganizasyon elèv, yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit; a kondisyon ke konfòmite yon enstitisyon avèk egzijans seksyon sa a ke yon enstitisyon bay kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit a gwoup elèv ki pa afilye yo, ekip oswa òganizasyon yo pa dwe konstitiye prèv rekonesans oswa andòsman gwoup elèv ki pa afilye yo, ekip oswa òganizasyon yo.

Chak gwoup sa yo, ekip oswa òganizasyon pra l distribiye yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit bay chak manm, plebs, oswa aplikan pou abònman. Se devwa chak gwoup sa yo, ekip oswa òganizasyon, ka p travay atravè ofisyè ki deziyen an, pou l delivre chak ane, bay enstitisyon an yon rekonesans ateste ki deklare ke gwoup sa a, ekip oswa òganizasyon an te resevwa yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit, ke chak manm li yo, plebs, oswa aplikan yo resevwa yon kopi seksyon disèt ak dizwit, e ke gwoup sa yo, ekip oswa òganizasyon konprann ak dakò pou konfòme avèk dispozisyon seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit.

Chak enstitisyon edikasyon segondè ak chak enstitisyon edikasyon apre-segondè piblik oswa prive pra l, omwen chak ane, avan oswa nan kòmansman enskripsyon, bay chak moun ki enskri kòm yon elèv a plen tan nan enstitisyon sa yo yon kopi seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit.

Chak enstitisyon edikasyon segondè ak chak enstitisyon apre segondè piblik oswa prive dwe ranpli, omwen chak ane, yon rapò nan konsèy ansèyman siperyè a, ki sètifye ke enstitisyon sa a te konfòme avèk responsablite li pou l enfòm gwoup elèv, ekip oswa òganizasyon ak pou l avize chak elèv ki enskri a plen tan de dispozisyon seksyon sa a ak seksyon disèt ak dizwit epi sètifye tou ke enstitisyon sa a te adopte yon règleman disiplin an rapò ak òganizatè ak patisipan brimad, e ke règleman sa a etabli avèk anfas ki apwopriye nan mayèl elèv la oswa mwayen kominikasyon ki menm jan pou kominike bay elèv yo règleman enstitisyon an. Komisyon Edikasyon Siperyè a ak, nan ka enstisyon segondè a, konsèy edikasyon an pra l pibliye règleman ki gouvène kontni ak

frekans rapò sa yo, ak kominike rapò sa yo san delè bay pwokirè jeneral la nenpòt enstitisyon ki neglije fè rapò sa yo. (*Amande pa 1987, 665.*)

INFÒMASYON TEKNOLOJI (IT): RÈGLEMAN ITILIZASYON

Itilizasyon ki apwopriye: Deklarasyon Règleman

Vyolasyon nan Règleman apwopriye yo ka mennen revokasyon nan aksè privilèj enfòmasyon teknoloji yon elèv (ki gen ladann men pa llimite nan aparèy dijital ak sèvis. Ekipman òdinatè ak lojisyèl, ak imèl ki asiyen pou lekòl la) pou yon peryòd tan ki ka rive jis nan yon ane lekòl ak lòt aksyon disiplinè ki an akò avèk Brooke Charter School ("Lekòl" la) Kòd Kondwit. Yo atann pou tout elèv ak paran yo siyen Anèks I an: "Rekonesans pou Aksè nan Manyèl la" konfime ke ou li Règleman Itilizasyon Apwopriye sa a (AUP).

Nenpòt elèv ki itilize òdinatè laboratwa oswa nenpòt ekipman dijital nan lekòl la, oswa, lekòl la bay dwe okouran de sèten règleman pou itilizasyon ekipman ak/oswa etablisman yo, pwosedi ki an plas pou pwoteksyon elèv yo ak ekipman. Elèv yo ap responsab pou nenpòt vyolasyon règleman konfòmman ak Kòd Kondwit la.

Elèv yo gen dwa sèlman itilize òdinatè yo, imèl ki asiyen pou elèv la, ak enfòmasyon teknoloji a (IT) rezo pou rekiperè enfòmasyon ak opere aplikasyon lojisyèl espesifik jan pwofesè oswa administratè lekòl la. Yo pa pèmèt elèv yo eksplòre konfigirasyon nan òdinatè a, opere sistèm oswa rezo, opere yon pwogram ki pa nan meni an, oswa eseye nenpòt aktivite ki pa otorize pa pwofesè yo oswa yon administratè Lekòl la.

Elèv ak fanmi yo responsab pou asire ke nenpòt CD, baton memwa, kondwi flash USB, oswa lòt kalite depo medya yo pote nan lekòl la oswa itilize nan aparèy lekòl la bay pa gen viris e pa gen okenn dosye ki pa otorize oswa ki pa apwopriye.

Si li apwopriye pou nivo klas elèv la, Lekòl la ka fè itilizasyon Google Apps for Education disponib. Google Apps for Education se yon seri pwogram gratis, byen santre ki enkli kreye dokiman, pataje kalandriye, ak zouti kolaborasyon. Elèv nan itilize Google Apps for Education pral gen aksè tou nan kont imèl lekòl la pou elèv.

Entènèt la

Entènèt la se yon rezo global ki konekte òdinatè atravè mond lan. Itilizasyon entènèt bay bonjan opòtinite pou rechèch, sipò kourikoulòm, ak devlopman karyè. Brooke Charter School ofri aksè entènèt pou elèv ak anplwaye. Premye objektif bay aksè nan entènèt la se sipòte misyon edikasyonèl lekòl la. Lekòl la atann pou ke elèv ak anplwaye yo itilize aksè sa a nan yon fason ki konsistan avèk objektif sa a.

Pandan ke entènèt la se yon resous fòmidadab pou enfòmasyon elektwonik, li gen potansyèl pou abi. Lekòl la pa bay okenn garanti, enplisit oswa otreman, konsènan reyalite fyab done ki didponib nan entènèt la. Itilizatè sèvis entènèt lekòl la asime tout responsablite pou nenpòt depans, responsablite, oswa domaj ki ta rive nan fason yo chwazi itilize aksè yo nan entènèt la.

Gid pou Itilizasyon ki Apwopriye

Elèv yo oblije konfòme ak règleman ki annapre yo ki gen rapò ak itilizasyon teknoloji lekòl la, ekipman, imèl Li obligatwa pou elèv yo konfòme avèk règleman ki annapre yo konsènan itilizasyon teknoloji lekòl la, ekipman, imèl lekòl la, ak sèvis dijital yo:

1. Nenpòt kominikasyon sou entènèt dwe toujou dirije oswa sipèvize pa administratè lekòl la.
2. Pa janm bay non, adrès, nimewo telefòn, oswa non lekòl sou entènèt.
3. Pa janm reponn, epi toujou bay pwofesè, administratè lekòl la oswa paran rapò, sou nenpòt mesaj ki fè w pa konfòtab oswa yon moun ou pa konnen voye.

4. Pa janm voye foto w oswa foto yon lòt moun.
5. Pa janm pwograme yon randevou fas a fas avèk yon moun ou rankontre sou entènèt.
6. Pa janm ouvri atachman oswa dosye moun ou pa konnen voye.
7. Toujou rapòte bay yon pwofesè nenpòt sit ki pa apwopriye ou obsève ki te aksesib pou lòt moun oswa ou te tcheke pa aksidan.

Egzanp kondwit yo entèdi yo gen ladann, men pa limite sèlman nan sa ki annapre yo:

1. Aksè, voye, kreye oswa poste kateryèl oswa kominikasyon ki:
 - a. Domaje repitasyon yon lòt moun
 - b. Abi
 - c. Repiyans
 - d. Oryantasyon sèksyèl
 - e. Menase oswa diminye yon lòt moun
 - f. Kontrèman a règleman Lekòl la sou asèlman oswa Kòd Kondwit
 - g. Asèlman, oswa Entimide
 - h. Ilegal
2. Itilize rezo a pou pwofi oswa piblisite.
3. Afiche oswa kopye travay yon lòt moun san konsantman moun nan.
4. Afiche oswa fòje mesaj lèt elektwonik san non.
5. Eseye li, chanje, efase, oswa kopye mesaj lèt elektwonik, dokiman, oswa dosye lòt itilizatè.
6. Bay enfòmasyon pèsònèl tankou nimewo telefòn, adrès lisans oswa nimewo sekirite sosyal, kai bank oswa enfòmasyon kont chèk.
7. Itilize òdinatè oswa rezo pou aktivite ilegal tankou kopye oswa telechaje lojisyèl dwadotè, mizik oswa imaj, oswa vyolasyon lwa dwadotè yo.
8. Telechaje, enstale, oswa itilize jwèt, dosye mizik, domèn piblik, shareware oswa nenpòt lòt pwogram ki pa otorize nan nenpòt òdinatè Lekòl oswa sistèm òdinatè yo.
9. Fè ekspresyon pote oswa enfekte òdinatè Lekòl la oswa rezo a avèk yon viris, Trojan, oswa pwogram ki pou domaje, chanje, detwi oswa bay done ki pa otorize oswa enfòmasyon aksè.
10. Jwenn aksè oswa eseye jwenn aksè ki pa otorize oswa resous rezo ki gen restriksyon oswa done ak dokiman lòt moun.
11. Itilize oswa eseye itilize modpas oswa kont lòt moun oswa itilize yon òdinatè pandan w antre nan kont yon lòt itilizatè.
12. Itilize òdinatè lekòl la oswa rezo pandan privilèj aksè w sispann.
13. Itilize òdinatè lekòl la, rezo, oswa lyezon entènèt nan yon fason ki pa konsistan avèk enstriksyon yon pwofesè oswa administratè ak etikèt rezo ki akseptab la.
14. Chanje oswa eseye chanje konfigirasyon yon òdinatè, rezo elektwonik, sistèm operasyon, oswa nenpòt nan lojisyèl yo.
15. Eseye kraze, dekonekte oswa demanbre nenpòt aparèy dijital, òdinatè, rezo òdinatè, oswa eleman ki gen rapò.
16. Nenpòt elèv ki itilize laboratwa òdinatè a oswa nenpòt ekipman dijital nan Lekòl la oswa Lekòl la bay, dwe konnen sèten règleman pou itilizasyon ekipman ak/oswa etablisman yo.
17. Itilize òdinatè a ak rezo pou rekipere enfòmasyon oswa pase aplikasyon lojisyèl ki pa asiyen pa yon pwofesè oswa administratè Lekòl la oswa ki pa konsistan avèk règleman Lekòl la.
18. Konekte nan oswa enstale nenpòt pyès òdinatè, oswa lojisyèl ki pa pwopriyete sistèm Lekòl la oswa nan resous teknoloji Brooke Charter School san otorizasyon alanvans Founisè Sèvis Brooke Charter School's IT ak administratè Lekòl la.
19. Vini nan lokal lekòl la avèk nenpòt disk oswa aparèy estokaj ki genyen yon aplikasyon lojisyèl oswa depo yo ka itilize pou chanje konfigirasyon sistèm operasyon oswa ekipman rezo, analize oswa sonde rezo a, oswa bay aksè a zòn oswa done ki pa otorize.
20. Telechaje oswa jwenn aksè nan imèl oswa pataje dosye, nenpòt lojisyèl oswa pwogram ki pa otorize pa pwofesè oswa lòt manm pèsònèl Brooke Charter School.
21. Kontounen oswa eseye kontounen sekirite rezo, pwoteksyon viris, filtè rezo oswa règleman yo.

22. Posede oswa jwenn aksè nan enfòmasyon nan pwopriyete lekòl la ki gen rapò ak "Akapare", oswa chanje oswa, kontounen sekirite rezo a oswa règleman yo.
23. Patisipe nan tablo mesaj san enstriksyon nan men pwofesè oswa administratè a.
24. Elèv yo ka itilize sistèm òdinatè lekòl la sèlman pou objektif edikasyon, ki enkli travay klas ak rechèch endepandan ki sanble ak sijè ak matyè yo etidye nan Lekòl la. Elèv yo pa dwe ale nan sit amizman, tankou sit rezo sosyal oswa sit jwèt eksepte pou objektif edikasyon anba sipèvizyon yon pwofesè oswa lòt pwofesyonèl.
25. Tout elèv ki itilize rezo Lekòl la ak sistèm entènèt oswa telefòn pèsònèl oswa lòt aparèy dijital elèv yo itilize lè yo nan kampous la sijè a dispozisyon Kòt Kondwit Lekòl la ak règleman ki gen rapò avèk yo. Elèv yo pa dwe pataje oswa afiche enfòmasyon pèsònèl sou, oswa imaj, nenpòt lòt elèv, manm pèsònèl oswa anplwaye san elèv la oswa manm pèsònèl la oswa anplwaye a pa bay pèmisyonanplwaye oswa.
26. Elèv yo dwe swiv règleman pou rechèch ki itilize teknoloji ak motè rechèch ki gen gen sekirite.

Pwoblèm Sekirite

Itilizasyon entènèt la gen danje potansyèl. Yo ankouraje Itilizatè yo pou yo li de bwochi konsènan sekirite entènèt ke Biwo Avoka Jeneral Massachusetts prepare. Tit bwochi yo se *The Internet, Your Child and You: What Every Parent Should Know* and *Internet Safety: Konsèy de Timoum bay ki te fè Fas a Danje Entènèt*. Kopi bwochi sa yo disponib sou entènèt la nan www.ago.state.ma.us oswa lekòl la kapab bay yo sou demann.

Sa ki annapre yo se règleman sekirite debaz ki gen rapò ak tout kalite aplikasyon entènèt.

- Pa janm revele okenn enfòmasyon idantite tankou non, laj, adrès, nimewo telefòn, non paran, aplwayè paran, oswa adrès travay, oswa foto;
- Itilize kle "dèyè a" nenpòt lè ou rankontre yon sit ou kwè ki pa apwopriye oswa fè w santi w pa konfòtab;
- toutswit di yon pwofesè si ou resevwa yon mesaj ou kwè ki pa apwopriye oswa fè w santi ou pa konfòtab; ak
- Pa janm pataje modpas ou oswa itilize modpas yon lòt moun. Modpas entènèt se pou itilizasyon pèsònèl chak moun sèlman. Si ou sispèk yon moun dekouvri modpas ou, ou dwe chanje l touswit epi avize yon pwofesè.

Vi Prive

Itilizatè yo pa dwe espere gen konfidansyalite nan kontni kominikasyon elektwonik oswa lòt dosye yo voye oswa resevwa sou òdinatè lekòl la oswa estoke nan anyè itilizatè a oswa sou yon kondwi ki gen kapasite. Lekòl la gen dwa pou l egzamine tout done ki estoke sou diskèt ki enplike itilizasyon itilizatè a nan sèvis entènèt lekòl la.

Mesaj entènèt se kominikasyon piblik e yo pa prive. Tout kominikasyon ki gen ladann tèks ak imaj kapab pibliye bay lapolis oswa lòt twazyèm pati san konsantman alavans nan men moun ki voye oswa resevwa li a. Administratè rezo yo kapab revize kominikasyon yo pou konsève entegrite tout sistèm nan ak asire ke itilizatè yo ap sèvi nan sistèm nan yon fason ki responsab.

Vyolasyon

Aksè nan sèvis entènèt ak teknoloji lekòl la se yon privilèj men pa yon dwa. Lekòl la gen dwa pou l refize, revoke oswa sispann privilèj itilizatè espesifik ak/oswa pou l pran lòt aksyon disiplinè ki ka menm rive nan sispansyon, ekspilsyon (elèv), oswa ranvwaye (anplwaye) pou vyolasyon règleman sa a. Lekòl la pra l avize ajans ki fè respekte lalwa ki apwopriye a de tout aktivite ilegal ka p fèt nan sèvis entènèt la. Lekòl la pra l koopere tout konplètman avèk ofisyèl lokal, eta,

ak/oswa federal nan nenpòt ankèt ki gen rapò ak nenpòt aktivite ilegal ki fèt nan sèvis entènèt la.

Otorizasyon Itilizasyon pou Paran/Gadyen

Sof si yon paran/gadyen yon elèv Brooke di otremen Direktè Lekòl la, paran/gadyen an dakò sou pwèn ki annapre yo:

1. Pèmèt pitit yo gen aksè nan enfòmasyon teknoloji ki (enkli men pa limite sèlman nan aparyèy dijital ak sèvis, ekipman òdinatè ak lojisyèl, ak imèl lekòl la) entènèt la, Google Apps for Education ak sèvis ki baze sou entènèt atravè Brooke Charter School,
2. Konprann ke Brooke Charter School pa ka garanti materyèl ak enfòmasyon apwopriye pitit yo ka jwenn nan entènèt la.
3. P ap rann Brooke Charter School responsab pou materyèl pitit yo jwenn nan entènèt, vyolasyon restriksyon dwadotè, nenpòt depans pitit yo fè, oswa zak neglijans pitit yo nan itilize entènèt la.

ANÈKS

Anèks ki annapre yo enkli nan manyèl la pou bay paran ak gadyen yo plis enfòmasyon, ak pou satisfè egzijans Federal Tit1.

ANÈKS A: RÈGLEMAN ENTEGRASYON PARAN BROOKE CHARTER SCHOOL

Objektif

Avèk enterè nan siksè elèv yo an tèt, Komite Plan Lekòl la devlope Règleman Entegrasyon Paran ki annapre a. Objektif règleman sa a bay paran yo enfòmasyon, resous, ak opòtinite ki nesèsè pou sipòte ak kontwole pwogrè yo.

Devlopman ak Revizyon

Kòm yon kesyon règleman, Komite Entegrasyon Paran pra l revize Plan Lekòl la, Règleman Entegrasyon Paran, ak Kontra Responsablite Mityèl, sa ki pra l rekòmande revizyon nan Komite Plan Lekòl la.

Règleman Lekòl: Opinyon Paran

Nan kòmansman chak ane, lekòl la pra l sipèvize òganizasyon yon Konsèy Entegrasyon Paran. Konsèy la pra l ouvè pou patisipasyon tout paran ki gen timoun nan lekòl la e yo pra l rankopntre regilyèman. Konsèy la pra l bay paran yo opòtinite pou planifye ak patisipe nan evènman lekòl la ansanm avèk opòtinite pou bay opinyon ak fidbak sou règleman enpòtan lekòl la.

Kenbe Paran yo enfòm ak Entegre

Nan lòd pou paran yo gen enfòmasyon ki nesèsè pou kontwole pèfòmans elèv yo, lekòl la pra l pran mezi sa yo chak ane:

- Distribye yon Manyèl Fanmi ak Elèv bay chak fanmi ki fèk enskri yo ki dekri règleman lekòl la ak pwosedi yo nan yon fason ki òganize ak detaye ak bay fòm "Rekonesans pou Aksè nan Manyèl" la chak ane pou tout fanmi Brooke yo verifye disponiblite ak lokasyon Manyèl Fanmi ak Elèv la;
- Fè sesyon oryantasyon obligatwa avan kòmansman chak ane lekòl pou nouvo elèv ak fanmi yo. Pandan sesyon oryantasyon sa yo, yon reprezantan lekòl la pra l revize pwen ki pi enpòtan nan Manyèl Fanmi ak Elèv la avèk nouvo fanmi yo;
- Bay rapò pwogrè regilyèman;
- Bay paran yo opòtinite pou rankontre ak gen konferans ak chak pwofesè pitit yo pandan sesyon konferans ki pwograme apre yo fin resevwa kat rapò nan de premye trimès akademik yo; ak
- Bay paran yo nimewo ekstansyon telefòn ak adrès imèl chak pwofesè pitit yo ak angajman ke ya p retounen tout apèl yo resevwa nan fen jounen an nan espas 24 èdtan.

Compact Kontra ant Paran-Lekòl

TOUT nouvo paran siyen Kontra Responsablite Mityèl la nan konjonksyon avèk reprezantan lekòl la. Ya p revize compact la chak ane ansanm avèk Komite Entegrasyon Paran. Gade kontra ki enkli a pou plis detay.

Sa Paran Dwe Konnen

Manyèl Fanmi ak Elèv yo bay chak ane nan lekòl la pra l enkli yon seksyon ki enfòmè paran yo ke yo gen dwa pou mande enfòmasyon sou pwofesè pitit yo:

- Si pwofesè a satisfè kalifikasyon eta ak kritè lisans pou klas ak matyè la p anseye a;

- Si pwofesè a ap anseye anba yon ijans oubyen lòt kondisyon pwovizwa kote kalifikasyon eta oswa kritè lisans la anile;
- Degre bakaloreya pwofesè a ak nenpòt lòt sètifika oswa diplòm pwofesè a genyen, enkli domèn disiplin sètifika oswa degre a; ak
- Si elèv la jwenn sèvis nan men parapwofesyonèl e, si wi, ki kalifikasyon yo.

ANÈKS B: BROOKE CHARTER SCHOOL TIT I PLAN TOUT LEKÒL LA

BAZ KALIFIKASYON

Rive nan Ane Lekòl 2018-2019

- 77% elèv nan Brooke Charter kalifye kòm revni-fèb.

REVIZYON PLAN

Aprè piblikasyon done MCAS ak/oswa PARCC pou chak kampous Brooke School, Ko-Direktè lekòl la te revize Plan pou lekòl la, e yo konsantre sou adapte plan pou reflekte bezwen ak sikonstans nan tout kat kampous ki nan rezo Brooke Charter School yo.

trwa lekòl yo.

Objektif

Misyon Brooke Charter School se pou bay elèv yo yon edikasyon akademik ki solid nan vil Boston sa ki pra l prepare yo pou siksè nan kolèj. Konsa, objektif Plan Brooke School la se ede elèv yo fè anpil pwogrè nan siksè akademik yo.

FON KONSOLIDASYON

Kòm yon endepandan ajans edikasyon lokal (LEA) chak lekòl opere pwòp plan lekòl yo, chak lekòl nan rezo Brooke Charter School la konsolide finansman ki soti nan sibvansyon dwa federal nan fonn lekòl la nan rezo nan fon lekòl pou yo kapab asiye finansman sa yo pou atenn objektif chak plan lekòl yo. Fon lekòl la se sinonim avèk chak bidjè anyèl lekòl la e li tire nan ekolaj eta, sibvansyon dwa federal, ak pou ranmase lajan prive kòm sous revni li. Tout lòt revni ki endike nan bidjè a dikte depans ki korespon yo (sètadi revni nitrisyon lekòl federal ak depans, frè elèv, elatriyei.e.) Chak Brooke Charter School yo pra l asiye tout montan sibvansyon FY16 ki afekte a Tit 1 ak Tit IIA nan pisin lekòl la.

EVALYASYON KONPREYANSIF (Fason pou Mezire Rezilta yo)

Nan lòd pou nou mezire pwogrè nan siksè elèv yo, nou idantifye de eleman evalyasyon prensipal nan Brooke School:

Premye fòmil evalyasyon ki pi santre se egzamen MCAS ak PARCC yo ki fèt chak ane kòmanse nan klas twazyèm ane. Kòm sèl evalyasyon disponib ki aliye avèk kad kourikoulòm nan, rezilta MCAS ak PARCC yo sèvi yon fonksyon santral, epi kidonk yo figire nan bon plas nan plan responsablite lekòl la.

Anplis, nou konte anpil sou Evalyasyon STEP pou nou evalye pwogrè lekti nan tout klas yo, Jadendanfan-8, men patikilyèman nan klas elemantè bonè yo.

Nan nivo Lekòl Segondè (Klas 9-12) pwogram etid klas debaz yo ap fèt devan dèyè soti nan AP ak objektif ACT yo, avèk yon gwo objektif pou ladrès ekri. Malgre ke SAT a se tès prensipal pou admisyon nan Nòdès la, Brooke pral itilize ACT a pou de rezon prensipal: (1) SAT a varye se poutèt sa li difisil pou planifye devan dèyè ladann, e (2) ACT a genyen yon seri evalyasyon pwovizwa ki déjà la depi nan klas 8yèm ane (ACT-Explore) pou rive nan klas 10yèm ane (ACT-PLAN) ki ka sèvi

pou detèmine kwasans ACT ane apre ane. Brooke p ap planifye devan dèyè nan evalyasyon MCAS oswa PARCC

REZILTA MEZIRAB ANTISIPE

Siksè aplikasyon Plan Brooke School pra l mezire nan limit kote chak lekòl atenn objektif siksè akademik ki idantifye nan Plan Responsablite a.

ELEMAN PLAN YO

A) Ogmante Tan ki Konsakre pou Aprantisaj

Rezilta premye administrasyon debaz egzamen Estanda 9 nan Brooke Roslindale demontre ke elèv yo, an mwayèn, antre nan Brooke School siyifikativman pi ba pase nivo klas yo nan matematik ak lekti. Monte elèv yo nan nivo yo ak pi lwen mande anpil mezi, men tout sa pra l depann de yon angajman bò kote elèv yo, pwofesè, ak paran yo nan travay di.

Pa konsekan, tout kampous yo enstitiye kalandriye kote ane a pi long ke sa lwa eta a egzije ak yon orè lajounen ki gen plis tan enstriksyon akademik.

Klas Jadendanfan-8 (Lendi, Madi, Jedi, Vandredi)

Roslindale: 7:45am – 4:00am

Mattapan: 7:45am – 4:00pm

East Boston: 7:45am – 4:00pm

Klas Jadendanfan-8 (Mèkredi)

Roslindale: 7:45am – 12:30pm

Mattapan: 7:45am – 12:30pm

East Boston: 7:45 a.m. – 12:30pm

Klas 9-12 (Madi, Mèkredi, Jedi, Vandredi)

8th Grade Academy: 7:45 – 4:00pm

Brooke High: 8:00am – 3:45pm

Klas 9-12 (Lendi)

8th Grade Academy: 9:45 – 4:00pm

Brooke High: 9:45am – 3:45pm

Elèv Brooke ki nan klas Jadendanfan-7 yo lage a 12:30 p.m. chak Mèkredi, epi elèv ki nan klas 8-12 yo rive a 9:45 p.m. chak Lendi, pou l ka pwovoke pwofesè ki gen lè regilye yo pou yo rankontre ak fè aktivite devlopman pwofesyonèl yo

B) Konsantrasyon sou Done

Nou depann anpil sou administrasyon tès referans entèn regilye, ki aliye avèk estanda eta Massachusetts, ak prezantasyon atik MCAS, PARCC, AP ak ACT ki te pibliye avan de fason pou kontwòle pwogrè elèv yo. Direktè yo, Asistan Direktè, ak Pwofesè Klas lekti ak matematik rankontre nan ti ekip regilyèman pou analize rezilta evalyasyon sa yo ak pou kreye plan leson patikilye detaye pou tout elèv sou baz rezilta sa yo.

Pwofesè nan tout klas yo swiv metriz estanda atravè fèy kalkil pèsonalize ki defini “estanda pouvwa” nan chak nivo klas yo. Kat rapò pwogrè yo menm baze sou ribrik nòt nan fèy kalkil sa yo.

C) Idantifye ak Sipòte Lit Elèv yo

Pou yo ka asire ke elèv yo ap aprann nan tout potansyalite yo, nou kwè ke pwofesè yo dwe anplwaye yon apwòch de-pati. Premye pati a enplike bay ansèyman metriz a tout klas la nan devlope yon kou ki baze sou estanda etid ak leson ki reflechi ak detaye ki sèvi kou etid sa a. Dezyèm pati a se swiv enstriksyon metriz sa a avèk sipò elèv endividiyèl ki vize, baze sou konpreyansyon detaye sa chak elèv konnen ak sa yo pa konnen.

“Dezyèm pati” ansèyman pran plas pandan segman travay endepandan nan klas ak pandan tan ki deziyen pou leson patikilye. Swa ke li fèt pandan lè klas, oswa pandan travay avèk ti gwoup leson patikilye, pwofesè yo bay enstriksyon endividyalize “dezyèm pati” nan itilize done evalyasyon fòmètè ak somativ pou fè lis pwèn fèb pou chak elèv. Lis sa yo sèvi pou bay yon plan ak ajenda pou bay chak elèv asistans sible youn ak youn.

Kapasite pou adrese divès bezwen aprantisaj popilasyon elèv yo repoze sou konpetans, kapasite, ak opinyon pwofesè nou yo. Pwofesè Brooke estriktire leson yo pou bay elèv aksè avèk yon varyete nivo kapasite ak konpetans. Vizit klas regilye ak konsiltasyon direktè a pandan ane lekòl la enkli yon konsantrasyon sou satisfè divès bezwen aprantisaj elèv nou yo.

Elèv ki gen difikilte kwonik pou konplete devwa lakay yo kòm sadwa, oblije patisipe nan sesyon devwa lakay apre lekòl jiskaske elèv sa yo kapab amelyore pèfòmans devwa yo. Pandan lè apre lekòl sa a, elèv ki gen plis pwoblèm pou satisfè estanda devwa yo sou kontwòl sere pa pwofesè ka p sipèvize a, ba yo enstriksyon sou kijan pou yo jere kantite travay yo, ak ba yo leson patikilye lè li nesèsè, e li obligatwa pou yo konplete tout devwa yo avan yo lage.

Elèv ki gen difikilte kwonik pou òganize materyèl resevwa tchèk. Pandan ti reyinyon sa yo, pwofesè yo bay elèv yo asistans avèk òganizasyon materyèl yo, sijè ki klase pa koulè, netwaye valiz elatriye.

Elèv ki idantifye kòm sanabri (swa yo deklare tèt yo, oswa atravè manadjè ka), pra l resevwa sipò transpòtasyon swa nan kooperasyon avèk distri ka p voye a (si li andeyò Boston), ansanm avèk sipò konseye lè li nesèsè, sipò inifòm, ak/oswa pwogram apre lekòl gratis oswa redwi si fanmi li mande sa. Anplwaye Brooke pra l travay nan kooperasyon avèk manadjè ka a ak/oswa travayè sosyal yo pou sipòte elèv ak fanmi yo

D) Defi Elèv Avanse

Paske nou pa kontwole klas nou yo sou baz kapasite akademik, li enpòtan ke nou prete yon atansyon espesyal sou elèv ki pi avanse nou yo. Nan nivo klas yo, pwofesè lekòl yo kontwole nivo lekti chak elèv ak asire ke elèv yo ap li yon liv toutan, elèv yo ap li liv ki nan nivo apwopriye yo, e ke tout elèv yo a travay nan limit yo. Nan klas matematik yo, anpil pwofesè bay elèv ki pi avanse yo “travay difisil” (travay ki gen rapò avèk konsèp/konpetans yo aprann nan klas la tou antye men ki pwolonje konsèp enpòtan oswa yon aplikasyon.)

E) Atire ak kenbe bon jan kalite pwofesè ki trè kalifye

Nan lòd pou yo asire ke lekòl la kapab atire ak kenbe pwofesè ki pi byen kalifye ke posib, lekòl la aktyèlman ap pran tout mezi sa yo:

- Pwofesè yo jwenn anpil sipò administratif, patikilyèman nan klas ak disiplin lekòl la, tankou pwofesè yo kapab konsantre plis sou aprantisaj ak mwens nan jere sistèm jesyon konpòtman moun nan klas; ak
- Pwofesè yo jwenn anpil pwogram devlopman pwofesyonèl (detay anba a).
- Direktè a kontwole de prè rezilta siksè elèv yo ak toujou ba yo antrenè pou asire ke tout elèv yo ap fè pwogrè ki adekwa.
- Pwofesè yo dwe konfòme ak règleman eta ak federal konsènan Tès Massachusetts pou lisans Edikatif ak ranfòsman pwogram imèsyon Anglè.

F) Devlopman Pwofesyonèl

Tout aktivite devlopman pwofesyonèl yo baze sou konstri ak distri. Orè lekòl la lage bonè nan jou Mèkredi pou yo ka pwograme reyinyon regilye ak aktivite devlopman pwofesyonèl siplemantè.

Lekòl yo fè kat aktivite devlopman pwofesyonèl regilye, tout baze sou lekòl, epi tout fèt nan jou yo lage bonè nan Mèkredi yo:

- Analiz Videyo – chak semèn pwofesè yo rankontre nan ti gwoup pou yo gade ak diskite yon videyo aprantisaj yon kòlèg
- Etidye Lesson – zòn depatman sijè nou an angaje nan de peryòd “etid leson” japonè chak ane, reyinyon pou rechèch, plan, ansèyman, ak kritike yon leson nan yon estanda pivo nan kourikoulòm nan;
- Obsèvasyon Kamarad – pwofesè nou yo fè de peryòd obsèvasyon kamarad ak swivi diskisyon nan premye mwatye ane lekòl la; ak
- Analiz Referans Done ak Analiz Metriz Estanda – pwofesè nou yo angaje nan yon seri pwosedi ozanviwon referans done ak analiz metriz estanda yo ak refleksyon (5-6 fwa pa ane).

G) Plan pou Entegrasyon Paran

Règleman Lekòl la pou fasilite entegrasyon paran ak defini dwa paran ak responsablite devlope pa fondatè lekòl yo nan konjonksyon avèk administratè ak pwofesè lekòl la. Règleman sa yo disponib pou paran yo nan

Manyèl Fanmi ak Elèv ke yo bay tout paran nan kòmansman chak ane lekòl. Plan Lekòl Brooke la pra l afiche tou nan sit wèb lekòl la.

Paran yo kapab fè rekòmandasyon tou pou amelyore bagay sa yo atravè chak Konsèy Entegrasyon Paran lekòl yo oswa pa yon demann dirèk kote direktè lekòl la. Plan Lekòl Brooke la prezante chak ane pou revizyon chak Konsèy Entegrasyon Paran nan chak lekòl.

Règleman sa yo egzije pi gwo kontribisyon nan men paran yo defini tout sa ki nan chak Kontra Responsablite Mityèl lekòl yo ke tout fanmi oblije siyen nan konjonksyon avèk yon reprezantan lekòl la. Yo revize ak diskite kontra an pwofondè avèk paran yo nan chak lekòl nan chak sesyon oryantasyon ete ki fèt avan lekòl la kòmanse. Paran yo kapab rekòmande chanjman nan kontra a atravè Konsèy Entegrasyon Paran chak lekòl.

Pami lòt bagay kontra a defini responsablite paran yo pou:

- Bay yon kote trankil pou pitit yo konplete devwa aswè yo;
- Verifye planifikatè devwa chak swa (kote elèv yo dwe anrejistre devwa aswè yo) ak siyen planifikatè a pou endike ke pitit yo konplete devwa sa yo;
- Li avèk pitit yo regilyèman;
- Patisipe nan konferans paran regilyèman;
- Kenbe kominikasyon regilye avèk pwofesè pitit yo oswa konseye; ak
- Siyen rapò pwogrè chak semèn.

Konferans paran fèt nan fen chak de premye trimès yo e yo disponib pou tout paran yo. Paran elèv ki pa pase youn nan gwo klas akademik yo nan nenpòt peryòd yo avize yo pou yo vini nan sesyon konferans la.

Sèl mezi objektif ki ka mezire efikasite entegrasyon paran se mezi siksè pitit li. Sepandan, paske anpil lòt faktè gen yon enpak tou sou siksè elèv yo, chak lekòl fè sondaj fen ane a chak ane pou paran ka p mande yo mezire anplè efikasite entegrasyon yo pandan ane a. Direktè lekòl la nan konjonksyon avèk pwofesè, administratè, ak Konsèy Entegrasyon Paran fè yon revizyon fen dane sou anplè ak effikasite règleman entegrasyon paran aktyèl yo.

H) Koòdonasyon avèk lòt pwogram federal yo

Nitrisyon Federal - Brooke Charter School bay manje gratis ak pri redwi pou elèv ki nan èd federal, ansanm avèk yon dejene ak goute nan aprè midi.

Kalite Pwofesè – Anplis de efò nou pou asire kalite pwofesè (dekri nan 2yèm Pati – Enfòmasyon Pwogram Obligatwa), Brooke kontinye opere “pwogram metriz pwofesè”, an ki te fonde an pati avèk sipò federal atravè Sibvansyon Dwa Kalite Pwofesè Federal (Tit II: Kòd Fon 140).

Lekòl ki gen Sekirite e ki pa Gen Dwòg – Brooke pa resevwa finansman anba Lekòl ki gen Sekirite e ki pa Gen Dwòg.

Edikasyon Espesyal – Brooke Charter School bay sèvis edikasyon espesyal avèk sipò sibvansyon dwa edikasyon espesyal ki disponib atravè D.E.S.E Massachusetts

ANÈKS C: TIT I RÈGLEMEN SIPLEMAN MEN PA RANPLASMAN

Règleman Federal di ke fon Tit I pa ka pran plas—ranplasman—sèvis edikasyon piblik ke yo dwe bay tout elèv yo. Brooke Charter School itilize fon Tit I daprè direktiv Pwogram Lekòl la. Yo itilize fon Tit 1 sèlman pou ogmante nivo fon ki ka nan absans fon Tit 1 disponib nan sous ki pa Federal pou edikasyon elèv nou yo.

ANÈKS D: DWA PARAN ANBA LWA EDIKASYON ESPESYAL YO

Paran yo gen dwa pou yo jwenn materyèl ki enprime sou dwa paran ak gadyen anmba lwa Edikasyon Espesyal eta ak Federal

Paran ki refize bay lekòl la aksè nan asirans prive yo pa dechaje lekòl la de responsablite pou l bay tout sèvis ki nesèsè san paran yo pa peye anyen.

ANÈKS E: RÈGLEMAN BYENNÈT BROOKE CHARTER SCHOOL

Bi politik la

Brooke Charter Schools pran angajman ofri yon anviwònman eskolè ki favorize sante, myezèt, ak kapasite aprann timoun yo gras a yon alimantasyon ki bon pou lasante ak aktivite fizik. Donk, nou gen kòm politik:

- Bay tout elèv yo opòtinite, soutyen, ak ankourajman pou yo aktif fizikman regilyèman;
- Pou manje ak bwason nou vann oswa sèvi nan lekòl la respekte rekòmandasyon sou nitrisyon *Direktiv Alimantè pou Ameriken yo (U.S. Dietary Guidelines for Americans)*;
- Pou nou patisipe nan pwogram repa eskolè federal ki disponib yo (sa gen ladan Pwogram Dejene nan Lekòl la ak Pwogram Nasyonal Alimantasyon Eskolè a);
- Fè edikasyon sou sante ak edikasyon fizik pou favorize abitud alimantasyon ki bon pou lasante ak aktivite fizik pou tout lavi; epi
- Bay paran ak gadyen yo opòtinite bay opinyon yo sou tout bagay ki pi wo yo pase pa Komite Myezèt tout rezo a.

POU ATENN BI YO NAN POLITIK SA A:

I. Angajman familyal ak kominotè

Politik sou Myezèt Brooke Charter Schools la pral pibliye chak ane nan Màynyèl Elèv ak Fanmi an ak sou sit wèb Brooke Charter Schools la. Komite Myezèt Brooke Charter Schools la kapab revize Politik la.

II. Kalite nitritif manje ak bwason nou vann ak sèvi sou kanpis la

Repa eskolè yo. Repa ki sèvi nan kad Pwogram Nasyonal Repa Eskolè a ak Pwogram Dejene a ap:

- Atiran pou timoun;
- Sèvi nan kad pwòp ak agreyab;
- Respekte, omwen, kondisyon nitritif lwa ak règleman lokal, eta, ak federal yo tabli; epi
- Ofri yon varyete fwi ak legim.

Dejene. Pou garanti tout timoun yo pran dejene, keseswa lakay yo oswa nan lekòl la, pou yo satisfè bezwen nitritif yo ak amelyore kapasite aprann yo, Brooke Charter Schools pral:

- Aplike Pwogram Dejene nan Lekòl la;
- Ranje orè otobis yo epi sèvi avèk metòd pou sèvi dejene nan lekòl la ki ankouraje patisipasyon; epi
- Mete paran yo ak elèv yo okouran disponibilite Pwogram Dejene nan Lekòl la.

Repa gratis ak pri redwi. Brooke Charter Schools ap fè tout sa li kapab pou elimine tout diskredi sosyal ki asosye avèk elèv ki kalifye pou repa eskolè gratis ak pri redwi, epi n ap anpeche idantifikasyon klè yo.

Goute. Goute ki sèvi pandan jounen lekòl la oswa nan pwogram gad oswa anrichisman apre lekòl yo ap pote yon kontribisyon pozitif nan alimantasyon ak sante timoun yo konfòmeman a rekòmandasyon pou goute Pwogram Nasyonal Alimantasyon Eskolè a bay yo.

Vant manje ak bwason endividyèl. Nou p ap vann manje ak bwason ni endividyèlman ni separeman de pwogram alimantasyon eskolè, dejene, oswa goute yo (paregzanp, manje ki vann andeyò repa eskolè ranbousab yo, tankou paregzanp nan distribitè otomatik, liy [goute] sou meni nan kafeterya a, magazen lekòl la, elatriye) sòf nan ka aktivite pou kolekte lajan nan lekòl la.

Vant manje nan objektif kolekte lajan nan lekòl yo (paregzanp vant patisri pou kolekte lajan pou yon vwayaj elèv) ap fèt *an moderasyon*, epi avèk konsantrasyon sou ofri manje ki ede kolekte lajan epitou ki se opsyon ki bon pou lasante pou elèv yo. Lè manje y ap vann nan pa konsidere kòm yon opsyon ki bon pou lasante, yo dwe fè tout sa ki posib pou garanti vant manje sa a pa fèt yon jan ki an konpetisyon avèk pwogram manje ki bon pou lasante ki la deja yo epi ke ofri nan lekòl la (sa vle di- dejene, manje midi, goute, elatriye). Lekòl la ap fè tout posib li tou pou garanti gen espas apwopriye ant aktivite pou kolekte lajan sa yo nan almanak lekòl la pou ede elèv yo fè chwa ki bon pou lasante. Direktè Operasyon yo nan lekòl yo ap bay apwobasyon final pou aktivite pou kolekte lajan nan lekòl yo ki gen ladan yo vant manje pou yo kapab garanti lekòl yo a respekte Politik sa a.

Selebrasyon elèv yo fè avèk manje: Gen dwa gen ka kote prezans opsyon manje ki pa bon pou lasante otorize nan lekòl yo pou soutni kilti elèv yo pandan diferan selebrasyon elèv yo fè nan lekòl la (paregzanp- pidza pou yon klas apre tès fendane yo, fèt anivèsè elèv, elatriye). N ap fè tout sa nou kapab pou garanti opsyon ki bon pou lasante yo disponib nan selebrasyon sa yo (paregzanp- fwi fwete, fwi, elatriye). Nan ka selebrasyon sa yo ta gen manje ki pa bon pou lasante, n ap fè tout sa nou kapab pou garanti aktivite sa yo gen espas apwopriye ant yo nan ane almanak la pou garanti moderasyon nan konsomasyon manje ki pa bon pou lasante yo (paregzanp- mete tout selebrasyon anivèsè elèv yo ansanm nan yon sèl selebrasyon nan fen chak mwa). Direktè Operasyon yo nan lekòl yo ap bay apwobasyon final pou aktivite pou kolekte lajan nan lekòl yo ki gen ladan yo vant manje pou yo kapab garanti lekòl yo a respekte Politik sa a.

III. Pwomosyon nitrisyon ak aktivite fizik ak maketin pou manje

Brooke Charter Schools pral anseye, ankouraje, ak soutni alimantasyon sen elèv yo gras a edikasyon sou sante nan kad kourikoulòm edikasyon fizik ak/oswa edikasyon karaktè a. Sijè edikasyon sou sante yo ap gen ladan yo:

- Ekipe elèv yo avèk konesans ak konpetans ki nesèsè yo pou favorize ak pwoteje sante yo;
- Ankouraje fwi, legim, pwodui a baz sereyal konplè, pwodui letye ki pa gen anpil grès oswa ki pa gen grès ditou, metòd sen pou prepare manje, ak abitud nitrisyon ki bon pou lasante; epi
- Mete aksan sou ekilib ant kalori nan manje ou konsome ak enèji ou depanse (aktivite fizik/egzèsis).

Maketin pou manje nan lekòl yo. Brooke Charter Schools pral limite maketin pou manje ak bwason a pwomosyon manje ak bwason ki respekte estanda nitritif yo pou repa oswa pou manje ak bwason ki vann endividyèlman.

IV. Opòtinite aktivite fizik ak edikasyon fizik

Pwogram kourikoulòm nan

Elèv lekòl elemantè yo pral:

- Fè aktivite fizik regilye, ant mwayen ak enèjik gras a kou Edikasyon Fizik ak Dans yo, ke y ap genyen omwen de fwa pa semèn;
- Gen 20 minit rekreyasyon sipèvize pa jou, de preferans deyò; pandan tan sa a, lekòl yo pral ankouraje aktivite fizik ant modere ak enèjik, ni awotwva ni nan bay espas ak ekipman;
- Aprann yon kourikoulòm edikasyon fizik gras a kou Edikasyon Fizik yo.

Elèv premye sik segondè yo pral:

- Gen opòtinite fè aktivite fizik regilye, ant mwayen ak enèjik gras a kou Edikasyon Fizik ak Dans ochwa yo;
- Gen opòtinite aprann yon kourikoulòm edikasyon fizik gras a kou Edikasyon Fizik yo.

Pwogram ekstra-eskolè yo

Elèv elemantè ak premye sik segondè yo pral:

- Gen opòtinite patisipe nan pwogram ekstra-eskolè ki gen aktivite fizik ladan yo, tankou espò entèn ak klèb aktivite fizik; epi
- Gen opòtinite fè aktivite fizik ant modere ak enèjik pandan gad ak pwogram anrichisman apre lekòl yo; pandan tan sa a, lekòl yo pral ankouraje aktivite fizik ant modere ak enèjik, ni awotwva ni nan bay espas, ekipman ak aktivite.

Elèv dezyèm sik segondè yo pral:

- Fè aktivite regilye, ant modere ak enèjik gras a espò ekip, selon kondisyon patisipasyon obligatwa nan espò pou gradye a.

V. Kontwòl ak revizyon politik la

Kontwòl. Ko-Direktè Brooke Charter Schools yo oswa moun yo deziyen an pral garanti respè politik sou myezèt gras a nitrisyon ak aktivite fizik yo. Ko-direktè yo oswa moun yo deziyen an pral fasilite revizyon regilye Politik sou Myezèt la atravè Komite Myezèt Brooke Charter Schools la, sa gen ladan evalyasyon.

ANÈKS F: PWOGRAM NITRISYON ESKOLÈ A NAN BROOKE CHARTER SCHOOLS

Politik sou Dwa Sivil

I. Deklarasyon Non-Diskriminasyon

Deklarasyon Non-Diskriminasyon konplè oswa rezime ki annapre a dwe nan tout dokiman Brooke Charter Schools (BCS) ki fè referans a Pwogram Nitrisyon Eskolè BCS la, sa gen ladan Pwogram Dejene nan Lekòl la, Pwogram Nasyonal Alimantasyon Eskolè a, oswa Pwogram Goute Apre Lekòl la. Deklarasyon konplè a obligatwa pou dokiman ki annapre yo: piblikasyon òganis la (mànyèl, bilten); sit wèb òganis la; reklam enprime (anons, afich); ak demann ak lèt pou sibvansyon repa.

Langaj ak fòm deklarasyon an dwe egzakteman jan nou montre li pi ba a; epi gwosè karaktè yo dwe menm as sa majorite lòt tèks ki nan dokiman an.

A. Deklarasyon Konplè

“Konfòmman a lwa federal sou dwa sivil la ak règleman ak politik Depatman Ameriken Agrikilti a (U.S. Department of Agriculture, USDA), USDA a, Òganis li yo, biwo li yo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe nan pwogram USDA yo oswa k ap administre pwogram sa yo gen entèdiksyon fè diskriminasyon baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans poutèt aktivite dwa sivil anvan sa nan kèlkeswa pwogram oswa aktivite USDA fè oswa finanse.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon sou pwogram nan (paregzanp Bray, gwo karaktè, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Òganis (sa eta a oswa sa ki lokal la) kote yo te fè demann avantaj sosyal yo. Moun ki soud, ki tandè di oswa ki gen andikap pale gen dwa kontakte USDA pase pa Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram nan gen dwa disponib nan lang ki pa angle.

Pou pote yon plent diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli [Fòmilè Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a](#), (AD-3027) ki anliy nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt ki biwo USDA, oswa ekri yon lèt adrese a USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòmilè a. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Soumèt fòmilè ranpli w lan oswa lèt ou a bay USDA pa:

4. kourye: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
5. faks: (202) 690-7442; oswa
6. imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a bay tout moun menm opòtinite.”

B. Deklarasyon Rezime

“Enstitisyon sa a bay tout moun menm opòtinite.”

II. Pwosedi pou pote plent dwa sivil

Tout patisipan yo nan Pwogram Nitrisyon Eskolè BCS la, patisipan potansyèl yo, ak manm piblik la k ap fè akizasyon diskriminasyon gen dwa pou yo pote plent dis 180 jou apre aksyon diskriminatwa prezime a. Gen diskriminasyon lè yon moun oswa yon gwoup moun:

- Resevwa avantaj oswa sèvis an reta
- Jwenn refi pou yo ba li avantaj oswa sèvis
- Resevwa tretman diferan pa rapò a lòt moun, nan dezavantaj li
- Resevwa tretman patikilye

Nou p ap janm dekouraje yon moun oswa yon gwoup moun pou li pote plent oswa eksprime akizasyon diskriminasyon.

Plent yo gen dwa ekri oswa vèbal. Ou gen dwa pote plent yon fason anonim oswa pase pa yon pati eksteryè. Ou gen dwa pote plent kot Brooke Charter Schools; kot Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la; oswa kot Depatman Ameriken Agrikilti (U.S. Department of Agriculture, USDA) federal la.

A. Pou pote plent kot BCS

Pou pote plent kot Brooke Charter Schools ou gen dwa kontakte Kowòdonatè Dwa Sivil BCS la, ki pi ba a. N ap kenbe konfidansyalite nan tout ka yo, epi n ap okipe plent yo lepli rapidman posib.

Mark Loring, Ofisye Chèf Operasyon
190 Cummins Highway
Roslindale, MA 02131
(617) 325-7977
mloring@ebrooke.org

Lè li resevwa yon plent, Kowòdonatè Dwa Sivil la ap sèvi avèk pwosedi ki annapre a:

1. Fè tout sa li kapab pou rasanble enfòmasyon ki gen pou wè avèk plent la, sa gen ladan:
 - a. Non, adrès, ak nimewo telefòn oswa lòt mwayen pou kontakte pleyan an,
 - b. Adrès ak non espesifik Òganis eta, òganis lokal, oswa lòt soutretan k ap bay sèvis oswa avantaj la,
 - c. Nati ensidan oswa aksyon ki fè plenyman an santi diskriminasyon te yon faktè, ak yon egzanp metòd administrasyon ki gen efè patikilye sou piblik la, moun ki ta kapab kalifye yo, kandida yo, oswa patisipan yo,
 - d. Baz ki fè pleyan an kwè gen diskriminasyon an,
 - e. Non, nimewo telefòn, tit, ak adrès komèsyal oswa pèsònèl moun ki gen dwa okouran aksyon diskriminatwa prezime a, ak
 - f. Dat aksyon diskriminatwa prezime yo te poze oswa, si y ap kontinye, dire aksyon sa yo.
2. Na ka yon plent vèbal, dokimante eleman plent la alekri onon pleyan an.

3. Dokimante plent la nan Rejis Plent Dwa Sivil la.
4. Transfere plent la nan nivo eta oswa federal, si sa apwopriye (gade gid la pi ba a).
5. Kòmanse yon Mòd Altènatif Rezolisyon Konfli (Alternate Dispute Resolution), si sa apwopriye (gade gid la pi ba a).

N ap transfere plent ki pote kot BCS yo ki site youn nan sèt Baz ki gen pwoteksyon federal ki nan Seksyon B pi ba a bay USDA. N ap transfere plent ki pote kot BCS yo ki site youn nan kat baz eta a pwoteje yo ki nan Seksyon C pi ba a bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la.

Kowòdonatè Dwa Sivil BCS la pral eseye rezoud tout lòt plent dwa sivil yo nan nivo distrik la gras a Mòd Altènatif Rezolisyon Konfli an (Alternate Dispute Resolution, ADR), selon rekòmandasyon USDA a. ADR se lè yo sèvi avèk yon pati eksteryè net (abityèlman yon moun ki sèvi kòm fasilitatè) pou rezoud yon plent diskriminasyon yon fason enfòmèl gras a diferan teknik tankou rechèch fè, antremiz, pànèl, fasilitasyon, soutyen medyatè, oswa konsilyasyon.

Si yon plent pa rezoud nan nivo distrik la, Kowòdonatè Dwa Sivil la dwe mete pleyan an okouran opsyon kontakte ak/oswa transfere plent li an kot Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la oswa USDA Federal la.

B. Pou pote plent kot USDA

Tout plent dwa sivil ki site baz ki gen pwoteksyon federal ki gen pou wè avèk ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans poutèt aktivite dwa sivil anvan sa nan nenpòt ki pwogram oswa aktivite USDA fè oswa finanse dwe soumèt dirèkteman bay Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon (Food Nutrition Services, FNS) USDA yo.

Tanpri swiv enstriksyon ki pi ba yo:

Pou pote yon plent diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli [Fòmilè Plent sou Diskriminasyon USDA a](#), (AD-3027) ke w ap jwenn nan nenpòt ki biwo USDA, oswa ekri yon lèt adrese a USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòmilè a. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Soumèt fòmilè ranpli w lan oswa lèt ou a bay USDA pa:

1. kourye: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
2. faks: (202) 690-7442; oswa
3. imèl: program.intake@usda.gov.

Y ap anrejistre tout fòmilè plent dwa sivil yo resevwa nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la epi y ap transmèt yo bay USDA.

C. Pou pote plent kot Dep. Edikasyon Elemantè ak Segondè Mass. la

Tout lòt plent dwa sivil ki site baz ki sou pwoteksyon Commonwealth of Massachusetts (eta a) ki gen pou wè avèk absans domisil, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, ak relijyon ([M.G.L. c. 76, s. 5](#)) kapab soumèt bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, ESE) Massachusetts la pase pa Biwo Sistèm Rezolisyon Pwoblèm (Problem Resolution System Office) ESE a:

Problem Resolution System Office
Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906

Telefòn: 781-338-3700
TTY: N.E.T. Relay: 1-800-439-2370
Faks: 781-338-3710
Imèl: compliance@doe.mass.edu

Pou moun ki pa ni ekri ni pale angle, oswa ki pa alèz kominike nan lang angle, Depatman an ap fè aranjman apwopriye.

Pou plis enfòmasyon sou Sistèm Rezolisyon Pwoblèm Depatman an tanpri rele 781-338-3700, 1-800-439-2370 (TTY: N.E.T. Relay), oswa al sou [paj Sistèm Rezolisyon Pwoblèm nan](#).

ANÈKS G: PWOGRAM NITRISYON ESKOLÈ A NAN BROOKE CHARTER SCHOOLS

Politik sou Ofri Olyede Sèvi a

I. Sèvis repa

A. Ofri Olyede Sèvi

Pwogram Nitrisyon Eskolè Brooke Charter Schools (BCS) la ap ofri elèv yo sèvis manje selon dispozisyon Ofri Olyede Sèvi (Offer Versus Serve, OVS) USDA a.

B. Repa ranbousab yo

Repa yo ap konte kòm ranbousab epi y ap kapab reklame ranbousman pou yo sèlman si yo respekte kondisyon OVS yo nèt. Brooke Charter Schools p ap sèvi repa ki pa ranbousab; sa vle di, si yon elèv refize a) pran omwen twa aliman nan repa a ak/oswa b) pran ½ tas fwi/legim obligatwa a, alòs nou p ap sèvi repa a. Konfòmman a Gid sou Ofri Olyede Sèvi USDA a, Otorite Manje nan Lekòl yo ap deside si pou yo detèmine yon politik pou sitiyasyon sa yo.

II. Fòmasyon pèsònèl la

Tout anplwaye BCS k ap patisipe nan sèvis repa a, sa vle di Direktè Nitrisyon Eskolè, Manadjè, ak manm Pèsònèl la nan BCS, dwe resevwa fòmasyon sou Ofri Olyede Sèvi anvan kòmansman chak ane eskolè. Pami sijè fòmasyon yo, dwe genyen:

- Konprann kisa yon repa ranbousab ye
- Konprann kantite aliman ki dwe nan repa a pou fè yon repa ranbousab pou ni dejene ni manje midi
- Konprann politik Brooke Charter Schools la sou lè yon elèv refize aliman nan repa a (selon Seksyon I.B nan Politik Ofri Olyede Sèvi BCS la)

III. Sansibilizasyon elèv yo

Chak kanpis Brooke Charter School dwe gen afich nan liy sèvis repa a k ap eskplike elèv yo Ofri Olyede Sèvi a.

Chak Manadjè Nitrisyon Eskolè BCS dwe verifye elèv ki nan kanpis yo a konprann kijan pou yo chwazi yon repa ki ranbousab selon OVS.

ANÈKS H: ENTIMIDASYON AK RÈGLEMAN PREVANSYON

I. LIDÈCHIP AK PWOSESIS

Deklarasyon Prioritè

Nan Brooke Charter School, nou kenbe elèv yo nan estanda konpòtman ki pi wo a e nou travay pou ankouraje yon anviwònman aprantisaj ki sekirize ak pozitif.

Lekòl la angaje pou bay tout elèv yo yon anviwònman aprantisaj ki sekirize ki pa gen entimidasyon ak cyber-entimidasyon. Angajman sa a se yon pati entegral nan efò pou nou pwomote aprantisaj, ak pou anpeche ak elimine tout fòm entimidasyon ak lòt konpòtman danjere ak deranje ki ka afekte pwosesis aprantisaj la.

Nou konprann ke manm nan sèten gwoup elèv, tankou elèv ki andikape, elèv ki masisi, madivin, bi-seksyèl, oswa trans-seksyèl, ak elèv ki sanabri kapab pi vilnerab pou yo sib entimidasyon, asèlman, oswa nwizans. Lekòl la pra l pran etap espesifik pou l kreye yon anviwònman ki an sekirize, bay sipò pou popilasyon ki vilnerab nan kominote lekòl la, ak bay tout elèv yo konpetans, konesans, ak estrateji pou anpeche oswa reponn a entimidasyon, asèlman, oswa nwizans.

Nou pa p tolere okenn konpòtman ilegal oswa deranje, enkli nenpòt kalite entimidasyon, cyber-entimidasyon, oswa vanjans, nan bilding lekòl nou an, nan lakou lekòl la, oswa nan aktivite ki gen rapò ak lekòl la. Nou pra l mennen ankèt rapid sou tout rapò ak plent entimidasyon, cyber-entimidasyon, ak vanjans, ak pran aksyon rapid pou sispann konpòtman sa a ak restore sans sekirite pou sib la.

Plan Prevansyon ak Entèkansyon Entimidasyon an ("Plan") se yon apwòch konpreyansif pou adrese entimidasyon, ak cyber-entimidasyon, e lekòl la angaje pou l travay avèk elèv yo, anplwaye, fanki, ajans ki fè respekte lalwa yo, ak kominote a pou l anpeche pwoblèm vyolans. Nou etabli Plan sa a pou anpeche, entèvni, ak reponn a ensidan entimidasyon, cyber-entimidasyon, ak vanjans. Direktè a responsab pou aplike ak sipèvize Plan an.

An Jen 2013, yo te amande lwa kont-entimidasyon Massachusetts la (MGL chapit 71, seksyon 37O) pou yo te pwolonje pwoteksyon elèv anplwaye lekòl te entimide, ki gen ladann men pa limite sèlman nan "pwofesè, administratè, enfimyè lekòl, travayè nan kafeterya, moun k ap fè netwayaj, chofè otobis antrenè espò, konseye nan aktivite andeyò lekòl oswa parapwofesyonèl." Baze sou amannman sa yo, tout distri ak lekòl yo, enkli Brooke Charter School, mete Prevansyon Entimidasyon yo ajou ansanm avèk Plan Entèkansyon ki pou reflekte chanjman sa yo.

Bezwen Evalyasyon

Nan yon analiz ki te fèt nan orijinal Brooke School la, Dwayen Elèv yo te jwenn senk ka entimidasyon ak cyber-entimidasyon ki te fèt nan de ane avan yo, men yo pa t jwenn okenn modèl ki pèmèt yo idantifye l pa nivo klas oswa sèks, oswa idantite seksyèl bò kote sib oswa agresè a pami tout ka sa yo. Dwayen an te jwenn ankò ke chak nan ka sa yo te antrene gwo konsekans pou agresè a (sispansyon andeyò lekòl nan tout ka yo). Sèlman nan yon ka ki te genyen yon ofans repete entimidasyon bò kote agresè.

Chak ane, Dwayen Elèv yo pra l pote ak kontwole ensidan entimidasyon (itilize fòm rapò ensidan entimidasyon an nan chak ka) pou kontwole rezilta yo anba plan an.

Omwen chak kat ane kòmanse nan ane lekòl 2015/16, lekòl la pra l bay yon sondaj pou evalye klima lekòl ak prevalans, nati, ak severite entimidasyon nan lekòl nou an. Anplis, lekòl la oswa distri a pra l rapòte done ensidan entimidasyon chak ane bay Depatman an jan yo mande li. Pwofesè, anplwaye, ak paran/gadyen kapab itilize zouti sondaj elèv ki menm jan pou ede nan detèmine bezwen klima lekòl la.

Antre ak Devlopman Plan

Direktè a responsab pou devlope Plan Prevansyon Entimidasyon ak asire ke Plan an mete ajou lè li nesèsè. Ya p afiche bouyon plan an nan sit wèb lekòl la, e ya p avize paran yo atravè Manyèl Elèv ak Fanmi an.

Direktè a pra l responsab pou planifye devlopman pwofesyonèl pou anplwaye alantou prevansyon entimidasyon, aplike kourikoulòm edikasyon karaktè a (ki gen ladann eleman prevansyon entimidasyon), amande manyèl elèv ak anplwaye, ak asire ke fanmi yo enfòmè sou Plan an e yo gen opòtinite pou bay opinyon sou Plan an.

Brooke Charter School rekonèt ke sèten elèv ka pi vilnerab pou yo vin tounen sib pou entimidasyon, asèlman iswa nwizans baze sou karakteristik reyèl oswa aparant, ki enkli ras, sèks, koulè, kwayans, relijyon gwoup etnik, orijin nasyonal, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, andikap fizik oswa mantal, laj, zansèt [èfòmans espò, kondisyon sosyal ekonomik, kondisyon lojman oswa sajabri, bezwen espesyal, pèfòmans nan langaj Anglè oswa yon lang etranje, oswa achèvmman akademik anvan yo, oswa pa asosyasyon avèk yon moun ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo. Lekòl la pra l idantifye etap espesifik li pra l pran pou l kreye yon anviwonman ki an sekirite, bay sipò pou popilasyon vilnerab ki nan kominote lekòl la, ak bay tout elèv yo konpetans, konesans, ak estrateji pou anpeche oswa reponn a entimidasyon, asèlman, oswa nwizans.

Entimidasyon pa akseptab e li fè moun nan kominote a mal. Zak entimidasyon kapab gen ladann: nwizans, bay non, pwovokasyon, fè menas, gaye rimè, retire yon moun nan yon gwoup volontèman pou yon objektif, altèkasyon vèbal oswa fizik, ak lòt konpòtman agresif ki konsistan. Si ou santi ke w entimide, asire pou w pote pwoblèm nan bay pwofesè w, Dwayen Elèv yo, Direktè, oswa nenpòt lòt manm pèsonèl la. Konnen ke lekòl sa a se yon kote ki an sekirite e adilt yo pra l ede w rezoud pwoblèm ak pwoteje w avèk vi prive w. Entimidasyon se yon bagay ki serye e li gen konsekans ki grav.

II. FÒMASYON AK DEVLOPMAN PWOFEZYONÈL

Fòmasyon Anplwaye Anyèl – Pwosedi

Chak mwa Out, pandan oryantasyon avan sèvis, yo pra l fòmè anplwaye yo nan bagay sa yo:

- Yon rezime de etap Dwayen Elèv yo pral swiv lè li resewa yon rapò entimidasyon oswa vanjans, ak
- Yon rezime kourikoulòm prevansyon entimidasyon nou an.

Yo pra l enprime tout Plan Prevansyon Entimidasyon an nan Manyèl Anplwaye a.

Tout anplwaye ki anboche apre kòmansman ane lekòl la pra l resevwa fòmasyon sa a kòm pati de endiksyon yo, sof si yo ka montre ke yo te pran fòmasyon an nan de ane ki sot pase yo.

Devlopman Pwofesyonèl Kontinyèl

Anplwaye pra l resevwa devlopman pwofesyonèl kontinyèl ki konsantre sou domèn sa yo:

1. Estrateji laj ki apwopriye pou anpeche entimidasyon;
2. Estrateji laj ki apwopriye pou entèvansyon efektiv, imedyata pou sispann entimidasyon;
3. Enfòmasyon konsènan entèaksyon konplèks ak diferans pouvwa ki kapab pran plas ant ak pami agresè, sib, ak temwen;
4. Rezilta rechèch sou entimidasyon, ki gen ladann enfòmasyon sou kategori elèv espesifik ki sanble gen risk pou entimidasyon nan lekòl la;
5. Enfòmasyon sou ensidan ak nati cyber-entimidasyon;
6. Pwoblèm sekirite entènèt jan yo gen rapò ak cyber-entimidasyon; ak
7. Fason pou anpeche ak reponn a entimidasyon elèv ki andikape (patikilyèman sa yo ki afekte avèk konpetans sosyal, tankou otis).

III. AKSÈ NAN RESOUS AK SÈVIS

Idantifye resous yo

Lekòl la pra l mete konseye lekòl la disponib lè li nesèsè, pou sib la oswa agresè a an rapò avèk ensidan entimidasyon an. Nan ka kote elèv yo bezwen konsèy nan yon langaj ki ot ke Anglè, lekòl la pra l aranje sesyon konsèy nan lang natif natal timoun nan. Nan ka kote lekòl la pa kapab bay sèvis ki nesèsè yo, Direktè Sipò Elèv yo pra l travay avèk fanmi yo pou l fè aranjman sèvis andeyò lekòl la.

Resous ki pi enpòtan nou genyen nan kreye yon bon klima nan lekòl la se devlopman yon gwo relasyon ant elèv ak adilt nan lekòl la. Tout efò nou nan devlope ak kenbe yon klima lekòl pozitif se byen nan fason sa a, enkli antretyen ti "chaj total-elèv" pou pwofesè, asire ke pwofesè klas akademik yo responsab pou pa plis ke trant elèv e poutèt sa gen kapasite pou devlope bonjan relasyon avèk chak moun.

Pou elèv ki sou spectre otis la, ekip IEP a pra l konsidere ak espesyalman adrese konpetans ki nesèsè yo pou evite ak reponn a entimidasyon, asèlman, oswa nwizans.

Lè yon evalyasyon montre ke gen yon andikap ki afekte devlopman konpetans sosyal, oswa lè yon andikap fè yon elèv vilnerab nan entimidasyon, asèlman, oswa nwizans, IEP a pra l konstri pou l adrese bezwen konpetans ki nesèsè a pou evite ak reponn a entimidasyon, asèlman, oswa nwizans.

IV. AKTIVITE AKADEMIK AK NON-AKADEMIK

Apwòch espesifik prevansyon entimidasyon

Apwòch jeneral lekòl la pou anpeche entimidasyon enkòpore nan karaktè pwogram edikasyon nou an.

Eleman prevansyon entimidasyon nan kourikoulòm nou an enfòme pa rechèch, ki, pami lòt bagay, mete anfas sou apwòch sa yo:

- Konnen ki sa ki dwe fèt lè elèv temwen yon zak entimidasyon, ki enkli chache asistans adilt;
- Ede elèv konprann mekanis entimidasyon ak cyber-entimidasyon, enkli move balans nan pouvwa kache;
- Mete aksan sou cyber-sekirite;
- Amelyore konpetans elèv pou angaje nan bon relasyon ak respè kominikasyon; ak
- Krewe yon anviwonman lekòl ki an sekirite ak bay sipò ki respekte diferans.

Apwòch Aprantisaj Jeneral

Apwòch ki annapre yo entegral pou etabli yon anviwonman ki an sekirite e ki bay sipò.. Aktivite sa yo sipòte entèvansyon entimidasyon nou an ak prevansyon inisyativ yo:

- Etabli woutin ki klè ak atant konpòtman ki klè;
- Krewe yon anviwonman lekòl ak klas ki an sekirite pou tout elèv yo;
- Krewe yon kilti lekòl ki pozitif ak konsantre;
- Devlope relasyon ant adilt ak elèv ki pozitif;
- Bay egzanp konpòtman ki apwopriye ak relasyon pou elèv yo; ak
- Itilize entènèt la san danje.

V. RÈGLEMEN AK PWOSEDI POU RAPÒTE, AK REPONN NAN ENTIMIDASYON AK VANJANS

A1. Apèsi Rapòtaj

Rapò entimidasyon oswa vanjans kapab fèt pa anplwaye, elèv, paran oswa gadyen yo, oswa lòt, e yo kapab oral oswa alekri. Tout rapò yo dwe fèt oswa gen rapò avèk Dwayen Elèv yo. Anplwaye lekòl la dwe transmèt nenpòt rapò dirèkteman bay Dwayen Elèv yo. Rapò yo dwe fèt anonim.

Enfòmasyon sou pwosedi rapòtaj yo pra l disponib chak ane pou tout elèv, fanmi, ak anplwaye yo nan Manyèl Anplwaye ak Manyèl Fanmi ak Elèv yo. Nenpòt elèv ki volontèman fè yon fo akizasyon entimidasyon oswa vanjans pra l sijè a aksyon disiplinè.

A2. Rapòtaj pa anplwaye

Yon anplwaye pra l rapòte nenpòt ensidan entimidasyon toutswit bay Dwayen Elèv yo anplis de swiv tout lòt pwosedi disiplinè òdinè yo.

A3. Rapòtaj pa elèv, Paran, oswa Gadyen, ak lòt moun

Lekòl la espere tou manm kominote lekòl la ki temwen yon ensidan entimidasyon pou yo rapòte li bay Dwayen Elèv yo. Yo kapab fè rapò yo anonim, men yo pa p pran okenn aksyon disiplinè kont swadizan agresè a sèlman sou yon baz rapò anonim.

B. Reponn a yon Rapò Entimidasyon oswa Cyber-entimidasyon oswa Vanjans

Avan ankèt la, Dwayen Elèv yo pra l pran etap pou l asire sekirite sib ak temwen yo.

Lè yo detèmine ke ensidan entimidasyon an te fè, Dwayen Elèv yo pra l avize paran tout pati ki enplike yo ansanm avèk direktè a. Avi a pra l konsistan avèk 603 CMR 49.00.

Si ensidan yo rapòte a enplike elèv nan yon lòt lekòl, Dirè a oswa reprezantan lòt lekòl la, direktè a pra l avize direktè oswa reprezantan lòt lekòl ki enplike nan ensidan an konsa chak lekòl kapab fè aksyon ki apwopriye a.

Si direktè a gen rezon pou l kwè ke yo ka pouswiv chaj kriminel kont agresè a, direktè a pra l avize lapolis. Avi a pra l konsistan avèk egzijans ki nan of 603 CMR 49.00. Si nenpòt ensidan rive nan lakou lekòl la e li enplike yon ansyen elèv ki gen mwens ke 21 ane ki pa nan lekòl la ankò. Direktè a pra l kontakte lapolis si li gen baz pou l kwè ke yo ka pouswiv akizasyon kriminel kont agresè a.

C. Ankèt

Dwayen Elèv yo pral mennen ankèt sou tout rapò yo rapidman oswa vanjans e li fè sa pra l konsidere tout enfòmasyon yo konnen, ki gen ladann nati akizasyon(yo) ak laj elèv ki enplike a. Dwayen an pral fè agresè a sib ak temwen yo ke vanjans enèjikman entèdi e li pra l antrene aksyon disiplinè. Nan l imit ki posib, Dwayen an pra l kenbe konfidansyalite pandan pwosesis la. Dwayen an pra l fè yon rapò ekri sou ankèt la.

D. Detèminasyon ak Repons sou Entimidasyon

Dwayen Elèv yo pra l pran yon detèminasyon baze sou tout reyalyte ak sikonstans yo. Si, apre ankèt, yo jistifye entimidasyon ak vanjans, Dwayen Elèv yo pral pran etap pou l asire:

1. Sib la ak/oswa rapòte a (si se pa menm moun nan) an sekirite e pa gen okenn restriksyon pou l patisipe nan oswa benefisye nan aktivite lekòl la. Kòm pati de pwosesis sa a, Dwayen Elèv yo pra l rankontre avèk sib la ak fanmi li pou yo evalye bezwen sib la ak asire siksè restorasyon sekirite sib la, ki gen ladann yon posiblite rekòmandasyon pou konsèy; ak
2. agresè a fè fas a bonjan aksyon disiplinè e ke agresè a ak fanmi li ap jwenn aksè nan resous edikasyonèl siplemantè (ki gen ladann posiblite rekòmandasyon pou konsèy) ak plis konpreyansyon ke nenpòt lè sa repete la p gen gwo konsekans.

Disiplin pou elèv ki andikape gouvènè pa (Lwa Federal Amelyorasyon Edikasyon moun ki Andikape) federal Individuals with Disabilities Education Improvement Act (IDEA). Tout elèv pra l gen pwoteksyon anba lwa a ak anba règleman sa a kèlkeswa kondisyon legal yo.

Nan yon peryòd tan ki rezonab apre detèminasyon an, Dwayen Elèv yo pra l kontakte sib la ak/oswa rapòte a (si se pa menm moun nan) pou l detèmine si te gen yon repetisyon nan kondwit ki entèdi a ak si gen bezwen pou plis sipò. Si se wi, Dwayen an pra l travay avèk anplwaye ki apwopriye nan l ekòl la pou l aplike yo touswit.

Direktè a oswa reprezantan pra l enfòmè paran sib la ak agresè a de ensidan entimidasyon sou sistèm rezolisyon pwoblèm Edikasyon Segondè ak Elemantè Depatmanan ak pwosesis pou jwenn aksè nan sistèm sa a, kèkeswa rezilta detèminasyon entimidasyon an. Nenpòt paran ki ta renmen fè yon reklamasyon/enkyetid oswa chèche asistans andeyò lekòl la kapab fè sa nan Sistèm Rezolisyon Pwogram Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (PRS). Enfòmasyon sa a disponib nan: <http://www.doe.mass.edu/pqa>, Yo ka voye imèl nan compliance@doe.mass.edu oswa moun kapab rele 781-338-3700. Kopi papyè enfòmasyon sa a pra l disponib tout nan men Direktè ak/oswa Ko-Direktè (yo) nan Brooke Charter School.

VI. KOLABORASYON AVÈK FANMI YO

Lekòl la pra l afiche estanda karaktè edikasyon ak kourikoulòm nan sou entènèt lekòl la.

Chak ane, lekòl la pra l enkli Plan Prevansyon Entimidasyon an nan Manyèl Fanmi ak Elèv la (nan lang fanmi an prefere a) epi la p afiche li nan sit wèb li.

VII. Entèdiksyon kont Entimidasyon ak Vanjans

Zak Entimidasyon, ki gen ladann cyber-entimidasyon, entèdi:

- (i) Nan lokal lekòl la ak pwopriyete ki toupre lekòl la, nan yon aktivite ke lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, oswa pwogram swa nan oswa andeyo lokal lekòl la, nan yon estasyon otobis, nan yon otobis oswa lòt machin distri lekòl la oswa lekòl la genyen, lwe oswa itilize; oswa nan itilizasyon teknoloji oswa yon aparèy elektwonik lekòl la oswa distri lekòl la genyen, lwe oswa itilize; ak
- (ii) Nan yon lokasyon, aktivite, fonksyon, oswa pwogram ki pa gen rapò avèk lekòl la atravè itilizasyon teknoloji oswa yon aparèy elektwonik yon lekòl oswa diski a pa lwe, itilize, oswa posede. si zak la kreye yon anviwonman ostil nan lekòl la pou sib la oswa temwen yo, vyole dwa yo nan lekòl la, oswa materyèlman deranje pwosesis edikasyon an oswa lòd operasyon lekòl la.

Vanjans kont yon moun ki rapòte entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt entimidasyon, oswa temwen oswa gen enfòmasyon ki fyab konsènan entimidasyon entèdi tou.

Jan li mansyone nan MGL c. 71, § 370, Pa gen anyen nan Plan an ki egzije lekòl la pou l voye anplwaye nan okenn aktivite, fonksyon, oswa pwogram ki pa gen rapò ak lekòl la.

VIII. DEFINISYON

Yo kopye plizyè definisyon ki annapre yo dirèkteman nan MGL c. 71, § 370, jan li mansyone anba a. Lekòl yo oswa distri yo kapab ajoute langaj espesifik nan definisyon sa yo pou klarifye yo, men paka chanje siyifikasyon yo oswa sijè ki abòde yo. Plan yo ka ajoute definisyon tou ki aliyen avèk règleman lokal ak pwosedi yo.

Agresè se yon elèv oswa yon anplwaye ki angaje nan entimidasyon, cyber-entimidasyon, oswa vanjans.

Yo define Entimidasyon, jan li ye nan MGL c. 71, § 370, se repetisyon yon ekspresyon vèbal oswa elektwonik oswa yon kontak fizik oswa jès oswa yon konbinezon toude pa yon oswa plis elèv oswa pa yon anplwaye, pwofesè, administratè enfimyè lekòl, travayè kafeterya, moun k ap fè netwayaj, chofè otobis, antrenè espò, konseye aktivite andeyò lekòl oswa paraprosyonèl ki dirije kont yon sib ki:

- i. Lakoz domaj fizik oswa emosyonèl pou sib la oswa pwopriyete sib la;
- ii. Mete sib la nan laperèz pou tèt li oswa pou pwopriyete li;
- iii. Kreye yon anviwonman ki ostil pou sib la nan lekòl la;
- iv. Diminye dwa sib la nan lekòl la; oswa
- v. Materyèlman deranje pwosesis edikasyon an oswa lòd operasyon nan yon lekòl.

Cyber-entimidasyon, se entimidasyon atravè itilizasyon teknoloji oswa aparèy elektwonik tankou telefòn, telefòn selilè, òdinatè, ak entènèt la. Li gen ladann men pa limite sèlman nan, imèl, mesaj

enstantane, mesaj tèks, ak afich sou entènèt. Gade MGL c. 71, § 37O pou definisyon legal cyber-entimidasyon.

Anviwonman ostil, jan li defini nan MGL c. 71, § 37O, se yon sitiyasyon kote entimidasyon lakòz anviwonman lekòl la chaje avèk entimidasyon, betiz, oswa ensilt ki ase grav ak jeneral pou chanje kondisyon edikasyon yon elèv.

Vanjans se nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa asèlman ki dirije kont yon elèv ki rapòte entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt entimidasyon, oswa temwen oswa gen enfòmasyon ki fyab sou entimidasyon.

Anplwaye enkli, men pa limite sèlman nan, edikatè, administratè, konseye, enfimyè lekòl, travayè kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè espò, konseye aktivite andeyò lekòl, anplwaye sipò, oswa parapwofesyonèl.

Sib se yon elèv ki vize pou entimidasyon, cyber-entimidasyon, oswa vanjans.

IX. RELASYON AVÈK LÒT LWA YO

Konfòmman avèk lwa leta ak federal, ak règleman lekòl la oswa distri, pa dwe gen diskriminasyon kont okenn moun nan admisyon lekòl la oswa nan jwenn avantaj, privilèj ak aksè nan kou pwogram etid la, aktivite ak aktivite andeyò lekòl sou baz ras, sèks, koulè, kwayans, relijyon, gwoup etnik, orijin nasyonal, zansèt, oryantasyon seksyèl idantite sèks oswa ekspresyon, andikap fizik oswa mantal, laj, zansèt, pèfòmans espò, kondisyon ekonomik-sosyal, kondisyon lojman oswa sanzabri, bezwen espesyal, pèfòmans nan langaj Anglè oswa yon lang etranje, oswa achèvmman akademik avan yo. Pa gen anyen nan plan an ki anpeche distri a oswa lekòl piblik la pran aksyon pou remède diskriminasyon oswa asèlman baze sou abònman yon moun nan yon kategori ki pwoteje anba lwa federal, lwa eta, lokal, oswa règleman distri a.

Anplis, pa gen anyen nan plan an ki deziyen oswa gen entansyon limite otorite lekòl la oswa distri a pou l pran aksyon disiplinè oswa lòt aksyon anba MGL c. 71, §§ 37H or 37H½, lòt lwa aplikab, oswa lekòl lokal, oswa règleman distri nan repons a konpòtman ki vyolan, danjere, oswa pètibasyon, menm si Plan an kouvri konpòtman an.

ANÈKS I: KONTRA RESPONSABLITE MITYÈL

PARAN	ELÈV	LEKÒL
<p>Kòm yon paran nan Brooke Charter School mwen dakò pou m:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Fè lekòl la yon anviwònman ki gen sekirite ak lòd nan sipòte lekòl la pandan la p ranfòse kòd kondwit la (jan li ye nan Manyèl Fanmi ak Elèv la), enkli règleman konsènan konferans imedyà ak emisyon sispansyon yo. 2. Asire ke pitit mwen rive nan lekòl la avan 7:45 A.M. ak vini lekòl regilyèman. Mwen li règleman prezans la nan Manyèl Fanmi ak Elèv la e mwen konprann règleman lekòl la konsènan reta, absans ki eskize ak sa ki pa eskize yo, ak absans anyèl ki depase 15 jou. Mwen konprann ke 3 rive an reta ap konte pou 1 absans. 3. Asire ke pitit mwen mete inifòm apwopriye chak jou, jan li eksplike nan seksyon kòd abiman nan Manyèl Fanmi ak Elèv la. 4. Kominike regilyèman avèk pwofesè pitit mwen konsènan pèfòmans akademik ak konpòtman ak patisipe nan evènman ki annapre yo nan lekòl la: Oryantasyon Out, yon inogirasyon, yon minimòm de konferans paran, ak nenpòt konferans ki obligatwa. 5. Tcheke devwa pitit mwen chak swa. Mwen konprann ke devwa ki pa satisfèzan oswa enkonplè pra l antrene konsekans ki koresponn avèk yo. <p>_____</p> <p><i>Non Paran</i></p> <p>_____</p> <p><i>Siyati Paran Dat</i></p>	<p>Kòm yon elèv nan Brooke Charter School, mwen dakò pou m:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Montre <u>konsantrasyon</u> nan toujou travay di pou m fè tout sa mwen kapab. 2. Montre <u>entegrite</u> nan toujou eseye fè sa ki byen. 3. Montre <u>respè</u> pou tèt mwen, lòt moun nan kominote lekòl nou an, pwopriyete lòt moun ak anviwònman aprantisaj la. 4. Montre <u>detèminasyon</u> nan fè chwa sou konpòtman ak aksepte konsekans yo. 5. Montre <u>tèt ansanm</u> nan sousye de lòt yo. <p>_____</p> <p><i>Non Elèv</i></p> <p>_____</p> <p><i>Siyati Paran Dat</i></p>	<p>Kòm yon anplwaye nan yon Brooke Charter School, mwen sètifye ke mwen dakò pou:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Asire ke tan lekòl presye itilize avèk refleksyon ak efikasite pou lekòl la kapab bay elèv yo yon edikasyon akademik ki solid e ki satisfè oswa depase egzijans fondasyon kourikoulòm nan. 2. Fè lekòl la tounen yon anviwònman ki gen sekirite ak lòd nan ranfòse règleman toutan ke li posib ak nan fè travay pa nou pou enstri elèv yo konsènan konpòtman lekòl ki apwopriye. 3. Kominike regilyèman avèk paran yo konsènan konpòtman pitit yo ak pèfòmans akademik yo atravè rapò pwogrè, kat rapò, konferans paran, kontak telefòn ak nan akeyi paran nan lekòl la. 4. Asiyen, ranmase ak evalye travay aswè yo ki deziyen pou sipòte enstriksyon nan klas ak amseye responsablite, ak asire ke elèv yo responsab pou fini devwa sa yo chak jou. 5. Toujou kontwòle pwen fò ak pwen fèb ak pwogrè elèv nou yo, toude kote akademikman ak konpòtman, bay èd akademik siplemantè ak ède elèv yo nan devwa lakay yo regilyèman, ak ranfòse kòd kondwit la kòm yon mwayen pou fè elèv la pran responsablite pou konpòtman li nan lekòl la. <p>_____</p> <p><i>Non Repezantan Brooke</i></p> <p>_____</p> <p><i>Siyati Repezantan Brooke Dat</i></p>

ANÈKS J: POLITIK POU PREVANSYON KONSOMASYON DWÒG AK ALKÒL

Bi politik la

1. Edike elèv yo sou danje konsomasyon ak abi dwòg ak alkòl
2. Dekouraje elèv yo konsome dwòg ak alkòl nan ak andeyò lekòl la
3. Ofri entèvansyon ak soutyen apwopriye lè gen elèv Brooke Charter Schools ki konsome oswa abize dwòg ak alkòl

Edikasyon sou sante ak konsomasyon dwòg ak alkòl

Brooke Charter Schools (BCS) gen anplas yon kourikoulòm edikasyon sou sante ak prevansyon konsomasyon dwòg ak alkòl nan 5yèm-9yèm ane ki konsantre sou garanti elèv yo resevwa edikasyon sou danje ak ris pou lasante ki gen pou wè avèk konsomasyon dwòg ak alkòl (9yèm ane se dènye ane a nan BCS kounye a). Kourikoulòm nan tire enfòmasyon yo nan yon varyete sous, sa gen ladan plizyè sous ki nan lis Rejis Nasyonal Pwogram ak Pratik ki Fonde sou Prèv la (http://nrepp.samhsa.gov/01_landing.aspx).

Sèvis pwofesyonèl ak referans

Responsab Disiplin nan nan chak kanpis BCS dwe moun pou kontakte ki deziyen an pou (a) referans manm pèsonèl la bay elèv ki idantifye kòmkiwa yo demontre premye siy avètisman, ak (b) soutyen pou elèv sa yo.

Konseye nan dezyèm sik segondè a ak titilè klas yo nan 5yèm-8yèm ane se pèsonèl kontak dirèk esansyèl ak lyezon ant elèv yo, paran yo, ak administratè yo nan tout kanpis BCS yo. Pwofesè premye sik segondè yo ak konseye dezyèm sik segondè yo, yo chak gen yon kantite elèv total ki mwens pase 30 elèv epi yo responsab konnen ak soutni elèv yo ak fanmi yo. Kòm enstriktè prensipal kourikoulòm sante ak prevansyon abi dwòg ak alkòl la, pwofesè premye sik segondè yo ak konseye dezyèm sik segondè yo nan pi bon pozisyon ki genyen pou rekonèt premye siy avètisman konsomasyon ak/oswa abi dwòg ak alkòl pami elèv y ap anseye ak konseye yo.

Pèfeksyonman pwofesyonèl pou pèsonèl la

Tout manm pèsonèl kontak dirèk yo (pwofesè yo ak konseye yo nan 5yèm-9yèm ane) pral patisipe nan pèfeksyonman pwofesyonèl ki fèt pou ede yo aplike efikasman kourikoulòm sante ak prevansyon konsomasyon dwòg ak alkòl la nan chak ane. Pèfeksyonman pwofesyonèl sa a pral gen ladan yon konsantrasyon sou rekonèt premye siy avètisman konsomasyon dwòg ak alkòl kay adolesan, ak pwosede bay referans baze sou sa bay Responsab Disiplin lekòl la.

Entèdiksyon konsomasyon dwòg ak alkòl

Yon elèv pa dwe, kèlkeswa kantite a, ni konsome, ni genyen, ni vann ni achte, ni fè kado ankenn bwason ki gen alkòl; ankenn pwodui ki gen tabak, sa gen ladan sigarèt vapè/elektwonik; marijàn; estewoyid; ni ankenn sibstans ki sou kontwòl. BCS entèdi pou elèv yo konsome alkòl, pwodui ki gen tabak, oswa dwòg sou pwopriyete lekòl la ak nan nenpòt ki aktivite eskolè. Anplis de sa, tout

elèv ki sou enfliyans dwòg oswa bwason alkòlik anvan, oswa pandan, yo vin lekòl oswa ap patisipe nan yon aktivite lekòl la kòmmandite gen dwa sibi mezi disiplinè.

Si yo kenbe yon elèv nan lokal lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la kòmmandite oswa ki gen pou wè avèk lekòl la, sa gen ladan match espò, avèk sou li yon sibstans ki sou kontwòl, sa gen ladan, pami lòt bagay, marijàn, kokayin, ak ewoyin, Chèf Etablisman an gen dwa mete li deyò lekòl la pandan yon sèten tan ki kapab rive jiska deyò nèt.

Kominikasyon ak revizyon politik la

Politik sou Prevansyon Konsomasyon Dwòg ak Alkòl sa a ap afiche sou sit wèb Brooke Charter Schools la ak nan Màyèl Elèv ak Fanmi an. Komite Myezèt Brooke Charter Schools la pral revize Politik la omwen chak twazan pou garanti li toujou annakò epi pou mete pi bon pratik yo ladan li. Fanmi yo ap gen opòtinite patisipe nan pwosesis revizyon Politik la nan Komite Myezèt la.

Y ap mete elèv yo okouran chak ane Politik Prevansyon Konsomasyon Dwòg ak Alkòl la gras a Màyèl Elèv ak Fanmi an. Elèv yo ap patisipe nan efò kontinyèl pou elabore ak amelyore Politik la, gras a patisipasyon yon an Komite Myezèt Brooke Charter Schools la, sa gen ladan patisipasyon nan pwosesis revizyon an k ap fèt chak twazan.

Tout manm pèsònèl BCS yo ap resevwa enfòmasyon sou Politik la gras a Rekòmandayon pou Anplwaye yo, ke pèsònèl la dwe konfime li resevwa chak ane.

Entèvansyon, tretman, re-entegrasyon, ak konfidansyalite

Nan ka yo idantifye yon elèv BCS gen yon pwoblèm ki gen pou wè avèk konsomasyon dwòg oswa alkòl, abi dwòg oswa alkòl, oswa akoutimans, Responsab Disiplin nan pral travay avèk fanmi elèv la pou idantifye opsyon pou entèvansyon ak/oswa tretman pase pa yon founisè eksteryè (lis resous la nan seksyon ki annapre a). Elèv ki pran konje pwolonje nan BCS pou tretman abi dwòg oswa alkòl oswa akoutimans p ap pèdi plas yo nan BCS kèlkeswa sikonstans yo poutèt absans sa a, epi pèsònèl lekòl la ap fè tout sa li kapab pou soutni elèv la ak/oswa fanmi li pou elèv la kapab reyisi re-entegre nan BCS lè li retounen, gras a soutyen akademik ak sosyo-emosyonèl siplemantè. Konfòmman a lwa eta ak federal yo, pèsònèl lekòl la pral kenbe konfidansyalite estrik sou enfòmasyon yon elèv endividyèl ki gen pou wè avèk konsomasyon dwòg oswa alkòl.

Resous ki disponib pou elèv, fanmi ak anplwaye Brooke Charter Schools yo

- **Liy Èd pou Abi Dwòg ak Alkòl Massachusetts la (Massachusetts Substance Abuse Helpline)**, 1-800-327-5050, www.helpline-online.com
- **Alkòlik Anonim ak Nakotik Anonim**, 617-426-9444, www.aaboston.org, www.na.org
- **Blòg Sante Piblik Massachusetts la, Pale avèk Pitit ou de Marijàn (Talking to Your Kids about Marijuana)**, <https://blog.mass.gov/publichealth/substance-abuse-prevention-treatment-and-recovery/talking-to-your-kids-about-marijuana/>
- **Konsomasyon Alkòl ak Pitit Ou (Alcohol Use and Your Kids)– Sante Piblik Massachusetts**, <http://www.mass.gov/eohhs/docs/dph/substance-abuse/7-ways-to-protect-teen-from-alcohol-drugs.pdf>

- **Sant Nasyonal sou Anviwònman Aprantisaj San Danje ak Ankourajan (National Center on Safe Supportive Learning Environments)**, <http://safesupportivelearning.ed.gov>
- **Sansibilazyon sou Konsomasyon Dwòg ak Alkòl DEA a (DEA Substance Use Awareness)**, <http://www.getsmartaboutdrugs.com/>
- **Pwogram sou Abi Dwòg ak Alkòl pou Adolèsan an (Adolescent Substance Abuse Program, ASAP)**, Boston Children's Hospital, 617-355-2727, www.childrenshospital.org
- **ALANON/ALATEEN – reyinyon gwoup soutyen yo disponib pa vil/kominote**, 1-888-425-2666, www.al-anon.org, www.ma-al-anon-alateen.org
- **SMART Recovery Family & Friends**, www.smartrecovery.org/resources/family.htm

ANÈKS K: RÈGLEMAN KONTRENT FIZIK

Seksyon 1: Entwodiksyon ak Objektif

An akò avèk lwa eta a, Brooke Charter School detèmine ke kontrent fizik sou yon elèv ap fèt sèlman lè li nesèsè pou pwoteje yon elèv ak/oswa yon manm kominote lekòl la kont yon agresyon oswa danje fizik grav, iminan; ak si entèvansyon ki pa fizik pa ta efikas. Yo pa p itilize kontrent fizik kòm yon mwayen pinisyon, oswa kòm yon repons pou destriksyon pwopriyete, deranjman lòd lekòl la, yon elèv ki refize konfòme ak yon règleman lekòl la oswa direktiv anplwaye, oswa menas vèbal ki pa konstitiye yon menas danje fizik, grav pou yon elèv kòm rezilta itilizasyon kontrent fizik.

Sèlman anplwaye sa yo ki resevwa **fòmasyon an pwofondè** jan li dekri nan règleman sa a pra l administre kontrent fizik. Brooke Charter School swiv règleman yo ak rapòtaj ak egzijans dokimantasyon 603 CMR 46.00 a, ou kapabi jwenn li an antye kòm yon anèks nan règleman dokiman sa a.

An akò avèk Regilasyon Commonwealth of Massachusetts (603 CMR 46.00), Brooke Charter School asire ke chak elèv ki ale nan lekòl nou an lib de tout itilizasyon kontrent fizik ki konsistan avèk 603 CMR 46.00. Yo pra l itilize kontrent fizik sèlman nan sitiyasyon ijans kòm dènye rekou, apre lòt altènatif legal ak mwens entrisif pa mache oswa jije pa apwopriye, ak anpil prekosyon.

Seksyon 2: Definisyon

Jan yo tilize nan 603 CMR 46.00, tèm sa yo ki siyifikasyon ki annapre yo:

1. **Konsantman** vle di akò yon paran oswa gadyen ki byen enfòmè ak tout enfòmasyon ki enpòtan pou aktivite la p chache akò a, nan lang natif natal li oswa lòt mwayen kominikasyon, ke paran an konprann ak dakò alekri pou l pote nan aktivite a, ak konprann ke akò a volontè e yo ka revoke l nenpòt lè. Akò a dekri aktivite ak bay lis dosye (si genyen) ki pra l pibliye bay ki moun. Nan chèche konsantman paran, yon pwogram edikasyon piblik pa dwe kondisyonè admisyon oswa enskripsyon kontinyèl ki pwopoze itilizasyon nenpòt kontrent.
2. **Kontrent mekanik** vle di itilizasyon nenpòt aparèy pou retni mouvman libète yon elèv. Tèm nan pa enkli aparèy pèsònèl ki fòmè lekòl la aplike, oswa yon aparèy pwofesyonèl medikal oswa moun ki apwopriye preskri yon elèv pou l itilize pou yon bagay espesifik e ki apwouve pou objektif pozisyon oswa pwoteksyon pou ki aparèy sa a te deziyen. Egzanp aparèy sa yo gen ladann: aparèy adaptatif oswa sipò mekanik ki itilize pou bon pozisyon kò, balans, oswa aliyman pou pèmèt pi gwo libète nan mouvman ki pa ta p posib san itilizasyon aparèy oswa sipò mekanik sa yo; lè machin kontrent sekirite itilize jan yo dwe pandan transpò yon elèv nan yon veyikil ka p mache; kontrent pou imobilizasyon medikal; oswa aparèy òtopedik yo preskri ki pèmèt yon elèv patisipe nan aktivite san risk danje.
3. **Kontrent medikaman** vle di administrasyon medikaman pou objektif kontwòle konpòtman tanporè. Medikaman yon doktè lisansè preskri e paran an otorize lekòl la pou l administre nan anviwònman kontrent medikaman.

4. **Eskòt fizik** vle di yon manyen oswa kenbe tanporèman, san itilizasyon fòs, nan men, ponyèt, bra, zepòl, oswa nan bi pou pwovoke yon elèv ki ajite pou l mache nan yon lokasyon ki an sekirite.
5. **Kontrent fizik** vle di kontak dirèk ki anpeche oswa retni libète mouvman yon elèv anpil. Kontrent fizik pa enkli: kontak fizik kout pou ki pou ankouraje, bay règ fizik oswa siyal lè ya p anseye yon konpetans, reoryante atansyon, bay konfò, oswa yon eskòt fizik.
6. **Direktè** vle di lidè enstriksyon lekòl la oswa reprezantan li, an akò avèk 603 CMR 46.02, Komisyon Konsèy Brooke Charter School Board deziyen Direktè Brooke Charter School kanpis la kòm lidè Enstriksyon nan lekòl respektif yo ak Dwayen Elèv yo nan chak lekòl pra l sèvi kòm reprezantan pou objektif sa a 603 CMR 46.00.
7. **Kontrent fas anba** vle di yo fè presyon fizik sou kò elèv la pou kenbe l nan pozisyon fas anba.
8. **Izolasyon** vle di enkaserasyon yon elèv poukont li nan yon chanm oswa zòn kote elèv la paka kite. Izolasyon pa enkli tan apa jan li dekri nan 603 CMR 46.02.
9. **Tan apa** vle di yon estrateji sipò konpòtman ki devlope dapre 603 CMR 46.04(1) kote yon elèv separe tanporèman nan aktivite klas li, swa pa chwa oswa pa enstriksyon anplwaye, nan bi pou kalme. Pandan tan apa a, yon anplwaye dwe toujou kontinye ap kontwole elèv la. Anplwaye pra l avèk elèv la oswa disponib imedyatman pou elèv la toutan. Espas ki itilize pou tan apa a dwe pwòp, an sekirite, gen sanitasyon, ak apwopriye pou kalme. Tan apa dwe sispann touswit lè elèv la kalme .

Seksyon 3: Kontrent ki Entèdi

Brooke Charter School entèdi kontrent medikaman, kontrent mekanik, ak izolasyon. Anplis kontrent fas anba entèdi sof si anplwaye ka p administre kontrent la te resevwa fòmasyon an pwofondè an akò avèk egzijans 603 CMR 46.04(3), Kondisyon ki etabli nan Seksyon 5 nan règleman sa a atenn, e, nan jijman anplwaye ki fòme a, metòd sa yo obligatwa pou sekirite elèv la oswa lòt moun ki la. Finalman, nenpòt kontrent fizik ki administre nan yon fason ki pa konsistan avèk 603 CMR 46.00 entèdi.

Seksyon 4: Itilizasyon Kontrent Fizik

Kontrent fizik pra l konsidere kòm yon pwosedi ijans dènnye rekou e li pra l entèdi sof lè konpòtman yon elèv konstitiye yon menas agresyon, oswa iminan, danje fizik grav pou tèt li oswa lòt moun epi elèv la pa reponn a direktiv vèbal oswa lòt entèvansyon konpòtman legal ak mwens entrisif, oswa yo jije entèvansyon sa yo pa apwopriye nan sikonstans yo. Nenpòt kontrent fizik pra l limite itilizasyon fòs jan li nesèsè pou pwoteje yon elèv oswa lòt manm kominote lekòl la kont agresyon oswa danje fizik grav, oswa iminan.

Dapre 603 CMR 46.01(4), pa gen anyen nan 603 CMR 46.00 ki entèdi enpòt pwofesè, anplwaye oswa ajan yon pwogram edikasyon piblik itilize fòs rezonab pou pwoteje elèv yo, lòt moun oswa pwòt tèt yo kont agresyon oswa danje fizik, grav, oswa iminan.

Seksyon 5: Entèdiksyon sou Itilizasyon yon Kontrent Fizik (Enkli Kontrent fas anba)

Kontrent fizik se yon pwosedi ijans dènnye rekou e ki pa dwe sèvi kòm yon disiplin oswa pinisyon oswa yon repons a destriksyon pwopriyete, deranjman lòd lekòl la, oswa pou yon elèv ki pa vle konfòme ak règleman yon lekòl oswa yon pwogram edikasyon fizik oswa enstriksyon anplwaye, oswa menas vèbal lè aksyon sa yo pa konstitiye yon menas agresyon, oswa yon danje fizik grav, oswa iminan. Yo pa dwe itilize kontrent fizik lè elèv la pa ka pran kontrent la kòm sadwa akòz rezon medikal, men pa limite sèman nan opresyon, kriz, kondisyon kadyak, obezite, bwonchit, andikap ki gen rapò ak kominikasyon, oswa risk vomisman. Kontrent fizik pa dwe itilize kòm repons estanda pou nenpòt moun (sètadi, okenn plan konpòtman endividyèl oswa pwogram edikasyon pa dwe enkli kontrent fizik kòm yon repons estanda pou okenn konpòtman).

Kontrent Fas anba entèdi nan lekòl la sof nan yon baz elèv endividyèl, ak sèlman anba sikonstans ki annapre yo:

1. Anplwaye ki administre kontrent yo resevwa fòmasyon an pwofondè dapre règleman 603 CMR 46.04(3) ak, nan jijman anplwaye ki fòme yo, metòd sa yo obligatwa pou bay elèv yo ak lòt moun ki prezan sekirite;
2. Elèv la gen yon istwa ki dokimante sou repetisyon ki lakòz danje pou pwòp tèt li ak/oswa danje pou lòt elèv yo oswa anplwaye;
3. Tout lòt fòm kontrent fizik pa reyisi bay elèv la sekirite ak/oswa lòt yo sekirite;
4. Pa gen kontendikasyon medikal jan li dokimante pa yon doktè lisansye;
5. Genyen yon jistifikasyon pou itilize kontrent fas anba epi pa gen kontendikasyon sikolojik oswa konpòtman, jan li dokimante pa yon pwofesyonèl sante mantal ki lisansye;
6. Pwogram nan gen konsantman pou l itilize kontrent fas anba nan ka ijan, e itilizasyon sa yo apwouve alekri pa direktè a; epi,
7. Pwogram nan dokimante kikonstans ki anwo yo (1-5) alavans sou itilizasyon kontrent fas anba ak mentni dokimantasyon.

Seksyon 6: Administrasyon apwopriye Kontrent Fizik

Anplwaye lekòl la sèlman gen dwa aplike kontrent fizik. Pèsonèl ki fòme yo se moun ki resevwa fòmasyon an pwofondè an akò avèk seksyon anba a konsènan fòmasyon anplwaye ansanm avèk lwa eta[603 CMR 46.04(2) ak 603 CMR 46.04(3)].

Nenpòt lè li posib, yon adilt ki pa patisipe nan kontrent fizik la pra l temwen kijan yo administre kontrent la. Lè ya p administre yon kontrent fizik, anplwaye lekòl la pra l itize sèlman valè fòs ki nesèsè pou pwoteje elèv la ak lòt yo kont danje fizik. Anplis, anplwaye lekòl la ka p administre kontrent la pra l itilize metòd ki pi apwopriye ki disponib pou sitiyasyon an an akò avèk egzijans sekirite ki detaye anba a.

Anplwaye lekòl la pra l diskontinye kontrent la imedyatman elèv la pa nan danje ankò pou tèt li oswa lòt yo, oswa elèv la endike ke li paka respire, oswa si yo remake ke elèv la nan detès, tankou gen pwoblèm respirasyon, oswa ap touse oswa kriye anpil. Jan li note nan seksyon 5 nan règleman sa a, kontrent atè, ki gen ladann kontrent fas anba, entèdi sòf si anplwaye lekòl la ka p administre kontrent la te resevwa fòmasyon an pwofondè. Nan jijman anplwaye a, metòd sa a obligatwa pou bay elèv la ak lòt elèv ki prezan yo sekirite, epi kondisyon siplemantè ki detaye nan Seksyon 5 yo satisfè.

Seksyon 7: Dire ak Egzijans Sekirite

Okenn kontrent pa dwe administre nan yon fason pou anpeche elèv la respire oswa pale. Pandan administrasyon kontrent la, anplwaye lekòl la pra l kontinye kontwole kondisyon fizik elèv la, enkli tanperati ak koulè ak respirasyon. Anplis kontrent pra l administre nan yon fason pou anpeche oswa minimize danje fizik.

Si, a nenpòt ki lè, pandan yon kontrent fizik, elèv la ekspriye oswa demontre detrès fizik, ki gen ladann, men pa limite sèlman nan pwoblèm respirasyon, yo dwe libere elèv la touswit, e anplwaye lekòl la dwe pran etap pou l chache èd medikal.

Tout kontrent fizik dwe sispann imedyatman ke elèv la pa prezante danje a ankò, oswa elèv la endike ke li paka respire, oswa si yo obsève elèv la nan detrès grav, tankou difikilite pou l respire, oswa touse ak kriye ki pwolonje. Si yon elèv nan kontrent pou yon peryòd 20 minit, anplwaye pwogram nan pra l resevwa apwobasyon direktè a oswa reprezantan li. Apwobasyon an pra l base sou ajitasyon kontinyèl elèv la pandan li gen kontrent la sa ki jistifye bezwen pou kontrent kontinyèl. Anplwaye lekòl la pra l revize ak konsidere nenpòt restriksyon medikal oswa sikolojik, istwa chòk yo sispèk oswa yo konnen, ak/oswa plan entèvansyon konpòtman konsènan itilizasyon kontrent fizik sou yon moun.

Seksyon 8: Pwosedi swivi

Aprè yo fin libere yon elèv nan kontrent, lekòl la pra l aplike pwosedi swivi ki etabli anba yo:

1. revize ensidan an ak kontrent la avèk elev la pou adrese konpòtman ki presipite kontrent la;
2. revize ensidan an avèk anplwaye lekòl la ki administre kontrent la pou diskite si yo te swiv bonjan pwosedi; ak
3. konsidere si nenpòt swivi apwopriye pou elèv yo ki te temwen ensidan an.

Seksyon 9: Rapòte ak Revize Egzijans yo

A. Rapò Vèbal ak Ekri: Anplwaye Lekòl

Anplwaye lekòl pra l rapòte nenpòt kontrent fizik. Anplwaye ki administre yon kontrent fizik pra l enfòmè Dwayen Elèv yo vèbalman de kontrent la pi vit ke pozib e pa pi ta ke nan fen jounen lekòl la kote kontrent la te administre a. Yo dwe konplete yon rapò alekri epi bay Dwayen Elèv yo li pa pita ke jou apre kontrent la te administre a. Si Dwayen Elèv yo te administre kontrent la, Dwayen Elèv yo pra l prepare rapò a ak soumèt li bay Direktè lekòl la. Si direktè a te administre kontrent la, direktè a pra l prepare rapò a epi soumèt li bay Ko-Direktè(yo) Brooke Charter School. Direktè oswa reprezantan lekòl la pra l konsève yon dosye kontinyèl pou tout ka kontrent fizik yo te rapòte yo, e ki pra l disponib pou revizyon pa Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè oswa paran elèv la sou demann.

B. Rapò Vèbal ak Ekri: Paran/Gadyen

Direktè a oswa reprezantan an pra l enfòmè paran an oswa gadyen an vèbalman de nenpòt kontrent nan espas 24 èdtan evènman an, e pra l voye yon rapò alekri nan espas twa jou lekòl apre itilizasyon kontrent fizik la. Yo pra l voye rapò a nan adrès imèl paran an te bay pou kominikasyon sou elèv la oswa pa lapòs date pa plis ke twa jou lekòl apre itilizasyon kontrent la. Si lekòl la abitye bay paran elèv la enfòmasyon ki gen rapò ak lekòl la nan yon lang ki pa Anglè,

ya p voye rapò kontrent ekri a bay paran an nan lang sa a. Direktè a oswa reprezantan an pra l bay elèv la ak paran li opòtinite pou yo fè kòmantè oralman ak pa ekri sou itilizasyon kontrent ak sou enfòmasyon ki ekri nan rapò a.

C. Kontni Rapò yo

Rapò ekri yo fè referans anwo a pra l enkli enfòmasyon annapre yo:

1. Non elèv la; non avèk tit anplwaye ki te administre kontrent la, ak obsèvatè, si genyen; dat kontrent la; lè kontrent la te kòmanse ak fini; ak non direktè a oswa reprezantan ki te enfòme vèbalman de kontrent la; ak, jan li aplikab non direktè a oswa reprezantan ki te apwouve kontinyasyon kontrent la konfòmeman depase 20 minit la.
2. Yon deskripsyon aktivite a kote elèv ki nan kontrent la ak lòt elèv yo ak anplwaye a nan menm cham nan oswa ozanviwon te angaje imedyatman apre itilizasyon kontrent fizik la; konpòtman ki te antre kontrent la; efò ki te fèt pou anpeche dezakselerasyon konpòtman an, enkli estrateji dezakselerasyon espesifik ki te itilize; altènatif kontrent yo te eseye; ak jistifikasyon pou inisyasyon kontrent fizik.
3. Yon deskripsyon administrasyon kontrent la enkli sipò yo te itilize ak pou ki rezon sipò sa yo te nesèsè; konpòtman ak reyaksyon elèv la pandan kontrent la; kijan kontrent la te fini; ak dokimantasyon blesi elèv la ak/osa anplwaye, si genyen, pandan kontrent la ak nenpòt swen medikal ki te bay.
4. Enfòmasyon konsènan aksyon siplemantè lekòl la te pran oswa ka pran, enkli nenpòt konsekans yo ka enpoze elèv la.
5. Enfòmasyon konsènan opòtinite pou paran elèv la diskite avèk ofisyèl lekòl la sou administrasyon kontrent la, nenpòt konsekans ki ka enpoze sou elèv la, ak nenpòt lòt zafè ki konsène li.

D. Revizyon Done Kontrent Chak Semèn

Direktè a oswa reprezantan pra l fè yon revizyon done kontrent pou idantifye elèv ki te pran kontrent plizyè fwa pandan yon semèn. Si yo idantifye elèv sa yo direktè a oswa reprezantan li pra l konvoke youn oswa plis ekip revizyon jan direktè a oswa reprezantan jije apwopriye pou evalye pwogrè ak bezwen chak elèv. Evalyasyon an pra l enkli bagay sa yo:

1. revizyon ak diskisyon rapò ekri yo te soumèt an akò ak seksyon avan yo, ak nenpòt kòmantè elèv la oswa paran li te bay sou rapò sa yo ak itilizasyon kontrent yo;
2. analiz sikonstans ki antrene chak kontrent, enkli faktè tankou lè pandan jounen an, jou nan semèn nan, evènman antesedan, ak moun ki te enplike;
3. Konsiderasyon faktè ki te ka kontribiye nan akselerasyon konpòtman yo, konsiderasyon altènatif pou kontrent, enkli teknik dezakselerasyon ak entèvansyon posib, ak lòt estrateji ak desizyon jan li apwopriye, avèk objektif pou redwi oswa elimine itilizasyon kontrent nan lavni;
4. akò sou yon plan aksyon alekri pa pwogam nan.

Si direktè a te patisipe dirèkteman nan kontrent la, yon moun ki diman kalifye Ko-Direktè(yo) Brooke Charter School te deziyen pra l revize diskisyon ekip la. Direktè a oswa reprezantan an pra l asire ke dosye revizyon chak elèv konsève ak disponib pou Depatman oswa paran an revize sou demann.

E. Revizyon Administratif

Direktè a oswa reprezantan li pra l fè yon revizyon done lekòl la chak mwa. Revizyon an pra l konsidere modèl kontrent pa resanblans nan lè jounen an, jou semèn nan oswa moun ki enplike yo; valè ak dire kontrent fizik lekòl la ak pou elèv endividyèl; dire kontrent yo; ak valè ak kalite blezi, si genyen ki antrene itilizasyon kontrent. Direktè a oswa reprezantan an pra l detèmine si li nesèsè oswa apwopriye pou modifiye règleman jesyon ak prevansyon kontrent lekòl la, fè fòmasyon siplemantè pou anplwaye sou estrateji diminisyon/prevansyon kontrent, tankou fòmasyon sou entèkansyon konpòtman pozitif ak sipò, oswa pran lòt aksyon sa yo jan li nesèsè oswa apwopriye pou redwi oswa elimine kontrent.

F. Rapòte Blezi

Yo pra l rapòte tout blezi ki gen rapò ak kontrent nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE). Lè yon kontrent fizik antrene yon blezi pou yon elèv oswa yon anplwaye nan pwogram nan, pwogram nan pra l voye yon kopi rapò ekri ki anwo a bay DESE pa pita pase twa jou lekòl apre administrasyon kontrent la. Pwogram nan pra l voye yon tou kopi dosye kontrent fizik direktè oswa reprezantan an konsève pou peryòd 30 jou avan dat yo te rapòte kontrent la bay DESE. Depatman an pra l detèmine si aksyon siplemantè pa pwogram nan garanti e, si wi, li pra l avize lekòl la de nenpòt aksyon ki obligatwa nan espas 30 jou kalandriye de lè yo resevwa rapò ekri yo mande a.

Chak Brooke school yo pra l ranmase done epi rapòte yo chak ane bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè konsènan itilizasyon kontrent fizik. Yo pra l rapòte done sa yo nan yon fason ak fòm DESE mande a.

Seksyon 10: Règleman, Pwosedi ak fòmasyon

A. Règleman ak Pwosedi

Dokiman sa a reprezante prevansyon kontrent alekri Brooke Charter School ak règleman ak pwosedi ki konsistan avèk lwa eta (603 CMR 46.00). Yo pra l revize règleman ak pwosedi sa yo chak ane, e yo pra l disponib pou paran ak gadyen elèv ki enskri yo. Dokiman règleman sa a pra l ogmante a sipòte atravè règleman siplemantè, pwosedi, fòmasyon, ak devlopman pwofesyonèl konsènan bagay sa yo:

1. metòd pou anpeche vyolans elèv yo, konpòtman blese pwòp tèt yo, ak swisid ki gen ladann planifikasyon kriz endividyèl ak dezakselerasyon potansyèl danje konpòtman ki rive nan mitan gwoup elèv yo oswa yon sèl elèv;
2. metòd pou angaje paran ak jenès la nan diskisyon sou prevansyon kontrent ak itilizasyon kontrent sèlman kòm yon pwosedi ijans;
3. Altènatif lekòl la pou kontrent fizik ak metòd kontrent fizik nan sitiyasyon ijans.
4. Pwosedi pou itilizasyon tan apa ki gen ladann yon pwosedi pou jwenn apwobasyon direktè a pou tan apa pou plis pase 30 minit baze sou ajitasyon elèv la

B. Fòmasyon Anplwaye

Tout anplwaye pra l resevwa fòmasyon konsènan prevansyon kontrent ak règleman sipò konpòtman ak egzijans lè ya p itilize kontrent. Chak direktè pra l detèmine yon lè ak metòd pou l bay tout anplwaye pwogram yo fòmasyon konsènan règleman kontrent Brooke. Fòmasyon sa a pra l fèt nan premye mwa chak ane lekòl, e pou anplwaye yo apre ane lekòl la kòmanse, nan espas yon mwa apre anplwa yo.

Fòmasyon an pra l enkli enfòmasyon sa yo:

1. Wòl elèv la, fanmi, ak anplwaye nan anpeche kontrent;
2. Pwogram prevansyon kontrent ak règleman ak pwosedi sipò konpòtman, ki gen ladann mete elèv la apa kòm yon estrateji distenk pou izolasyon;
3. Entèvansyon ki ka anpeche bezwen pou kontrent, ki gen ladann dezakselerasyon konpòtman pwoblematik ak lòt altènatif pou itilize kontrent nan sikonstans ijans;
4. Lè konpòtman an prezante yon ijans ki egzije kontrent fizik, kalite kontrent fizik ki akseptab ak relasyon konsiderasyon sekirite, ki gen ladann enfòmasyon konsènan ogmantasyon risk blesi pou yon elèv lè yo itilize nenpòt kontrent, patikilyèman yon kontrent pou yon peryòd pwolonje;
5. Administre kontrent fizik an akò avèk medikal oswa limit silolojik, yo konnen oswa istwa chòk, ak/oswa plan entèvansyon konpòtman ki aplikab pou yon sèl elèv; ak
6. Identifikasyon pwogram anplwaye ki resevwa fòmasyon an pwofondè nan itilizasyon kontrent fizik an akò avèk lwa eta (603 CMR 46.03(3)i).

Nan kòmansman chak ane lekòl, direktè chak pwogram edikasyon piblik, oswa reprezantan li, pra l idantifye pwogram anplwaye anplwaye ki otorize pou sèvi kòm resous lekòl la pou ede nan asire yon bon administrasyon kontrent fizik. Anplwaye sa yo pra l patisipe nan fòmasyon an pwofondè nan itilizasyon kontrent fizik, kontni a pra l nan konfòmite avèk lwa eta [603 CMR 46.04(4)]. Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè rekòmande ke fòmasyon sa yo dwe dire omwen sèz (16) èdtan, avèk fòmasyon resiklaj chak ane apresya.

Seksyon 11: Pwosedi Plent

A. Rezolisyon Enfòmèl sou Enkyetid Konsènan Itilizasyon Kontrent Fizik

Avan pou kòmanse pwosedi plent fòmèl, yon elèv oswa paran/gadyen ki te konsène avèk yon itilizasyon espesifik yon kontrent fizik, ka chache rezoud enkyetid li konsènan itilizasyon espesifik yon kontrent fizik nan sòlve pwoblèm nan avèk direktè lekòl la. Elèv la ak/oswa paran/gadyen li dwe dirije enkyetid yo konsènan yon itilizasyon espesifik kontrent fizik bay direktè a nan espas dis (10) jou apre paran/gadyen an resevwa rapò ekri lekòl la ki detaye anwo a. Direktè a pra l eseye, ak otorite li travay avèk moun nan pou l rezoud plent la san patipri ak dilijans. Si elèv la ak/oswa paran/gadyen li pa satisfè avèk rezolisyon an, oswa si elèv la ak/oswa paran/gadyen li pa chwazi rezolisyon enfòmèl, konsa elèv la ak/oswa paran/gadyen li ka kontinye ak pwosesis plent ki detaye anba a.

B. Rezolisyon Fòmèl sou Enkyetid Konsènan Itilizasyon Kontrent Fizik

Yon elèv oswa paran/gadyen li, ki gen enkyetid konsènan yon itilizasyon espesifik yon kontrent fizik, kapab chache rezoud enkyetid itilizasyon espesifik li konsènan yon kontrent fizik nan soumèt yon plent alekri bay Ko-Direktè Brooke School. Elèv la ak/oswa paran/gadyen li dwe soumèt lèt sa a nan espas ven (20) jou apre paran/gadyen an resevwa rapò detaye lekòl la. Plent ekri a pra l enkli (a) non elèv la; (b) non lekòl kote swadizan kontrent fizik la te rive a; (c) non moun ki te enplike nan swadizan kontrent fizik la; (d) fondman plent la oswa enkyetid; ak (e) ki aksyon ki te fèt pou korije li. Ko-Direktè Brooke School yo pra l mennen yon ankèt sou plent la rapidman apre yo fin resevwa plent la. Nan kou ankèt la yo pra l kontakte moun yo te refere ki gen enfòmasyon enpòtan konsènan plent la. Yo paka detèmine delè fiks pou mennen ankèt la paske chak sikonstans diferan. Ko-Direktè Brooke School yo pra l asire ke plent la ap jere pi vit ke posib. Apre yo fin fè ankèt fòmèl, direktè yo pra l kontakte moun ki depoze plent la konsènan rezilta ankèt la ak detèminasyon pou yo konnen si yon aksyon korektif jistifye.

ANÈKS L: CHÒK NAN TÈT AK PREVANSYON CHÒK AK JESYON PWOTOKÒL

Deklarasyon Règleman

Nan lòd pou yo ka byen jere blesi nan tèt, Brooke Charter School etabli pwotokòl ki annapre yo pou anpeche, antrene, jere ak pran desizyon ki apwopriye konsènan retounen nan aktivite pou tout elèv ki enplike nan aktivite espò andeyò lekòl.

Yo pral revize règleman sa a lè li nesèsè e yon ekip pèsònèl lekòl la ki gen ladann enfimyè, doktè, direktè pwofesè edikasyon fizik, direktè espò, ak administratè lekòl la pral revize l nan konsilte avèk komite konsèy byennèt sante chak lekòl.

Massachusetts Department of Public Health (MDPH) enfòmè Brooke Charter School ke pandan règleman sa yo pa bezwen revizyon MDPH a, yo dwe an akò avèk règleman MDPH yo. Brooke Charter School pral soumèt afimasyon nan lèt antèt lekòl nou an bay MDPH pou l bay prèv ke nou respekte kondisyon regilasyon pou devlope règleman ki apwopriye pou chòk nan tèt yo. Nou pral mete afimasyon sa a ajou epi soumèt li nan dat 30 Septanm 2013 ak chak de ane apre sa.

Brooke Charter School te deziyen direktè li pou l sipèvize aplikasyon règleman ak pwotokòl ki gouvène prevansyon ak jesyon blesi nan tèt ki gen rapò ak espò yo. Anplis Direktè a pral responsab pou (1) sipòte ak ranfòse pwotokòl yo, dokimante, antrene, ak rapòte sa ki dekri nan règleman an; (2) sipèvize ak revize ke tout dokiman sou plas; (3) revize, mizajou, ak aplike règleman chak de ane epi enkli mizajou nan fòmasyon anyèl ak manyèl paran ak elèv yo.

REF LEGAL: M.G.L. c. 111, § 222 105; CMR 201.000

Enfòmasyon Jeneral

Yon chòk se yon kalite blesi twomatik nan sèvo ki fèt pa yon boul, kou nan tèt, oswa frape, oswa frape kò a ki lakoz tèt la ak sèvo a deplase rapidman devan dèyè. Mouvman rapid sa a ka lakoz sèvo a rebondi oswa tòde nan kran tèt la, detire ak domaje selil sèvo a ki ka kreye chanjman chimik nan sèvo a. Chanjman chimik sa yo vin fè sèvo a vilnerab pou l pran lòt chòk. Pandan peryòl vilnerab sa a sèvo a vin pi sansib a estrès oswa blesi, jiskaske li geri. Se poutèt sa li enpòtan pou w repoze apre yon chòk ak konfòmè nan pwogram pwogresif pou retounen nan jwèt.

Siy ak sentòm chòk nan tèt gen ladann mal tèt oswa ou santi yon presyon nan tèt la, konfonn, chimerik ak lòt chanjman nan pèsonalite, sansiblite pou limyè ak bwi, twoub dòmi, chanjman nan kou, sant, pèt sansasyon oswa pikotman, kè plen oswa vomi, fatig, vètij, vizyon twoub oswa vizyon doub, nen oswa zòrèy senyen. Sentòm yo ka rive touswit oswa kèk èdtan apre. Siy ki annapre yo se siy danje e yo dwe jwenn atansyon medikal touswit: yon je pi piti pase lòt, toudisman oswa difikilte pou reveye, yon mal tèt fè mal ki vin pi mal e ki pa vle pase, feblès, pèt sansasyon oswa kowòdinasyon diminye, vomisman repete oswa kè plen, twoub nan pawòl, kò souke oswa kriz, pa ka rekonèt moun oswa plas, konfizyon ogmante, ajitasyon, konpòtman ki ra, ak pèt konesans (menm si li kout).

I: Pwogram Fòmasyon (referans 105 CMR 201.007)

A. Moun ki annapre yo dwe chak ane konplete youn nan pwogram fòmasyon sekirite pou tèt ki apwouve pa Massachusetts Department of Public Health:

1. Antrenè
2. Antrenè espò
3. Volontè

4. Lekòl ak ekip doktè
5. Enfimyè lekòl
6. Direktè Espò
7. Antrenè
8. Paran timoun ki patisipe nan aktivite andeyò lekòl
9. Elèv ki patisipe nan aktivite espò andeyò lekòl

B. Fòmasyon obligatwa sa aplike pou yon ane lekòl e yo dwe repete l chak ane apre sa.

C. Direktè sepò a ak/oswa Enfimyè lekòl la pral kenbe dosye achèyman fòmasyon anyèl pou tout moun ki mansyone anwo a atravè:

1. Yon sètifika achèyman pou nenpòt kou depatman DPH ki apwouve sou entènèt; oswa
2. Yon rekonesans siyen ke moun nan li ak konprann materyèl ekri Depatman an apwouve a
3. Lis Prezans nan sesyon ki sèvi ak fòmasyon DPH

II: Kondisyon Pre-patisipasyon pou Elèv atlèt ak Paran yo (referans 105 CMR 201.008)

- A. Enfimyè lekòl la pral revize dokimantasyon egzamen fizik avan pou elèv la kalifye pou patisipe nan aktivite espò andeyò lekòl la. Yon elèv atlèt nan Brooke Charter School pa ka patisipe nan yon espò andeyò lekòl si li pa gen yon egzamen fizik nan dènye 13 mwa yo.
- B. Chak ane, Brooke Charter School dwe bay fòmasyon apwouve DPH, materyèl ekri oswa yon lis ak lyen entènèt pou kou ki apwouve sou entènèt yo pou tout elèv ki ta renmen patisipe nan aktivite espò andeyò lekòl ak paran yo avan elèv la kòmanse patisipe.
- C. Tout elèv ki ta renmen patisipe nan aktivite espò andeyò lekòl ak paran yo dwe satisfè tout egzijans pre-patisipasyon ki annapre yo.
 1. Chak ane, avan elèv la kòmanse pratik oswa konpetisyon, elèv la ak paran li dwe:
 - a. Konplete fòmasyon apwouve DPH a konsènan blesi nan tèt ak chòk nan aktivite espò andeyò lekòl yo; ak
 - b. Bay lekòl la yon sètifika achèyman pou nenpòt kou DPH ki apouve nan entènèt oswa yon rekonesans siyen ke yo te li ak konprann materyèl ekri a, sof si yo te patisipe nan yon pwogram fòmasyon lekòl la te patwone kote yo te anrejistre presans.
 2. **Avan chak sezon espò kòmanse**, elèv la ak paran li dwe konplete ak soumèt yon Fòm Pre-Patisipasyon aktyèl.
- D. Egzijans Kontinyèl. Si yon elèv gen yon blesi nan tèt oswa yon chòk pandan sezon an, men pa pandan patisipasyon nan yon aktivite espò andeyò lekòl, paran an dwe konplete yon Fòm Rapò Blesi nan Tèt Pandan Sezon Espò, epi soumèt li bay enfimyè lekòl la. Enfimyè lekòl la pral pataje enfòmasyon sa a avèk Direktè Espò, Antrenè, ak Antrenè Espò.

III: Dokimantasyon ak Revizyon Blesi nan Tèt ak Istwa Chòk ak Fòm (referans 105 CMR 201.009)

- A. Brooke Charter School pral asire ke tout fòm oswa enfòmasyon nan tout fòm ki obligatwa pou patisipasyon yo konplete ak revize, e yo dwe fè aranjman pou:
 - a. Revize a lè tout fòm Pre-patisipasyon ki endike yon istwa Blesi nan Tèt ak rapò pa antrenè pou yo ka idantifye elèv ki gen pi gwo risk pou yo repete blesi nan tèt.
 - b. Revize a lè tout fòm Pre-patisipasyon ki endike yon istwa blesi nan tèt ak fòm rapò pou blesi nan tèt pa:

- i. Enfimyè l ekòl la
 - ii. Doktè lekòl la si li apwopriye
 - c. Revize a lè enfòmasyon egzat, mizajou konsènan chak atlèt ki te rapòte yon istwa blesi nan tèt pandan sezon espò a pa:
 - i. Doktè ekip la si genyen; ak
 - ii. Antrenè atletik si li nan pèsònèl la
- B. Brooke Charter School ka itilize yon istwa elèv ki gen blesi nan tèt oswa chòk kòm yon faktè pou detèmine si pou l pèmèt elèv la patisipe nan yon aktivite espò andeyò lekòl oswa si pou l pèmèt patisipasyon sa a anba kondisyon espesifik oswa modifikasyonmay.

IV: Ekspilasyon nan Jwèt (referans 105 CMR 201.010)

- A. Nenpòt elèv, ki gen yon blesi nan tèt pandan yon antrènman oswa konpetisyon, oswa demontre siy ak sentòm chòk, yo dwe retire elèv sa a nan antrènman oswa konpetisyon an touswit e li pa dwe retounen nan antrènman oswa konpetisyon nan jou a.
- B. Elèv la pa dwe retounen nan antrènman oswa konpetisyon an jiskaske li bay yon otorizasyon ki siyen pa yon pwofesyonèl ki gen lisans (doktè, Enfimyè Pratik ki nan konsiltasyon avèk yon doktè, oswa newo sikològ nan kowòdinasyon avèk doktè k ap jere rekiperasyon elèv la).
- C. Antrenè a dwe kominike nati blesi a dirèkteman bay paran an pèsòn oswa pa telefòn touswit apre antrènman oswa konpetisyon kote yo retire elèv la nan jwèt la pou yon blesi nan tèt, chòk yo sispèk, siy ak sentòm chòk, oswa pèdi konesans. Antrenè a dwe bay paran an enfòmasyon sa a tou alekri, swa nan papye oswa fòma elektwonik, nan fen pwochen jou ouvrab la.
- D. Direktè Espò a ak enfimyè lekòl kote yo retire elèv la nan antrènman oswa konpetisyon pou blesi nan tèt la, chòk yo sispèk, siy ak sentòm chòk, oswa pèdi konesans.
- E. Chak elèv yo retire nan jwèt e ki vin gen yon dyagnostik chòk dwe gen yon plan reantr pou l retounen nan aktivite akademik a plen tan ak aktivite andeyò lekòl yo.
 - a. Plan an dwe devlope pa pwofesè elèv la, dwayen akademik la, ak enfimyè lekòl la, antrenè espò ki sètifye si genyen nan pèsònèl la, ak newo sikolojis si genyen nan pèsònèl la, paran, manm ekip sipò elèv la jan li apwopriye e ki nan konsiltasyon avèk doktè elèv la.
 - b. Plan alekri a dwe enkli men pa limite nan:
 - i. Repo fizik ak mantal lè li apwopriye;
 - ii. Retounen gradyèlman nan aktivite akademik ak espò jan li apwopriye, enkli akomodasyon oswa chanjman jan li nesèsè;
 - iii. Estimasyon entèval tan pou rekòmanse aktivite yo;
 - iv. Frekans evalyasyon yo, jan li apwopriye pa enfimyè lekòl la, doktè lekòl la, ekip doktè si genyen nan pèsònèl la, antrenè espò sètifye si genyen nan pèsònèl la, oswa newo sikològ si genyen ki disponib jiskaske yo otorize pou l retounen nan aktivite akademik ak espò andeyò lekòl la.
 - v. Yon plan pou kominikasyon ak koòdinasyon ant pèsònèl lekòl la ak lekòl la, paran, ak founisè premye swen elèv la oswa doktè ki te fè dyagnostik la oswa k ap jere elèv la.
 - c. Elèv la pa dwe gen okenn sentòm medikal pou l rekòmanse nan aktivite espò andeyò lekòl la.

V: Otorizasyon Medikal pou Retounen nan Jwèt (referans 105 CMR 201.011)

Chak eèv yo retire nan jwèt pou yon blesi nan tèt oswa chòk yo sispèk, pèdi konesans, menm si li brèf, oswa ki gen siy ak sentòm chòk, dwe genyen ak bay Direktè espò a yon Fòm otorizasyon Medikal DPH pou Blesi nan Tèt ki gen Rapò avèk Espò avan pou l rekòmanse nan aktivite espò yo

andeyò lekòl. Fòm sa a dwe konplete pa yon doktè oswa yon moun ki otorize yo dapre 105 CMR 201.011(A).

Desizyon pou retounen nan jwèt la se yon desizyon medikal ki ka enplike yon apwòch plizyè disiplin, ki enkli konsiltasyon avèk paran, enfimiyè lekòl la ak pwofesè jan li apwopriye

- a. Sèlman moun ki annapre yo ka otorize yon elèv pou l retounen jwe:
 1. Yon doktè ki diman gen lisans;
 2. Yon antrenè espò ki diman sètifye ki gen konsiltasyon avèk yon doktè ki gen lisans;
 3. Yon enfimiyè pratikan ki diman gen lisans ki nan konsiltasyon avèk yon doktè ki gen lisans; oswa
 4. Yon newo sikològ ki diman llisanse nan koòdinasyon avèk doktè k ap kontwole elèv la.
- b. Apati mwa Septanm 2013, doktè, enfimiyè pratikan, antrenè sètifye, ak newo sikològ k ap bay otorizasyon pou retounen nan jwèt yo dwe verifye ke yo resevwa fòmasyon ki apwouve nan Depatman an nan evalyasyon blesi nan tèt apre twoma ak jesyon oswa yo resevwal ekivalan an kòm pati lisans yo oswa ekikasyon kontinyèl yo.

VI: Responsablite Antrenè, Direktè Espò ak Antrenè Espò yo (referans 105 CMR 201.012 105; CMR 201.013; CMR 201.014)

Antrenè, Direktè Espò, ak Antrenè Espò Brooke Charter School pral responsab pou:

- Konplete fòmasyon anyèl nan prevansyon ak rekonesans espò ki gen rapò ak blesi nan tèt ak risk ki asosye avèk yo ki enkli sendwòm dezyèm enpak
- Patisipe nan revizyon règleman pou tèt ak pwosedi chak de ane
- Asire ke yo satisfè kondisyon pou fòmasyon pou pèsonèl, paran, volontè, ak elèv yo, anrejistre, ak kenbe dosye yo
- Verifye eke tout atlèt yo gen yon egzamen fizik ki resan nan dosye yo avan pou yo patisipe nan aktivite andeyò lekòl yo
- Asire ke tout elèv k ap patisipe nan aktivite espò andeyò lekòl yo konplete ak soumèt fòm yo avan yo patisipe nan chak sezon (Fòm Pre-patisipasyon ansanm avèk Fòm Rapò Blesi nan Tèt yo)
- Revize fòm Pre-patisipasyon yo epi idantifye atlèt ki gen pi gwo risk pou l pran chòk nan tèt ankò
- Ranfòse ke yo entèdi pou atlèt yo amgaje nan teknik ki danjere ki ka mete sante ak sekirite atlèt la an danje
- Anseye teknik pou minimize blesi nan tèt ki gen rapò ak espò
- Idantifye atlèt ki gen blesi nan tèt oswa yo sispèk ki gen chòk pandan antrènman oswa konpetisyon, retire yo nan jwèt la, epi konplete yon Fòm Rapò Blesi nan Tèt
- Kominike touswit avèk paran yon elèv yo retire nan jwèt e avèk enfimiyè lekòl la
- Patisipe nan planifikasyon ak aplikasyon pou reantre gradyèlman pou elèv ki gen dyagnostik chòk
- Travay ansanm avèk enfimiyè lekòl la pou prepare ak soumèt yon rapò anyèl bay MDPH ki montre vale fòm blesi nan tèt yo ranmase ak vale elèv ki gen blesi nan tèt oswa yo sispèk ki gen chòk pandan espò òganize ane lekòl la

VII: Responsablite Enfimiyè Lekòl la (referans 105 CMR 201.015)

Enfimiyè lekòl la dwe responsab pou l:

- Konplete fòmasyon anyèl nan prevansyon ak rekonesans espò ki gen rapò ak blesi nan tèt ak risk ki asosye avèk li tankou sendwòm dezyèm enpak

- Patisipe nan devlopman ak revizyon pwosedi ak règleman chak de ane ki obligatwa dapre 105 CMR 201.006 pou prevansyon ak jesyon espò ki gen rapò ak blezi nan tèt nan lekòl la
- Revize, oswa akomode pou doktè lekòl la revize, konplete fòm Pre-patisipasyon ki endike yon istwa blezi nan tèt ak fè swivi avèk paran, lè li nesèsè avan patisipan nan aktivite espò andeyò lekòl
- Revize, oswa akomode pou doktè lekòl la revize, Fòm Rapò blezi nan tèt ak fè swivi avèk antrenè ak paran lè li nesèsè
- Konsève Fòm Pre-patisipasyon ak Rapò Blezi nan Tèt
- Patisipasyon nan planifikasyon pou elèv gradye yo retounen kit e dyagnostik chòk pou diskite nenpòt chanjman oswa akomodasyon ki nesèsè konsènan akademik, egzijans kou yo, devwa, tès, orè ak lòt aspè nan aktivite lekòl la ki konsistan avèk yon plan pou gradye yo retounen a plen tan nan aktivite akademik ak espò apre yon blezi nan tèt ak revize plan swen santé a lè li nesèsè
- Kontwòle elèv k ap rekipere avèk blezi nan tèt ak kolabore avèk pwofesè ak ekip sipò elèv pou asire ke plan pou gradye yo retounen a plen tan nan aktivite akademik ak espò ki obligatwa dapre 105 CMR 201.010
- Bay pwofesè, pèsònèl, elèv ak fanmi yo materyèl edikasyonèl sou blezi ak chòk nan tèt.

VIII: Konsèvasyon Dosye (referans 105 CMR 201.016)

Lekòl la pral kenbe dosye ki annapre yo pou twa ane oswa nan yon minimum jiskaske elèv la gradye:

- 1) Verifikasyon achèyman fòmasyon anyèl ak resi materyèl yo;
- 2) Fòm Pre-patisipasyon Depatman an
- 3) Fòm Rapò Depatman an pou Blezi nan Tèt
- 4) Fòm Otorizasyon ak konsantman Medikal Depatman an
- 5) Plan gradye yo pou yo retounen nan aktivite akademik a plen tan ak aktivite espò andeyò lekòl

Lekòl la mete dosye sa yo disponib pou Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè, sou demann oswa an koneksyon avèk nenpòt enspeksyon oswa revizyon pwogram.

IX: Rapò (referans 105 CMR 201.017)

Apati ane lekòl 2011-2012, lekòl yo pral responsab pou kenbe ak bay rapò estatistik anyèl nan yon fòm Depatman an oswa nan fòm elektwonik ki gen yon minimum rapò.

- 1) Kantite total Fòm pou Rapò Blezi nan Tèt Depatman an lekòl la te resevwa; ak
- 2) Kantite toal elèv kit e gen blezi nan tèt ak chòk nan tèt lè yo te angaje nan aktivite andeyò lekòl.

ANÈKS M: LWA SOU VI PRIVE AK DWA EDIKASYON FANMI (FERPA)

Avi pou Anyè Enfòmasyon

Lwa sou vi prive ak Dwa Edikasyon Fanmi an (FERPA), yon lwa federal, mande pou Brooke Charter School, avèk kèk eksepsyon, jwenn konsantman w alekri avan pou l divilge enfòmasyon pèsònèl ki nan dosye edikasyon pitit ou. Sepandan, Brooke Charter School ka divilge “anyè enfòmasyon” an kòm sadwa san konsantman alekri alavans, sof si ou avize Brooke Charter School pou l pa fè sa konfòmman a pwosedi Brooke Charter School yo. Objektif prensipal anyè enfòmasyon an se pou pèmèt Brooke Charter School enkli enfòmasyon nan dosye edikasyon pitit ou nan sèten piblikasyon lekòl. Tankou:

- Yon bilten ki pou montre wòl elèv ou a nan yon pwodiksyon dram;
- Liv souvni lekòl la;
- Tablo onè oswa lòt lis rekonesans;
- Pwogram gradyasyon; ak
- Fèy aktivite espò, tankou lit, ki montre wotè ak pwa manm ki nan ekip la.

Anyè enfòmasyon, ki se enfòmasyon yo pa konsidere ki danjere oswa yon envazyon vi prive si yo divilge l, ka pibliye tou bay òganizasyon deyò san konsantman alekri alavans yon paran. Òganizasyon deyò yo enkli, men pa limite nan konpayi ki manifakti sèk pou klas yo oswa pibliye albòm lekòl la. Anplis, de lwa federal ki mande ajans edikasyon lokal yo (LEA) ki resevwa asistans anba Lwa Edikasyon Elemantè ak segondè 1965, jan yo amande an (ESEA) pou l bay rekritè militè yo, sou demann enfòmasyon ki annapre yo – non, adrès ak nimewo telefòn – sof si paran yo avize LEA a ke yo pa vle divilge enfòmasyon pitit yo san otorizasyon alavanst [Nòt: Lwa sa yo se lwa Seksyon 9528 nan ESEA (20 U.S.C. § 7908) ak 10 U.S.C. § 503(c).]

Si ou pa vle Brooke Charter School pibliye okenn oswa tout kalite enfòmasyon ki deziyen anba a kòm anyè enfòmasyon nan dosye edikasyon pitit ou san yon konsantman alekri, ou dwe notifye Brooke Charter School alekri nan dat 15 Out nan ane lekòl aktyèl la. Brooke Charter School deziyen enfòmasyon ki annapre yo kòm yon anyè enfòmasyon:

- Non elèv
- Adrès
- Lis telefòn
- Adrès lèt elektwonik
- Foto
- Dat ak plas nesans
- Domèn Etid Prensipal
- Dat prezans
- Nivo klas
- Patisipasyon nan aktivite ofisyèl ak espò
- Pwa ak wotè manm ekip espò yo
- Diplòm, onè ak prim yo resevwa
- Ajans edikasyon ki pi resan oswa enstitisyon yo te frekante
- Nimewo Idantifikasyon Elèv, Idantifikasyon itilizatè, oswa lòt idantifyan pèsònèl yo itilize pou kominike nan sistèm yo itilize pou kominike nan sistèm elektwonik men sèlman si yo pa ka itilize idantifyan an pou yo jwenn aksè nan dosye edikasyon eksepte lè yo itilize l an

konjonksyon avèk youn oswa plis faktè ki bay idantite itilizatè a plis otantisite, tankou yon PIN, modpas, oswa lòt faktè yo konnen itilizatè sèlman posede.

- Yon nimewo Idantifikasyon elèv oswa lòt idantifyan pèsònèl ki parèt sou badj yon elèv, men sèlman si idantifyan an pa ka itilize l pou l jwenn aksè nan dosye edikasyon eksepte lè yo itilize l an konjonksyon avèk youn oswa plis faktè ki bay idantite itilizatè a otantisite, tankou yon PIN, modpas, oswa lòt faktè yo konnen itilizatè a sèlman posede.

ANÈKS N: REKONESANS POU AKSÈ NAN MANYÈL LA

Manyèl Fanmi ak Elèv Brooke Charter: Rekonesans Aksè Manyèl

Mwen, _____, paran/gadyen _____
[Non Paran/Gadyen] [Non Elèv(yo)]

rekonèt ke Manyèl Fanmi ak Elèv Brooke Charter School (apresa, "Manyèl la") disponib nan toude fòma kopi papye (sou demann mwen) ak fòma elektwonik nan sit wèb ki annapre a (<http://www.ebrooke.org/parents/parents/>). Mwen rekonèt tou ke Manyèl gen ladann enfòmasyon ki enpòtan konsènan règleman ak pwosedi lekòl la, enkli men pa limite sèlman nan kòd kondwit, non-diskriminasyon, kont-brimad ak règleman prevansyon entimidasyon, itilizasyon kontrent fizik, enstriksyon espesyalize ak sèvis edikasyon espesyal, prezans al kondisyon orè, ak komunikasyon fanmi ak entegrasyon paran. Mwen konprann ke se responsablite mwen kòm paran/gadyen elèv Brooke Charter School pou m, jwenn ak li yon kopi Manyèl la, ak pou m konprann règleman ak pwosedi lekòl la ki ladann yo. Si mwen oswa pitit mwen ta gen nenpòt kesyon konsènan kontni Manyèl la, mwen ka kontakte yon manm administrasyon Brooke Charter School pou plis klarifikasyon nan Brooke Roslindale: 617-325-7977 or 190 Cummins Hwy., Boston, MA 02131; Brooke Mattapan: 617-268-1006 oswa 150 American Legion Hwy., Boston, MA 02124; Brooke East Boston: 617-409-5150 oswa 94 Horace Street, Boston, MA 02128 Brooke High School & 8th Grade Academy: 617-874-5515 or 200 American Legion Hwy., Boston, MA 02124.

Tanpri chwazi **YOUN** nan opsyon ki annapre yo pou w jwenn yon kopi Manyèl Fanmi ak Elèv la.

OPSYON 1 – KOPI PAPYE

Nan siyen anba a, mwen mande pou yo voye yon kopi papye Manyèl Fanmi ak Elèv la lakay mwen avèk pitit mwen. Mwen konprann ke si mwen pa resewva kopi papye manyèl la, se responsablite mwen pou w jwenn yon kopi Manyèl Fanmi ak Elèv la nan Biwo Prensipal Brooke Charter School nan lekòl pitit mwen (Brooke Roslindale: 190 Cummins Hwy., Boston, MA 02131; Brooke Mattapan: 150 American Legion Hwy., Boston, MA 02124; Brooke East Boston: 94 Horace Street, Boston, MA 02128; Brooke High School & 8th Grade Academy: 200 American Legion Hwy., Boston, MA 02124). Si lang natif natal mwen se pa Anglè, mwen ka mande ke yo tradwi Manyèl la oswa entèprete l nan lang ki idantifye anba a. Mwen rekonèt ankò ke se responsablite mwen kòm paran/gadyen yon elèv nan Brooke Charter School pou m li ak konprann règ, règleman, ak pwosedi lekòl la ki nan Manyèl la.

Non Elèv

Non Paran/Gadyen

Langaj (Anglè si li rete vid)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

OPSYON 2 – KOPI ELEKTWONIK

Nan siyen anba a, mwen afime ke mwen gen aksè nan entènèt la e mwen pra l jwenn yon kopi elektwonik Manyèl Fanmi ak Elèv la nan vizite adrès wèb ki annapre a: (<http://www.ebrooke.org/parents/parents/>). Mwen rekonèt ke se responsablite mwen kòm yon paran/gadyen yon elèv nan Brooke Charter School pou m jwenn kopi elektwonik Manyèl sa a, ak pou m konprann règ, règleman, pwosedi lekòl la ki nan manyèl sa a. Si mwen ta genyen nenpòt difikilite pou m jwenn aksè nan sit wèb la oswa kopi elektwonik Manyèl la, Mwen konprann ke se responsablite mwen pou m ale nan lekòl pitit mwen pou m pran yon kopi papye Manyèl la nan lang natif natal mwen oswa entèpretasyon oral Manyèl la (Brooke Roslindale: 190 Cummins Hwy., Boston, MA 02131; Brooke Mattapan: 150 American Legion Hwy., Boston, MA 02124; Brooke East Boston: 94 Horace Street, Boston, MA 02128; Brooke High School & 8th Grade Academy: 200 American Legion Hwy., Boston, MA 02124).

Non Elèv

Non Paran/Gadyen

Siyati Paran/Gadyen

Dat

ANÈKS O: REGLEMAN BROOKE CHARTER SCHOOL EAST BOSTON

REGLEMAN BROOKE EAST BOSTON KONSÈNAN RETA

- *Elèv yo dwe nan lekòl la ant 7:45-4pm/12:30 le Mèkredi.*
 - *Manje maten se ant 7:15-7:45*
 - *Lekòl lage a 4:00-4:20/ 12:20-12:45 le Mèkredi.*
- *Gen yon kat kote yo rapòte prezans ak reta yo.*
 - *3 reta konte pou yon absans*

KONSEKANS RETA YO

K-5^{em} ane

Faz1 (Reta) Elèv K-2^{em} ane ap rate Motivasyon Maten an. Elèv ki an reta yo ap chita byen trankil nan zòn biwo pwensipal la jiskaske Motivasyon Maten an fini. Direktè operasyon an ap rele paran elèv ki an reta a nan telefòn.

Tout klas yo

Faz 2 (10+ Reta) Paran/Guadyen elèv la dwe rankontre Direktè Operasyon an apre 10^{em} reta a.

Faz 3 (15 + Reta) Paran/Gadyen an dwe rankontre Direktè Operasyon an, pwofesè klas la ak Direktè lekòl la pou pale de retni timoun nan ap pwan akòz kantite reta/absans yo. Nan faz sa a retadatè a gen pou esplike pouki l gen tout reta sa yo.

6-7^{em} ane

Faz1: Elèv klas mwayen yo ki an reta ap resevwa yon jeton, sof si li vin ak yon papyè doktè.

Faz 2: 3 jeton oswa plis nan yon trimès ap fè l pèdi yon manje midi.

Faz 3: 6 oswa plis nan yon trimès ap egal yon detansyon pou chak reta apre.

***Alafen chak trimès nap sispann konte reta yo.**

REGLEMAN EAST BROOKE BOSTON LIFEWORK

K-2yèm travay prensipal:

Elèv jadendanfan gen lavi aktif Lendi, Madi, Mèkredi ak Jedi nan aswè. Elèv klas Premye ak dezyèm ane gen devwa chak swa. Akòz laj yo, y ap bezwen èd nan men yon paran sou devwa chak swa. Si elèv yo pa ranpli devwa yo nan yon jou, yo pral touche yon vyolasyon pou devwa yo pral voye kay pwofesè klas yo. Genyen konsekans pou vyolasyon kondisyon travay yo. Si yon elèv fè 6 vyolasyon nan yon trimès, yo pral oblije ale nan sipò travay lavi apre lekòl chak jou. Pwofesè klas la ak direktè lekòl la pral detèmine kantite jou yon elèv konsakre nan sipò pou devwa yo.

Elèv yo ak paran ki pa pale anglè nan kay la oswa elèv ki benefisye de sipò siplemanntè ka patisipe nan sipò pou lavi. Pwofesè Pwofesè klas yo pral rive jwenn fanmi yo sou sa nan fen mwa Out. Elèv yo pa ka fè devwa yo pandan oswa apre lekòl.

Travay prensipal 3yèm-5yèm ane:

Elèv 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane yo gen travay prensipal chak swa. Yo ta dwe kapab fè devwa poukont yo. Nan nivo klas sa yo, elèv yo fè nòt travay lavi prensipal yo chak swa. Nòt klas yo baze

sou bonjan kalite akonplisman. Si yon elèv 5yèm ane pa ranpli devwa li, oswa si l pa bon kalite, elèv sa a pral pije yon pèn pou vyolasyon kominotè epi y ap pije yon detansyon.

Elèv ak paran ki pa pale anglè nan kay la oswa elèv ki ta benefisye sipò siplemantè ka patisipe nan sipò pou travay prensipal. Pwofesè klas yo pral jwenn fanmi yo sou sa, nan fen mwa Out.

Travay prensipal 6yèm-7yèm ane:

Elèv 6yèm ak 7yèm yo gen travay prensipal chak swa. Nan nivo klas sa yo, elèv yo fè nòt pou devwa yo chak swa. Klas yo baze sou bonjan kalite akonplisman. Si yon elèv pa ranpli devwa l, oswa si kalite l medyòk, elèv sa a pral resevwa yon rekòmandasyon epi l dwe sibi yon detansyon. Elèv yo ak paran ki pa pale anglè nan kay la oswa elèv ki ta benefisye sipò siplemantè ka patisipe nan sipò pou devwa prensipal. Pwofesè klas yo pral jwenn fanmi yo sou sa nan fen mwa Out.

REGLEMAN INIFÒM ELÈV BROOKE EAST BOSTON

Chemiz:

- Mayo Brooke, chemiz ak logo Brooke
- Chanday/sivètman/manto tou de nwa (sof si se yon mayo/lizre ak logo Burgundy Brooke)
 - Nou pa otorize capichon nan klas yo a oken moman. Menm sa ki rantre yo.
 - Nou otorize ti logo ki pa pi gwo pase logo Brooke yo sou chanday nwa yo
- Chemizèt yo dwe blan, nwa oswa gri sèlman

Anba:

- Nou pèmèt elèv yo mete pantalon kaki, pantalon kargo pou ti gason, chòt, salòpèt pou ti fi epi jip (chòt pou ti fi, jip, salòpèt ak chemiz sipoze gen lajè 2-3 pous devan ak dèyè jenou.)
- Nou entèdi pantalon dechire.

Soulye ak chosèt:

- Chosèt yo dwe a **100%** nwa, blan, oswa gri (san desen.)
- Tout tenis sipoze **nwa e/ou blan sèlman.**
- Tout soulye pou espò yo dwe tenis (semèl kawotchou, band Velcro oswa lasèt).
- Ti fi ka mete ba men se pou yo vlope tout pye yo.

Bijou:

- Elèv yo pa gen dwa mete: gwo zanno ni won ni pandye, bag, goumèt, gwo mouchwa.
- Zanno yo fèt pou yon ti bouton, ki pa ap pandye nan zòrèy yo.
- Ti bijou tankou zanno pi piti pase yon neko, chenn ak/oswa kolye dwe andedan, braslè medical ak bando senp yo otorize.
- Elèv ki vin ak bijou ki pa respekte regleman inifòm lan, n ap mande l retire l epi mete nan sak li.
- Tanpri sonje bijou ka tounen yon danje pandan rekreyasyon, espò, dans ak nenpòt ki lòt moman ti moun ou an aktif.

Elèv ki nan klas 6-7^{em} ane:

- Elèv klas mwayen yo dwe respekte regleman inifòm yo. An plis de inifòm reglemantè yo, elèv klas mwayen yo dwe mete sa yo pou kou dans ak espò:
- Mwayen (6^{em} & 7^{em} ane sèlman) inifòm espò ak dans (nwa ini, pantalon oswa chòt san desen ni logo.)

- Nou pa asepte kolan, pantalon sere, oswa ak desen. Depi yon elèv vin lekòl san inifòm nan jou espò oswa dans, l ap oblije rele lakay li pou yo pote inifòm lan ba li pou li ka antre nan klas. Depi l pa chanje l, y ap ba li yon jeton.

Acha inifòm yo

Chemiz inifòm lekòl yo disponib pou achte nan JB Pride inifòm ki nan West Roxbury. Yo gen chemiz inifòm, chanday ak ba ki disponib pou achte. Tanpri achte inifòm yo byen bonè paske, souvan yo vann nan semèn anvan lekòl kòmanse.

Regleman inifòm kòmanse premye jou lekòl la, **elèv ki pa mete inifòm ki kòrèk ap chita nan biwo Dwayen elèv yo jiskaske yon moun vin ranje sityasyon an.** Si w gen nenpòt kesyon espesifik sou inifòm, tanpri, ou lib pou w kontakte Ali Valle, Dwayen elèv yo avalle@ebrooke.org oswa rele nan 617-409-5150.

ENDIS COVID 2020-2021

Kounye a akoz sikonstans lekòl yo ki gen rapò a pandemi COVID-19 la, Brooke Charter School te fè mizajou sa yo pou manyèl elèv ak fanmi an pou ane 2020-2021 an. Règleman nan tout distri sa yo fèt pou diskite sou kriz sante aktyèl la ansanm ak toude reyalyte yo, aprantisaj ki melanje ak aprantisaj vityèl. Lè lang ki anba a antre an konfli ak lang ki nan manyèl Elèv la ak Fanmi an nan ane 2020-2021 an, lang ki anba a ranplase lòt dokiman pou ane lekòl sa a.

Tab Matyè yo

Atant Salklas sou Entènèt
Règleman sou Abiman
Itilizasyon Teknoloji Vityèl yon fason ki Apwopriye
Règleman sou dekonèksyon Aparèy Elektwonik Brooke
Orè Elèv yo
Kominikasyon Parantal – Lòt ouvèti Paran an sou PowerSchool
Asistans sou Modèl Ansèyman Adistans lan
 K-7
 8-12
 Asistans Kominikasyon
Règleman pou Vizitè
Lage bonè
Pwosedi pou Sante ak Sekirite yo
 Egzamen sante chak jou nan kay la
 Pwosedi pou Antre
 Metè Mas
 Egzijans pou lave men/dezenfekte yo
Repons Pwotokòl a Senaryo Potansyèl COVID-19 la
 Pwòp Izòlman pou Ka Pozitif COVID-19 la
 Tès Kontak ki Pwòch yo
 Egzijans Kominote pou rete Lakay
 Repons si yon Elèv gen Sentom yo
 Ranvwaye Elèv la lè l prezante ak sentom ki ka COVID la

Atant Salklas sou Entènèt

Yo espere tout elèv yo la epi patisipe nan aprantisaj sou entènèt la. Lè w prezan epi w patisipe li enkli men l pa limite a:

- Antre nan sesyon zoom nan kèk minit anvan klas la kòmanse;
- Kamera w ouvè;
- Asire w non egzat elèv la parèt sou ekran an;
- Sekirize yon kote pou fè zoom, otan l posib, yon kote ki pa gen distraksyon;
- Sekirize yon kote pou fè zoom swa sou yon tab oswa sou yon biwo, lè l posib;
- Konsantre w sou sesyon k ap fèt la epi anplis de sa pa patisipe nan lòt fòm teknoloji (tèks, jwèt, elatriye);
- Mete ekran an sou silans amwenske se yon deba, yon kesyon yo poze, oswa pwofesè a pa mande w; epi
- Itilize fonksyon chat zoom nan sèlman pou deba ak kesyon ki gen rapò ak klas la.
- Pa manje pandan sesyon klas yo
- Chita epi bay fas ou dirèkteman a kamera a

Sesyon zoom yo fèt pou manm yo nan chak klas. Nan oken ka ou pa dwe pataje lyen zoom nan avèk yon kamarad nan lekòl la oswa avèk yon moun ki deyò kominote nou an. Kalson yo espere yo reprezante yon danje pou sekirite kominote nou an, epi yo pral trete l kòm sadwa selon kòd konduit nou an.

Règleman sou Abiman

Yo ankouraje elèv k ap patisipe nan aprantisaj vityèl yo pou mete inifòm lekòl la, men se pa yon obligasyon. Elèv yo pa dwe mete rad ki anpeche idantifikasyon yo, ki enkli men ki pa limite a: chapo yo, kapo yo, mas yo, ak linèt solèy yo. Anplis de sa, yo pa pèmèt elèv yo mete rad ki gen logo oswa mo ki ka distrè moun oswa ofanse moun. Yo pral fè konnen kòd abiman an pèsòn nan nan yon lekòl-a-yon lòt lekòl avèk tout fanmi k ap patisipe nan aprantisaj an pèsòn nan.

Itilizasyon Teknoloji Vityèl yon fason ki Apwopriye

Brooke konsakre l pou l bay opòtinite aprantisaj adistans ki enteresan e ki efikas a elèv nou yo. Anvan w patisipe nan opòtinite vityèl sa yo, lekòl la ap chache klarifye atant konsènan itilizasyon teknoloji vityèl ki apwopriye pou opòtinite edikatif yo.

1. Brooke entèdi ak tout fòs li screenshots, foto, odyo/vidyo anrejistreman ak distribisyon nenpòt eksperyans edikatif yon fason pou pwoteje privasite elèv la, prevni yon fason ki aktif danje asèlman, anpeche distribisyon materyèl dwa dotè epi konfòme l avèk lwa Massachusetts. Tanpri note sa nan Massachusetts, li ilegal pou anrejistre yon lòt moun atravè nenpòt mwayen san l pa konnen.
2. Elèv yo, epi kote ki apwopriye pou paran yo/gadyen yo, yo dakò pou yo patisipe nan eksperyans edikatif vityèl la nan yon kote ki trankil ki prive, nan mezi sikonstans lan pèmèt yo; yon fason pou minimize bri ki nan fon an ak distraksyon yo epi pou pwoteje entegrite patisipasyon elèv la menm jan ak konfidansyalite elèv la.
3. Paran yo/gadyen yo ak lòt manm ki nan kay la nòmalman yo pa okouran konsènan deba ki fèt chak jou nan klas la ak gwoup sèvis yo, yo dakò pou yo respekte yo epi kenbe nenpòt enfòmasyon pèsònèl oswa prive konfidansyèl (pa egzanp estati andikap) dekouvri betiz konsènan lòt elèv yo akoz edikasyon vityèl la melanje.

Kòm yon rapèl, règleman sou itilizasyon enfòmasyon Brooke ki akseptab nan domèn teknoloji, li aplikab pou aprantisaj adistans lan, ki gen ladan l rezo ak aparèy lekòl la bay. Ou ka jwenn tout règleman an kòm yon pati anèks la, manyèl Elèv la ak Fanmi an annantye, men nou ta renmen w sonje règleman an gen deklarasyon sa yo:

“Nenpòt elèv ki itilize òdinatè laboratwa a (yo) oswa nenpòt ekipman dijital nan lekòl la, oswa ekipman lekòl la bay, dwe konnen kèk règleman pou itilizasyon ekipman an epi/oswa enstalasyon yo. Pwosedi yo nan plas pou pwoteksyon elèv yo ak ekipman yo. Elèv yo pral responsab pou nenpòt vyolasyon règleman sa yo annakò ak kòd konduit la”.

Tanpri note sa tout aparèy lekòl la bay anba sipèvizyon l epi GoGuardian siveye yo yon fason ki aktif, gen yon pwogram ki fèt pou jere yo epi dirije konpòtman elèv yo sou entènèt.

Règleman sou Dekoneksyon Aparèy Elektwonik Brooke

Pou jwenn aksè nan aprantisaj adistans lan ak/oswa aprantisaj ki melanje a, tout elèv Brooke yo pral resevwa swa yon iPad oswa yon Chromebook. Lekòl la pral bay aparèy la (se pa yon chwa youn oswa yon lòt). Yo dwe byen pran swen aparèy yo epi retounen yo nan menm kondisyon yo te bay yo a. Tout aparèy yo pral vini avèk yon chajè, li menm tou yo dwe byen pran swen l epi retounen l. Aparèy yo pral rete pou elèv la jiska fen ane a amwenske lekòl la enfòmè fanmi yo yo pral bezwen retounen yo pi bonè. Fanmi yo ki pèdi yon aparèy oswa yon chajè, oswa yon moun ki andomaje yon aparèy plizyè fwa, yo ka chaje l pou l peye ekipman an. Konsa pri yo pral ye:

- Andomaje yon aparèy
 - 1ye fwa : ou pa peye
 - 2yèm fwa (oswa plis) : \$120.00 pou Chromebook / \$200.00 pou iPad
- Pèdi yon aparèy
 - 1ye fwa (oswa plis): \$120.00 pou Chromebook / \$200.00 pou iPad

- Pèdi chajè a
 - 1ye fwa (oswa plis): \$40.00 pou Chromebook / \$40.00 pou iPad

Fanmi ki ka gen difikilte pou jwenn aksè a entènèt ta dwe kontakte lekòl yo tou kòm nou kapab bay sipò pou bezwen sa tou.

Finalman, si yon elèv gen nenpòt pwoblèm teknik avèk Chromebook la oswa iPad Brooke bay la, tanpri kontakte pwofesè lekòl ou a oswa Direktè Aktivite yo (pwosesis ki egzak la ka diferan selon lekòl la). Brooke pral kapab bay sèlman sipò teknik pou aparèy lekòl la prete w yo. Si yon elèv ap itilize yon laptop pèsònèl ki pou fanmi l, Brooke kapab anmezi pou l pa bay sipò l.

Orè elèv la

Yo pral bay elèv yo orè yo selon lekòl yo ak/oswa pwofesè yo. Orè adistans yo kapab varye e toude fanmi yo ak elèv yo ta dwe asire yo yo klè sou orè lekòl yo pou asire yo alè epi yo prezan nan klas yo.

Kominikasyon Parantal – Lòt Ouvèti Paran an sou PowerSchool

Dènye prentan an, anvan viris la te kòmanse, nou te lanse yon inisyativ pou pèmèt paran yo gen pwòp kont yo pou jwenn aksè a platfòm asistans nou an ak evalyasyon Powerschool la. Kont aksè sa yo te vin pi enpòtan pase ede paran yo pou yo rete konekte avèk aprantisaj timoun yo a. Paran yo ka itilize kont sa yo pou gade nòt yo, asistans lan, ak aksè pou kanè yo.

Tout fanmi Brooke ki retounen deja yo gen kont yo. Tout nouvo fanmi Brooke yo pral resevwa enfòmasyon pou kreye kont yo. Si w gen nenpòt pwoblèm pou antre nan kont paran w, tanpri kontakte biwo prensipal lekòl ou a pou ede w.

Asistans sou Modèl Anseyman Adistans lan

Malgre n nan yon anviwònman aprantisaj adistans, asistans lan rete yon eleman esansyèl pou elèv la reyisi. Li enpòtan pou elèv yo asiste chak opòtinite aprantisaj an dirèk, yo obligatwa pou yo. Asistans ak patisipasyon pral yon pati nan nòt elèv la pou tout klas yo (K-12). Yo pral pran asistans lan chak jou pou elèv yo, y ap fè diferans ant asistans “adistans” ak asistans “an pèsòn”.

Anplis de sa nan klas K-7, chak jou elèv yo pral resevwa yon kòmantè ak/oswa nòt pou toude patisipasyon epi fini travay la. Pwofesè yo pral afiche sa yo nan fen jounen an. Elèv yo ak fanmi yo kapab wè kòmantè sa yo/nòt yo atravè ouvèti paran an sou Powerschool timoun li yo

Tradisyonèlman Brooke rele fanmi yo ak/oswa voye tèks ba yo nan kòmansman jounen an pou enfòmasyon yo si yon elèv absan. Pandan aprantisaj adistans lan, nou pa kapab enfòmasyon paran yo imedyatman si elèv yo a pa nan asistans lan pou yon klas an dirèk sou entènèt chak jou. Kòm minimòm nou *pral* kontakte fanmi yo nan fen chak jounen pou fè yo konnen si pitit yo a te absan oswa l rive anreta nan nenpòt klas la. Pwofesè yo, elèv yo ak fanmi yo pral travay ansanm sou ponktyalite ak prezans.

Règleman Vizitè

Nan move moman sa e ki tanporè, yo pa pral pèmèt vizitè yo nan nenpòt kanpis Brooke. Sa kontrè a kilti nou an ak règleman istorik pòt ouvè nou an, men l nesès pou sekirite ak sante elèv nou yo ak anplwaye yo. Yo ankouraje reyinyon fanmi yo fèt nan telefòn, sou zoom, oswa deyò a. Sèlman nan sikonkontans kote moun kraze, reyinyon yo ta dwe fèt an pèsòn nan bilding lan epi yo dwe òganize l davans pou asire sekirite sante anplwaye nou yo ak elèv yo ki sou plas.

Lage Bonè

Paske se objektif nou pou limite ale vini k ap fèt lekòl la pou asistans elèv yo an pèsòn, nou mande tout fanmi yo pou pran yon randevou pou elèv yo nan kòmansman oswa nan fen jounen an. Yon fwa yo ranvwaye elèv la lekòl la, yo pa pral pèmèt li retounen jiska pwochen jou lekòl la.

Pwosedì pou Sante ak Sekirite pou aprantisaj an pèsòn nan


Kèk elèv ak anplwaye pral vin nan bilding lan pou jwenn aksè a kèk aprantisaj an pèsòn. Elèv yo ak anplwaye yo dwe patisipe yon fason ki estrik nan pwosedì sekirite sante a pou asire byennèt kominote a an jeneral li prezève pandan l an pèsòn.

Egzamen Sante chak jou nan Kay la

Tout elèv yo pral oblije fè yon sondaj sou egzamen sante anvan yo rive lekòl la. Deja yo bay chak fanmi yo lis kontwòl la yon fason elektwonik e yo ka bay li ankò selon demann lan. Fanmi yo dwe suiv enstriksyon ki nan lis kontwòl egzamen sante a yon fason pou yo detèmine si timoun yo nan kondisyon pou vin lekòl nan jou sa.

Antre Pwosedì yo

Elèv yo dwe lave oswa dezenfekte men yo lè y ap antre nan lekòl la. Elèv yo dwe suiv nenpòt chemen yo deziyen yo pou twotwa yo epi konfòme yo a tout direksyon yo epi pwosedì lekòl la pataje a anplwaye yo pou asire distans sosyal epi limite kontak antre yo ak lòt yo. Elèv yo dwe mete yon mas pou antre nan bilding lekòl la epi yo dwe kenbe mas yo pandan jounen an. Mas yo dwe kouvri anba manton an pou rive sou do nen an epi yo dwe byen ajiste pou yo efikas. Bagay ki pou janm yo pa ranplase mas yo.



Mete Mas

Yo pral pèmèt elèv yo retire mas yo pandan poz mas yo deziyen an menm jan pou manje e pou bwè; opòtinite sa yo kapab sèlman disponib lè yon elèv gen omwen 6+ pye distans pa rapò a yon lòt manm kominote a.

Si yon elèv ta gen difikilte pou l respekte pwosedì sante ak sekirite a, tankou retire mas yo oswa difikilte pou l kenbe 6 pye distans pa rapò a yon lòt manm kominote a, yon manm pèsònèl la pral kominike imedyatman avèk elèv la epi fè yo sonje sa yo atann de yo. Si yon elèv ta gen difikilte pou l reponn a atant kominote a, yon lidè lekòl la pral rankontre ak elèv la ak fanmi l. Si elèv la/ak fanmi l pa kapab respekte rekòmandasyon yo konsènan sante ak sekirite an pèsòn, elèv la pral patisipe nan modèl aprantisaj adistans lan.

Yo pral fè eksepsyon sèlman pou elèv yo ki gen yon bezwen medikal espesifik pou pa mete mas oswa akòz andikap yo idantifye l la. Yo pral fè tout efò pou bay lòt metòd pwoteksyon (tankou ekran fasyal) pou elèv sa yo nenpòt lè sa posib.

Egzijans pou lave men/dezenfekte men yo

Yo pral mande elèv yo pou lave oswa dezenfekte men yo lè y ap antre nan bilding lan epi anvan e apre yo fin manje. Dezenfektan pou men yo ap disponib nan tout salklas yo epi pataje espas yo nan bilding lan.

Repons Pwotokòl a Senaryo Potansyèl COVID-19 la

Tès yo, ansanm ak chache kontak ak izòlman, èd pou kontwòle pwopagasyon COVID la nan Massachusetts. Pwotokòl sa yo vini dirèkteman nan konsèy eta a (sou baz oryantasyon CDC a bay dirèkteman) epi yo rekonèt sa yo :

Pwòp izolasyon pou ka pozitif COVID-19 la

Majorite moun tès la soti pozitif pou yo epi yo gen yon maladi ki ase modere yo pral bezwen rete nan pwòp izòlman yo pou omwen 14 jou. Moun tès la soti pozitif pou yo ka reprann aktivite piblik yo apre 14 jou epi yon fwa yo fè l:

- Pase 3 jou san fyèv (epi san pran medikaman pou diminye fyèv la tankou Tylenol); epi
- Gen yon amelyorasyon nan lòt sentom yo (pa egzanp, tous yo amelyore anpil); epi
- Yo te resevwa otorizasyon nan men otorite sante piblik yo pou chache kontak yo (the local board of health oswa Community Tracing Collaborative).
- Yo pa rekòmande pou refè tès la anvan yo retounen

Tès Kontak Ki Pwòch yo

Pou yon oryantasyon jeneral, DPH defini kontak ki pwòch yo tankou:

- Lè w nan mwens pase 6 pye nan ka COVID-19 pou omwen 15 minit. Kontak sere sere ka rive pandan y ap pran swen, viv avè l, vizite l, oswa pataje yon zòn atant pou swen sante oswa chanm ak yon ka COVID-19 pandan ka a te gen sentom yo oswa nan 48 èdtan anvan sentom yo kòmanse, OSWA
- Gen kontak dirèk ak saliv ki enfekte a yon ka COVID-19 la (pa egzanp li touse sou ou) pandan l pa mete ekipman pwoteksyon endividyèl yo rekòmande a.
- Nan anviwònman lekòl la, kontak sere sere gen ladan l lòt elèv yo ak anplwaye ki twouve yo 6 pye a elèv la oswa anplwaye a pou omwen 15 minit nan yon salklas, nan lòt espas lekòl la, nan bis, oswa nan yon aktivite paraskolè.
- Nan Brooke, yo pral òganize elèv yo an gwoup y ap ba yo plas nan tout salklas yo pou pi byen diminye pwopagasyon COVID la epi itilize rechèch kontra yo kòrèkteman jan sa nesèsè (nan kolaborasyon avèk depatman lokal sante piblik la).
- Yo pral kominike ak fanmi yo nan tout sitiyasyon yo kote yo ka prezante pitit ou a (selon kritè yo te mansyone anwo yo) a yon moun tès COVID-19 la soti pozitif pou li.

Egzijans kominote pou rete lakay

CDC ak konsèy eta a te detèmine egzijans sa yo :

- Lafyèv (100.4° Fahrenheit oswa pi wo), frison, oswa frison k ap tranble moun
- Tous (pa dwe konnen yon lòt koz, tankou tous kwonik)
- Difikilite pou respire oswa souf kout
- Pèdi gou ankò oswa sant
- Gòj fè mal
- Mal tèt
- Doule nan mis yo oswa kò fè mal
- Noze, vomisman oswa dyare

Si yon elèv gen nenpòt nan sentom sa yo, yo dwe rete lakay epi pa gen rapò ak lekòl la. Yo dwe gen yon tès tou pou enfeksyon aktif COVID-19 la anvan yo retounen nan lekòl la. MA gen yon lis tès ki aktif nan lokalite isit la: <https://www.mass.gov/doc/ma-covid-19-testing-sites/download>.

- Si yo evalye yon elèv, e l soti NEGATIF, yo kapab retounen lekòl la yon fwa sentom yo pase 24 èdtan. Yo dwe voye dokimantasyon tès negatif la bay enfimyè lekòl la anvan li retounen lekòl la.
- Si yo evalye yon elèv, e l soti POZITIF, yo dwe rete lakay (eksepte pou yo resevwa swen medikal) epi suiv pwòp pwotokòl izòlman yo ki nan lis anvan an.
- Si yon elèv PA FÈ TÈS LA, yo dwe rete lakay nan pwòp izòlman yo pou 14 jou depi lè sentom yo parèt la

Si yo te evalye yon elèv pou COVID-19 la epi sentom yo disparèt, men yo poko resevwa rezilta tès COVID la yo dwe rete lakay jiskaske yo resevwa rezilta yo.

Repons si yon elèv gen sentom yo

- Lakay, yo ta dwe rete lakay epi fè tès la.
- Nan bis la oswa nan lekòl la, yo pral, anba siveyans yon granmoun, mete mas epi respekte distans fizik la yon fason ki estrik. Apre sa enfimiyè a pral rankontre elèv la oswa yon lòt responsab lekòl la nan bis ki rive a epi y ap mennen l nan enfimri a pou yo evalye l. Si enfimiyè a konfime l gen sentom yo e l ap fè elèv la konnen li ta dwe al lakay li, fanmi elèv la dwe vin chache l pi vit posib. Yo pa pral pèmèt elèv la pran bis oswa transpò piblik pou l al lakay li.
- Nan jounen an, yon enfimiyè pral pran yo nan klas la oswa yon lòt responsab lekòl la e y ap mennen yo nan enfimri a pou evalyasyon. Si enfimiyè a konfime l gen sentom yo e l ap fè elèv la konnen li ta dwe al lakay li, fanmi elèv la dwe vin chache l pi vit posib. Yo pa pral pèmèt elèv la pran bis oswa transpò piblik pou l al lakay li. Gade pwosedi ranvwa a lè elèv la prezante ak sentom yo petèt COVID la.

Chak kanpis pral gen yon espas ki rezève pou elèv ki gen sentom yo tann, ki separe ak biwo enfimiyè a. Elèv yo pral ret tann la jiskaske yo vin pran yo. Sèlman enfimiyè a oswa lòt anplwaye avèk PPE ki apwopriye yo pral pèmèt nan espas la ak elèv la.

Si elèv la ak yon moun ki gen COVID-19 la:

- Epi yo lakay yo lè yo aprann yo te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19 la, yo ta dwe rete lakay yo epi fè tès la 4 oswa 5 jou apre dènye kontak yo.
- Epi yo nan lekòl la lè yo aprann yo te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19 la, yo pral mete mas pou rès tan yo nan lekòl la epi y ap respekte distans fizik ki estrik. Brooke pral enfòmè fanmi yo pitit yo a te antre an kontak ak yon moun ki gen COVID la. Yo pa pral pèmèt yo pran bis oswa transpò piblik pou y al lakay yo. Yo ta dwe rete lakay epi fè tès la 4 oswa 5 jou apre dènye kontak la oswa pwòp izòlman yo pou 14 jou.
- Si yo evalye yon elèv e l soti NEGATIF, yo kapab retounen lekòl la yon fwa l pa gen sentom yo nan 24 èdtan. Si l san sentom yo tout tan, yo kapab retounen imedyatman apre rezilta negatif la. Yo dwe voye dokimantasyon tès negatif la bay enfimiyè lekòl la anvan li retounen lekòl la.
- Si yo evalye yon elèv, e l soti POZITIF, yo dwe rete lakay (eksepte pou yo resevwa swen medikal) epi suiv pwòp pwotokòl izòlman yo ki nan lis anvan an.
- Si yon elèv PA FÈ TÈS LA, yo dwe rete lakay nan pwòp izòlman yo pou 14 jou depi lè sentom yo parèt la

Ranvwaye Elèv la lè l prezante ak sentom ki ka COVID la

Apre enfimiyè lekòl la fin evalye elèv yo ki gen sentom yo ki gen rapò a COVID la, yo pral ranvwaye l lekòl la. Enfimiyè lekòl la pral kontakte gadyen an dirèkteman nan sitiyou sa. Si yon elèv pran bis pou l vin lekòl la, yo pa pral pèmèt li pran bis lekòl la pou rive lakay li epi yon gadyen dwe vin pran l/gadyen yo asiyen pi vit posib la.

Enfimiyè lekòl la bezwen enfòmasyon ijans pou chak timoun. Paran yo/gadyen yo ta dwe enfòm enfimiyè a epi/oswa biwo a, tout nimewo telefòn ki chanje moun y ap rele nan ka ijans lan dwe fè konn sa.